A-PDF Merger DEMO : Purchase from www



*Алпысбай Султанов (әдебий лақабы Алп Султан) әдебият сыншысы сыпатында кең жәмийетшиликке «Қарақалпақ прозасында Шыңғыс Айтматовтың поэтикалық дәстүрлери атлы» монографиясы менен кеңнен таныс. Ол әдебияттың дерлик барлық жанрларында өз талантын сынап көрген әжайып дөретиўши инсан.*

*Өзбекстан жазыўшылар, журналистлер аўқамының, кино ғайраткерлери бирлеспесиниң ағзасы, Қарақалпақстан жаслар аўқамы сыйлығының лауреаты оның бул он үшинши китабы.*

*Әдебият сыншысы, жазыўшы, шайыр, киносценарист ҳәм драматург Алпысбай Султанов Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтында усталлық етиў менен бирликте «Сәният» көркем өнер журналының Бас редакторы хызметин атқарады.*

ISBN 978-9943-346-10-9
9789943346109

«ҚАРАҚАЛПАҚСТАН»

83.3Кк
С-94

АЛПЫСБАЙ СУЛТАНОВ

# КӨРКЕМ ӘДЕБИЯТТА ФИЛОСОФИЯЛЫҚ ОЙ-ПИКИР

83.3кк
С-94

ӘЖИНИЯЗ АТЫНДАҒЫ НӨКИС МӘМЛЕКЕТЛИК
ПЕДАГОГИКАЛЫҚ ИНСТИТУТЫ

*Алпысбай СУЛТАНОВ*

# КӨРКЕМ ӘДЕБИЯТТА ФИЛОСОФИЯЛЫҚ ОЙ-ПИКИР

*(Әдебий-философиялық, илимий-методикалық, эссе-мемуарлық мақалалар)*

НӨКИС
«ҚАРАҚАЛПАҚСТАН»
2009

Султанов А.
Әдебиятто... 
6000с.
14674

***Алпысбай СУЛТАНОВ «КӨРКЕМ ӘДЕБИЯТТА ФИЛОСОФИЯЛЫҚ ОЙ-ПИКИР»*** *(Әдебий-философиялық, илимий-методикалық, эссе-мемуарлық мақалалар)* Нөкис. «Қарақалпақстан» баспасы, 2009. 128 бет.

Әдебият сыншысы, жазыўшы, шайыр ҳәм драматург Алпысбай Султановтың (әдебий лақабы-Алп Султан) бул китабына оның соңғы жыллардағы жазылған әдебий-философиялық, илимий-методикалық, эссе-мемуарлық мазмундағы мақалалары киргизилген. Бунда автор әдебият ҳәм көркем өнер шығармаларына, оны дөретиўши уллы тулғалар өмирине жаңаша ой менен, философиялық көзқараста қатнас жасайды, олардың әпиўайы көзге көринбес қырлары ҳаққында шеберлик пенен сөз етип, талант ийелериниң ҳақыйқат келбетин бизге ашып береди.

Алпысбай Султановтың ой-пикирлери, көзқараслары өзгелердикине усамайтуғын, қайталанбас идеялары менен айрықша қунлы.

Китап әдебиятшылар, философлар, зиялылар, лицей-колледж, мектеп оқытыўшыларына, жоқары оқыў орынларының студентлерине, кең жәмийетшиликке арналып, қолланба ретинде шығарылып отыр.

***Пикир билдириўшилер:***

**Базарбаев Б.Ж.** —*философия илимлериниң докторы, профессор*
**Пахратдинов Ә.** —*Филология илимлериниң докторы, профессор*
**Алламбергенов К.** —*Филология илимлериниң докторы, профессор*

***Жуўаплы редактор:***

**Қурамбаев Каримбай** —*Филология илимлериниң докторы, профессор*

ISBN 978-99-43-346-10-9

**© «Қарақалпақстан» баспасы—2009**

*Әдебият жасаса-миллет жасайды.*
*Шолпан*

## КИРИСИЎ

Ата-бабаларымыздан бизге мийрас болып қалған, ғәрезсизликтиң шарапаты менен өсип, раўажланып атырған қарақалпақ әдебияты халық даналығының, әдебий-философиялық ой-пикирдиң ғәзийнеси, оның сарқылмас булағы десек, асыра айтқан болмаймыз.

Ғәрезсиз, еркин, демократиялық жәмийет ҳәм ҳуқықый мәмлекет қурып атырған суверенли республикамыз ушын ҳәзирги дәўирде сиясий, социллық турмыс салаларында, сондай-ақ гуманитар илимлердиң басқа тараўлары менен бир қатар философия ҳәм әдебияттаныў илиминде де жаңаша ойлаў ҳәм еркин пикирлеў оғада зәрүр.

Әсиресе, баспа сөз ҳәм ғалаба хабар қураллары арқалы көркем әдебиятымыз ғәзийнесине келип қосылып атырған түрли жанрдағы шығармалардың философиялық көзқарастан изертлениўи бүгинги күн ушын жаслар тәрбиясында айрықша әҳмийетли екенлиги сөзсиз. Бул Өзбекстан Республикасы Президенти И.А. Каримовтың әдебият ҳәм көркем өнерге тийисли сөзлеринде мудамы өз тастыйықланыўын таппақта.

2009-жылдың 24-июнь күни Президент Ислам Каримов Өзбекстан жазыўшылар аўқамының баслығы Б. Алимовты қабыл етип, Аўқам хызметиниң нәтийжелигин арттырыў, миллий әдебиятымызды раўажландырыў бойынша жазыўшылар, әдебий жәмийетшилик алдында турған актуал ўазыйпалар ҳаққында сәўбетлесип, бул мәселелер бойынша ҳәр тәреплеме пикир билдирген еди.

«Айтайық, заводта ислеп шығарылған буйым — саат яки машинаның сыпатына баҳа бериў мүмкин, лекин дөретиўшилик мийнеттиң жемисине усындай баҳа бериўге бола ма? Егерде бул мәселениң мәнис-мазмуны дурыс түсиндирилип барылмаса, жылт етип шыққан жас талант ийесине мүнәсип баҳа берилмесе, оны дөретиўшилик истен суўытып, қәбилетин сөндирип таслаў ҳеш гәп емес. Бул болса гәўҳардың қәдирине жетпестен, оны топыраққа көмип таслаў менен барабар, десек асыра айтқан болмаймыз.

10-1058
14674

Жуўмақ соннан ибарат, әдебий процеске, шайыр хәм дөретиўшилердиң мийнетине баха бериўде жүдә нәзиклик хәм итибарлылық пенен жантасыў керек», — деген еди Президент...

Биз билемиз, совет ҳүкимранлығы хәм коммунистлик идеологияның үстемлик етип турған дәўиринде үлкен-үлкен әжайып тулғалар, таң қаларлық талантлар тек ғана уллы державалы мәмлекетлер менен халқының саны көп миллетлерден, көбирек батыстан, ямаса орыс халқынан шығады, деп ойлаўға үйренип кеткенбиз. Сонлықтан биз усы дәўирге шекем миллий әдебиятларға А. С. Пушкинниң ямаса М. Ю. Лермонтовтың, М. Горький ямаса В. Маяковскийдиң, М. Шолохов ямаса Л. Леоновтың тәсирлери ҳаққында көбирек сөз еткенбиз.

XX әсирдиң орталарына келип, Орта Азия халықлары әдебиятынан М.Әўезов, А.Қадырий, Айбек, А.Қаҳҳар, А.Бегимов, Ж.Аймурзаев, Ш.Айтматов, Ә.Нурпейсов, К.Султанов, С.Ахмед, Қ.Мырзалиев, Т.Жумамуратов, И.Юсупов, Т.Қайыпбергенов, сыяқлы талантлардың туўылыўлары, олардың пүткил әдебият аспанының жулдызларына айланыўлары, жәҳәнге даңқ таратыўы бурынғыдай бир тәреплеме пикирди бийкарлап, бизди жаңаша ойлаўға ийтермелейди.

Булардың изинше өз шығармалары менен танылған М.Сейтниязов, Ш.Халмурзаев, У.Хошимов, Ш.Сейтов, А.Әрипов, Е. Вахидов, Т.Мәтмуратов, К.Рахманов, М.Юсуп, С.Ниетуллаев киби дөретиўшилердиң әдебият ғәзийнесине қосқан үлеслери де айрықша итибарға ылайық.

Көркем әдебияттағы философиялық ой-пикир мәселесине бағышланған бул әдебий-философиялық, илимий-методикалық, эссе-мемуарлық мақалалар жыйнағында көбирек ғәрезсизлик жылларында жаратылған қунлы поэзиялық хәм прозалық дөретпелер талқыланып, олардың идеялық әҳмийетине айрықша дыққат аўдарылды, дөретиўшилердиң инсаныйлық пазыйлетлерине итибар қаратылды.



## 1. ДӨРЕТИЎШИЛИК ФИЛОСОФИЯСЫ ҲАҚҚЫНДА БИРЕР СӨЗ

Көркем әдебият пенен философия әййемнен өз-ара тығыз байланыста жасайды. Буған көплеген мысаллар, дәлиллер келтириў мүмкин. Лекин көркем әдебиятта философиялық ой-пикир ямаса дөретиўшилик философиясы ҳаққында биз еле жетерли дәрежеде сөз етпей атырмыз. Ал туўысқан халықлар әдебиятында бул әлле қашан илимий-изертлеўлер обьектине айланып кетти десек, асыра айтқан болмаймыз. Өйткени 1981-жылы Ленинградтың «Наука» баспасынан шыққан «Современный... роман. (Философские аспекты)» китабы, қырғыз жазыўшысы Ш.Айтматовтың 1998-жылы Москвадан оның 70 жыллығына арналып басылған 7 томлығындағы социология хәм тарийх илимлериниң докторы, академик Рустан. Рахманалиевтиң «Жизнь, равная вселенной (философия творчества Чингиза Айтматова)» атлы алғы сөзи бизиң бул пикиримизге дәлил бола алады.

Француз жазыўшысы Эмиль Золяның «Жерминаль» («Жеги қурт») атлы романы бар. Бул шығарманың улыўма сюжетинде адамлар жердиң үстин қойып, оның астын да геўлеп, барлық байлықларын суўырып алып, ақырында өзлери де, жер омырылып, туңғыйыққа түсип кетеди. Буннан жазыўшы: адам мудамы өз-өзине қаслық етеди, гейде оны өзи де билмей қалады, ақыр соңында ол жемтикке тойып, өзин-өзи жоқ ететуғын — жеги қуртқа мегзес мақлуққа айланады, деген пикир шығарады. Бул философиялық шынлық!

Буны ҳәзир биз өз көзимиз бенен көрип отырғанымыз жоқ па?! Ҳақыйқатында ҳәзир пүткил атмосфера, хаўаны да түрли жоллар менен патаслап, Чернобыль апатын да пайда етип, Аралды қуртып, пүткил планетаға зиян келтирип атырған өзимиз емес пе?!

Бул ҳаққында философ шайыр Ибрайым Юсупов былай деп жазады:

*Тәбиятты қорлап, жәбирин тартсақ та,*
*Бузық пейлимизди ақлап жүремиз,*
*Суў бермей Аралды өзимиз қуртсақ та,*
*Аллергияны да соннан көремиз.*

Мине бул бир қарағанда әпиўайы болып көрингени менен инсан пейлиниң унамсыз тәреплерин анық ашатуғын, дурыс философиялық жуўмақ.

Буған қазақ шайыры Қәдир Мырзалиевтиң мына қатарлары оғада жупкерлесип келеди:

*Адам дейин мен Сизди*
*Адам дейин,*
*Бирақ неге ийтликке адам бейим?!*
*Муҳаббаттың тусында лап-лап етип,*
*Суў сепкендей болады соннан кейин!*

*(Қәдир Мырзалиев. Таңламалы шығармаларының көп томлығы. Алматы. «Қазығурт» баспасы. 9-том, 2001-жыл, 338-бет)*

Булар турмыслық, сюжетлик детальлар менен сүўретленген жанлы штрихлар емес пе?! Буның пүткил инсаниятты терең философиялық ойларға жетелейтуғынына ҳешким гуман келтире алмайды.

Усы көз қарастан алғанда талантлы шайырларымыздың бири Төлепберген Мәтмуратовтың мына қосық қатарлары еске келеди:

*Ойланба, дейди докторлар,*
*Ойланбай жүриў мүмкин бе?!*
*Қыйланба, дейди докторлар,*
*Қыйланбай жүриў мүмкин бе?!*
*Ойланбай қалай тураман!*
*Қыйланбай тапқан бир сомның,*
*Пайдасы болмас бир күнге...*

Бул қатарлардың өзи азы-кем сиясатқа, публицистикаға усаса да, ол сөзсиз философиялық идея, бул шайырдың гуманистлик ойы, «адамзат не ушын бир-бирине қас, душпан» деген мәңгилик сораўға жуўап излеўи. Бунда өткир идея, оны сәўлелендириўши поэтикалық шеберлик-импровизация, ой толғанысының өзине тартымлы ийрими, лиризм менен оның терең динамикасы көринип тур.

Қарақалпақ әдебиятындағы терең ойшыл, ҳақыйқатшыл, философ шайырлардың бири — Мәтен Сейтниязов бир қосығында былай дейди:

*Гейбир достым*
*Маған онша қызба, дейди,*
*Биймәлеллик минезиңди*
*Бузба!-дейди.*
*Дәрья музлап қалмас па екен*
*Қызбасам мен?!*
*Сең тығылып қалмас па екен*
*Бузбасам мен?!*
*Өзи келип тиймесе екен*
*Тиймес ем мен!*



Қараң... Бул қатарларды қалай таллаў мүмкин?! Әдебият сыншылары менен социологлар бундағы психологиялық салыстырыўлар, жана қосық формасы ямаса жоқары адамгершилик ҳәм тағы басқа тәреплери ҳаққында айта бериўи мүмкин. Ал бизге бул жерде, философиялық көзқарастан алғанда, ой тереңлиги, пүткил дүнья ҳәм жаратылыстың бир пүтинлиги, олардың бир-бири менен байланыслы екенлиги ҳаққында пикирлер жүргизиўге туўра келеди. Солай етип, улыўма диалектика ҳаққында, адамлар минез-қулқы ҳәм ана тәбияттың заңлылықларының да өз-ара уқсаслығы ҳаққындағы ойларға таласаң.

Ана тәбияттың уқсаслығы ҳәм мәңгилиги, оның қудиретли күшин шайыр И.Юсупов өзиниң «Мәңги булақ» поэмасында былайынша философиялық пикир менен тастыйықлайды:

Адам келер-кетер, ақылы қалар,
Инсан ақылы — абиҳаят булағы,
...Адам мәңги емес — тәбият мәңги!

Ал Қәдир Мырзалиев болса, бул өмирге көзқарасын былай билдиреди:

*Он миллиард халық бар жер устинде,*
*Он миллиард!*
*Солардың бәри жалғыз!*
*...Хаялының жанында байы жалғыз,*
*Хаял жалғыз жанында күйеўиниң!*
*...Әке жалғыз қоршаған ул ишинде,*
*Ана жалғыз жанында жалғызының!*
*...Патша жалғыз*
*Соншама қатын менен*
*Ул ҳәм қыздың шуўлаған арасында!*
*...Жалғызлық ол қудайдың идеясы...*
*...Планета дегениң жети ағайин,*
*Сол жетеўдиң ишинде Жер де жалғыз!*
*...Он миллиард болған менен адам саны,*
*Жалғызлардың әсири мына әсир,*
*...Бир жалғызға бир жалғыз күн көрсетпей,*
*Тағы да бир тасбаўыр өтти әсир!*

*(Жоқарыда көрсетилген шығарма. 109 — 114-бетлер)*

Бул халық даналығындағы «Атадан алтаў туўылсаң да, Ўатаныңа жалғызсаң» деген шынлықты тағы бир мәртебе уқтырады. Булардың барлығы дөретиўшилердиң өмирден философиялық дурыс жуўмақ

шығарыўға талпыныслары, пүткил инсанияттың, жаратылыстың сырлы жумбағын терең түсиниўге қарай атқан сәтли қәдемлери деўге болады.

Философия сыяқлы көркем әдебият та өлимниң заңлы екенлигин мойынлайды. Мәселен, қарақалпақ жазыўшысы Төлепберген Қайыпбергенов «өзиңизге өлим тилейтуғын пайытларыңыз бола ма?» деген сораўға: «болады, өйткени бул дүнья гейде маған күтә тар хәм қараңғы... Қәйткен менен де хешбир инсан бул дүньяда мәңгилик емес ғой... Наўқаслықтың хәм асқан ғаррылықтың төсеклеринде көп жатқызбай... аңсатырақ, ...жасы үлкенлигимди есапқа алып, алды менен маған өлим бергейсең, деп тилейтуғын пайытларым көп болған» деп жуўап береди.

*(Т.Қайыпбергенов. Қарақалпақпан.Тәўекелшимен. Нөкис. «Билим» 2003-жыл. 101— 103-бетлер.)*

Қазақ шайыры Қ.Мырзалиев болса, өзиниң «Пайғамбар жасы» дәстанында былай дейди:

*Өмир сүриў—*
*Ойланыў бул өлимди,*
*Жаман ырым, деп оны санамаңыз. (149-бет.)*

Минекей, жоқарыда көрсетилген мысаллардан мәлим болғанындай, көркем әдебият бизди қоршаған орталықты, тәбият хәм инсан өмирин өз қоспалылығы менен сәўлелендириўши дүньятанымның бир бөлеги болып, онда философиялық (озық ойлы, терең пикир) идеялық қурал сыпатында көринеди. Соның ушын да көркем ойпикирдиң эстетикалық заўқы, оның көздиң жаўын алатуғын рәңбәрәң гөззаллықлары менен поэтикасын, улыўма инсаный дүньятанымның бул тараўдағы байлығын хәм оның обьективликке, гуманистлик мақсетлерге муўапықлығын хеш қашан умытыўға болмайды.

## 2. МУХАББАТ ФИЛОСОФИЯСЫ

*Муҳаббат хәм қосық азаплы әрман,*
*Сол еки есикте өлиўге барман*

*И.Юсупов.*

Шайыр айтқандай, инсанды пүткиллей билеп алатуғын, оны өлимге қайыл ететуғын азаплы әрман, тең-тайы жоқ иләжийда сезим — бул муҳаббат. Ол әйемнен баслап философияның баслы машқаласы болып келген хәм еле де болып қала береди. «Муҳаббат



өзиниң туўысқанлары болған жек көриўилик, қызғаншақлық, дослық хәм аналық сезимлерден кейин пайда болған» деп пикир жүргизеди айырым философлар. Бул пикир дурыс бола қояр ма екен? Муҳаббат хаққында ең әйемги грек әпсаналарында, ал классик дәўирде, (буннан 25 әсир бурын) хәттеки руўхый муҳаббаттың теориялары Сократ, Платон, Аристотель тәрепинен жазылғанына қалай қараўға болады? Ал оннан да бурынғы греклердиң муҳаббат қудайлары ше? Салыстырып қарайтуғын болсақ, «Гильгамеш хаққында поэма», «Илиада»дан мың жыл бурын пайда болған. Онда бурын жырткыш хайўанлардың арасында жасаған Энкиду, сүйиўшилик арқасында пүткиллей өзгеше болып кетеди, адамға айланады.

Муҳаббаттың пайда болыўы Египет руўхый мәдениятының буннан басқа да тараўларында жүз берди. Сол дәўирлердиң өзинде, (буннан шама менен 3,5 мың жыл бурын) египетлилер әжайып мүсин, скульптуралық портрет — Нефертитидиң басын жаратады Онда соныңдай жоқары эстетикалық дәреже, соныңдай жоқары руўх сәўлеленген, муҳаббатсыз буның иске асыўы мүмкин емес еди. Эхнатонның Нефертитиге муҳаббаты уллы муҳаббат тарийхынан бизге мәлим болғанларының биринниси еди. Жүзлеген жазыўларда, онлаған скульптура хәм бейит үсти таңбаларында фараон өзиниң Нефертитиге деген муҳаббатын жәриялаған хәм бул муҳаббат хаққындағы аңыз-әпсаналар әўладтан-әўладқа жетип келген.

Әййемги антик дәўир муҳаббатын толық түрде «антик дәўир эросы» деп атаўға болады. Бул өзине тән муҳаббат алды басқышы, онда улыўмалық, тәбийийлик басым, онда басқа да тири мақлуқларға тән нәрселер бар. Мәселен, Зевс Европа менен енисиў (қаўышыў, жынысый қатнаста болыў) ушын буғаға айланады, ал Посейдон болса Деметраның муҳаббатына сазаўар боламан деп атқа айланады. Аңыз-әпсаналарда қудайлар сүйгенине жақынлаў ушын басқа адамлардың көринисин өзине алады. Мәселен Зевс Алкменаға, оның күйеўиниң Амфитрионның келбетинде келеди, мине усы ушырасыўдан Геракл туўылады.. Хинд мифологиясындағы қудайлар да, усындай исти ислейди. Мәселен, Индра, данышпан Гаутаманың көринисинде оның хаялы Ахальеге келеди. Буның барлығы — қудайларға хаялдардың жуўап ретиндеги муҳаббаты керек емеслигин көрсетеди, олардың муҳаббаты индивидуал сезим. Олар тек өзиниң қумарын тарқатыўы керек, олар өз-ара қатнас хаққында ойламайды, демек ол еле муҳаббатқа айланбаған хәўеслик.

Әпсанадан әпсанаға өтип муҳаббаттың бахасы, оның адамзат өмириндеги әхмийети асып барады. Класслық дәўир келместен

бурын көплеген грек шайырлары муҳаббат ҳаққында, оны өмирдиң ең баслы қуўанышы сыпатында жазған еди. Афродитаның муҳаббат ҳәм гөззалық қудайы болыўы да тосыннан емес. Сонлықтан да муҳаббат алдындағы қорқыныш, олардың барлық трагедияларының бас темасы. Эсхилдиң «Агаменон», Софоклдың «Геракл», «Патша-Эдип», Еврипидтиң «Медея», «Электра»сында-муҳаббат бул инсан ис-ҳәрекетиниң ҳәрекетке келтириўши күши, ол адамлар ушын азап-ақырет ҳәм қорқыныш, өлим ҳәм сатқынлық. Геракл муҳаббат жолында ақыл-ҳушынан айрылып, ҳаялы ҳәм балаларын өлтиреди, кейин өзи де Деянираның муҳаббатының қурбаны болады. Өз әкеси Лайды өлтирип, өз анасы Иокастаның ери болған Эдип, бул туўысқанлық ҳаққында билип, өзиниң көзлерин ойып алады. Греклер ушын бул теңи-тайы жоқ қорқынышлы бахытсызлық болды. Баласының анасы менен дастықлас, төсеклес болыўы аўыр гүнә еди. Буның барлығы қаяқтан алынған? Не ушын дослық пенен душпанлық дусласып жүреди? Не ушын қаналаслық қан менен жуўылыўы керек? Не ушын өмирде бир-бири менен тығыз өмир сабақлары менен жалғанып турған адамлар бири-бирине өлим инам етиўи керек? Греклер өмирдиң мәнисин өзинше түсингиси келеди. Өмир олар ушын ҳәмме нәрсениң араласып кетиўи, оның күшлерин бир-бирине қарсы қойып, греклер оның мәнис- мазмунына жетпекши болады.

Муҳаббат психологиясындағы жаңа басқышларды (б.э.ш. I.ә.) рим шайырлары Овидий, Гораций, Вергилий өзлеринше сыпатлайды. Оларда муҳаббат бурын көрилмеген жаңа қәсийетлерге ийе болады. Бундай жағдайларды биз Светонийдиң «Он еки Цезарьдың өмири» шығармасында да көремиз. Онда айтылыўынша императорлар муҳаббат мәселесинде хештеңеден тартынбаған, олар халқынан да уялмаған. Олар сүйгилиги етип, Калигула сыяқлы, өзлериниң әжепақарындасларын, Нерон қусап, өзлериниң аналарын да алған. Бул нәпсин тыя алмаўшылық — антик муҳаббаттың айрықша қәсийети, олар ҳаққында көплеген әпсаналар ҳәм қосықлар жазылған. Грек легендалары арасында бизиң көпшилигимиз билмейтуғын, Геракл-дың он үшинши ерлиги ҳаққында аңыз бар. Бул оның ҳақыйқый муҳаббат ерлиги еди. Патша Эврисфейдиң пәрманына муўапық Геракл бир түнниң ишинде Феспийдиң қырық тоғыз қызын ҳәмледар етеди. Бундай ерликти Равана да ислеген. Ҳинд мифологиясындағы ракшаслардың жаўыз ҳәм қорқынышлы патшасының жүзлеп ҳаялы болған, ол ҳәр күни олардың барлығы менен ушырасар екен. Бул жерде муҳаббат қудирет күшке ийе, шеннен тыс, қутырыңқы түске ийе. Буның барлығы антик муҳаббатта барлық нәрсе тәбийий



рәўиште өткенлигин, хештеңе қадаған болмағанлығын көрсетеди. Троя урысы да Гомерде муҳаббаттан келип шығады. Әйемги адамлар ушын муҳаббат — бул пал ҳәм уўдың араласпасы, соның ушын да олардың трагедияларында бул нәрсе үлкен қорқыныш пенен жырланады.

Бир жыныстағы адамлардың арасындағы муҳаббат, тек ғана муҳаббатта емес, инсан өмириндеги бузықлық. Бундай «муҳаббат» адамзаттың жасаўы, өмир сүриўи ушын қәўип, өйткени онда әўладтың болыўы мүмкин емес. Усыған қарамастан әйемги греклер бир жыныстағы адамлар арасындағы муҳаббаттың қурбаны болған. Ҳәзирги айтылып жүрген «лесбиянлық» деген сөздиң өзи, нашар адамның нашарға болған муҳаббаты, туңғыш мәртебе тәрийп етилген мәкан-Лесбос атаўының атынан келип шыққан, оны әжайып лирикада жырлаған адамның өзи — белгили әйемги грек шайырасы Сапфо (б.э.ш. V әсир) лесбиянка болған.

Ал енди әйемги грек философы Платон шығармаларын ақтарып отырсақ, Грецияға Персиядан кирип келген, еркеклер арасындағы «муҳаббат» — муҳаббаттың ең жоқарғы түри сыпатында мақталады. Платон өзиниң «Пир» («Зияпат») атлы диалогында еркеклер арасындағы жынысый «муҳаббатқа» әпсанаўий ҳәм философиялық «тийкар» береди, онда муҳаббат — муҳаббат қудайы Эрот образында сәўделенеди. Эрот — инсанның (еркек ҳәм ҳаялдың) жаратылыстағы бир пүтинлигине қарай умтылады. Шығармада муҳаббат ҳаққындағы сәўбет қатнасыўшысы — Аристофан тымсалы арқалы адамлардың бурынлары ҳәзиргидей болмағаны жөнинде айтылады. Адамлар екеў болып бириккен — оларда төрт қол, төрт аяқ, қосқостан бет әлпети ҳәм қулақлар болған. Бул нәрсе оларды соныңдай күшли еткен, олар ҳәттеки қудайларға да қәўип туўдыра баслаған, буннан қәўипсинген Зевс қорқынышлы бул мақлуқларды екиге бөлип таслаўға мәжбүр болған. Сонлықтан күш пенен өзиниң бир бөлегинен айрылған тәреп, өз жуптысына қарай талпыныўын даўам еткен, усыннан ҳәр қыйлы жынысый, ҳәм бир қыйлы жынысый муҳаббат пайда болған. Мине бул ҳаялы да, балалары да болмаған Платонның дүнья қарасы.

Әййемги грек драматурги Еврипид (б.э.ш. 5-әсир ) қәрамат қызғаныш көринисин алған Медеяның Ясонға муҳаббаты ҳаққында жазады. Шынында қызғаныш муҳаббатсыз бола ма? Қызғаныш — муҳаббаттың көлеңкеси, көпшилик жағдайда жаўыз көлеңкеси. Ясон ушын Медея туўысқанларын өлтиреди, ал Ясон басқа бир нашарға үйленбекши болғанда, өз қарсыласын нышқырт етеди, кейин Ясоннан өш алмақшы болып, Қуяш қудайы Гелиостың ақлығы бул нашар,

Ясоннан туўған өзиниң еки баласын қурбан етеди. Әййемги греклер муҳаббатты бирнеше түрлерге бөледи. Олардың ең дәслепкилериниң бири — Эрот, қудайға айланған эрос. Эрот, яки эрос — бул қумарлық, ақыл-ойсыз муҳаббат. Греклер оны тап солай «эротомания» деп атады, бул муҳаббат мәселесинде ақыл — хуўштан айрылыў дегенди аңлатады. Шынында эрос — бул жынысый муҳаббат, усыннан «эротика»-муҳаббат искусствосы (өнери) келип шыққан. Буны дурыс сезе билген шайыр Мухаммед Юсуп бундай жағдайды төмендегише сүўретлейди:

*Қушақта демиктирип өлтире алсаң,*
*Жанымды ал, етпей аўара-сарсаң,*
*Қасларың дар болсын, шашларың арқан,*
*Сүй мени сүйиклим, соңғы сапар сүй.*
*Бизлер әзиз бенде, әжелдур үстем,*
*Асықпа деп мени буўмағыл, еркем,*
*Посаңнан демигип өлейин өлсем,—*
*Сүй мени сүйиклим, соңғы сапар сүй!*

Қарындасының жигит ағасына деген меҳир-муҳаббаты («филадельфиа») — бул Софоклдың «Антигона» трагедиясының ўақыясы. Әййемги греклердиң Фив қаласын гезекпе-гезек ағалы-инили Этеокл ҳәм Полиник басқарыўы керек еди. Шәртнамаға муўапық олардың бири басқарған дәўирде екиншиси дузде жүриўи тийис болған. Лекин Этеокл шәртнаманы бузады ҳәм инисине тахтты бериўден ўаз кешеди. Сонда қуўғында жүрген Полиник қаялының әкеси Аргос патшасын сөзине көндирип, Фиваға саўаш ашады. Лекин Фивалықлар жуўық арада берилмей, Аргос армиясының сәрдарларының барлығы дерлик бул урыста қурбан болады. Жекпе-жек урыска шыққан аға-инили Этеокл менен Полиник те саўаш майданында жан тапсырады.

Фиваның ҳүкимдары-Антигонаның дайысы Креонт тек ғана Этеоклды-қаланың қорғаўшысы сыпатында ҳүрмет пенен жерлеўди буйырады, Полиникти қутырған ийтлердиң ҳәм ғарға-қузғынлардың жеўи ушын көмиўсиз қалдырады Лекин Антигона буған шыдай алмайды. Ол жигит ағасын жерлемекши болады ҳәм бул ҳаққында сиңлиси Исменадан жәрдем сорайды. Бирақ Исмена буйрықты бузыўдан қорқады. Антигона бул исти бир өзи әмелге асырмақшы болады Өли денени қорғап турған гүзетшилер қозғалыўдан, әжағасының денесин қум менен көмеди, бирақ қайтып келген гүзетшилер дене үстиндеги қумды алып таслайды, Антигона екинши мәртебе



Полиникти қум менен көмиўге келгенде оны услап алып Креонттың қолына тапсырады. Ол Антигонаны тирилей табытқа салып, қыйналып өлиўге дуўшакер етеди. Фива халқы болған апатларға қарамастан Креонтты гүналайды, Антигонаның күйеўи, Креонттың улы Гемон да әкесиниң исине наразы болады. Бирақ, Креонт пикиринен қайтпайды. Көзашық Тиресийдиң ғарғыс айтқан гәплери ғана оны ойланыўға мәжбүр етеди, ол Антигонаны азат етпекши болады. Лекин Антигона асылып өледи, оның денеси үстинде Гемон жан тапсырады. Креонттың зайыбы Эвридика, баласының өлгенин билип, өзин өзи өлтиреди.

Солай етип биз еки ҳақыйқатлыққа дус келемиз — Креонттың ҳақыйқатлығы ҳәм Антигонаның ҳақыйқатлығы, мәмлекетлик ҳақыйқатлық ҳәм инсаный ҳақыйқатлық. Мине усы еки ҳақыйқатлық машқаласы шерек әсирден берли инсаниятта бәсеки туўдырмақта. Креонт ҳәм Антигона — кимдики дурыс? Антигона диний үрп-әдетлерди басшылыққа алады, өйткени адамның жаны, егер дене жерге көмилмесе, о дүньяға кете алмайды.

Муҳаббат философиясы... Оны ҳәрким ҳәрқыйлы түсинеди. Лекин ол бәри-бир әдеп икрамлылық философиясынан нәр алып жасайды. Соның ушын да муҳаббат ҳәмме нәрседен үстин:

*Әзелден дүньяның иси арасат,*
*Патша патшаларға келтирер апат,*
*Тек сени әйўемги алтын тахтыңнан,*
*Тайдырар киси жоқ, гөззал муҳаббат.*

*(И.Юсупов. Таңлаўлы шығармалары. 81 бет)*

«Тәбиятта таң қаларлық күшлер көп, бирақ адамнан күшли нәрсе жоқ» дейди Софокл. Солай екен, адамның күши ҳәм уқыбы жақсылыққа да, жаманлыққа да бағдарланыўы мүмкин. Бул жөнинде Аристотель өзиниң «Этикасы»нда: «ойлап табыўшылық тек сонда ғана жақсы, егер ол ийгиликли мақсетлерге хызмет қылса, өйтпесе ол жынаят» деп жазады.

*...Мийнети жоқ ҳалўадан,*
*Әйўандағы муз жақсы,*
*Поса алысып көрген периден,*
*Сепкили бар жүз жақсы,*
*Ишпесең де қымыз зор,*
*Қушпасаң да қыз жақсы,*

*Алыстағы алтыннан,*
*Қушақтағы нақ жақсы,*
*Опасы жоқ қатыннан,*
*Даўасы жоқ дәрт жақсы.*

*(Мухаммед ЮСУП. «Жақсы»)*

Муҳаббаттың барлық түрлеринен — мәңги ҳәм өзгермес идеялар дүньясына болған муҳаббат, жоқары жақсылық дүньясына — гөззаллық, ҳақыйқатлық дүньясына — муҳаббат үстин турыўы керек. «Платон муҳаббаты» дегенниң өзи де усы, гейде оны «еркек ҳәм хаял арасындағы сексуал емес муҳаббат» деп түсинеди адамлар. Бундай түсиник шыныңда қәте, оның болыўы да мүмкин емес, егер адамлар арасында ондай қарым-қатнаслар болса, ол муҳаббат емес, ал дослық.

*Айралық самалы ышқы гүлханын*
*Үрлеп бир жандырса сөндирип болмас*
*Әжел сазендениң алса да жанын,*
*Муҳаббат намасын өлтирип болмас.*

*(И.Юсупов «Орфейге». 61-бет.)*

Қарақалпақ шайырының бул қатарларында не деген ҳақыйқатлық жатыр. Уллы философ Платон айтқандай, «муҳаббат — бул өлмесликке талпыныў». Адамлар бала туўып, өзлериниң өлмесликке деген шөлин қандырады, ескиниң орнына жаңасын қалдырады, ал идеяға болған муҳаббатта адамлар өзгермес мәңгиликке тәни менен емес, ал жаны менен араласады, ол да мәңги ҳәм өлмес туйғы ғой, ақыры!

### 3. ЗИЙЎАРДЫ ЗАРЫ-ГИРЯН ЕТКЕН МУҲАББАТ

*Муҳаббат — бул өлмесликке қарай талпыныў*
*Платон.*

Биз мақаламызға эпиграф етип алған уллы философтың сөзинде не деген тереҢ мәни бар. Егер биз, өмир бар жерде өлим бар екенлигин еске алсақ, бул сөзлерден тек те адамыйзатқа тән сезим — муҳаббаттың алдына қойған мақсетин тереҢ түсиниўге болады.

Шыныңда да адам тек те муҳаббатта, тек муҳаббат арқалы ғана адам бола алады. Муҳаббатсыз ол ҳақыйқый өмирден бөлекленип



қалған толық мәнидеги маклук, ол муҳаббатсыз пайдалы ҳәрекет те ете алмайды, өзин де, өзгени де түсине алмайды.

Муҳаббат басқа адамды тереҢ мәнисте түсиниўдиң бирденбир усылы. Дене, тән қуўанышын көп нәрселер бериўи мүмкин, ал толық муҳаббат қуўанышын — тән ҳәм жан қуўанышын, тек те сүйген адамың бере алады. Бул қуўаныштың намыў-нышаны — сениң оған, оның саған бағышлаған муҳаббатың. Буны қарақалпақ әдебиятының бийик байтереги, классик шайыр Әжинияз былай жырлайды:

*Ай-әлип ким, ақ йүзиңдүр айни әлем әнўарий,*
*Бе-белиң қыпша дилбар, көзғанаң шахла ўәлий,*
*Те-тисиңдур дана-дана ләблериңниң паллары,*
*Се-сорып шийрин ләбиң қанадурман әй-пәрий,*
*Жым-жамалың көрмегенше зары-гирян Зийўарий.*

*(Әжинияз. Шығармалары. Нөкис. «Қарақалпақстан», 1994, 67-бет.)*

*Он екки пердеге еки тар десе,*
*Жигит сабырын жоўтар сөўер яр десе,*
*Зийўар айтар, ҳүр-перийлер бар десе,*
*Сендин өзге сөўер ярым йоқ мениң.*

*(«Йоқ мениң». 73-бет.)*

Егер адам философияның орайлық объекти болса, онда инсан муҳаббаты философиялық ой-пикирдиң ең баслы темаларының биринен есапланады. Муҳаббат әйемнен баслап философияның баслы машқаласы болып келген ҳәм еле де болып қала береди (Шет ел философлары З.Фрейд, М.Шелер, Э.Фромм, рус философлары Н.Ф.Федоров, В.С.Соловьев, Н.А.Бердяев ҳәм тағы басқалар бул жөнинде көп сөз еткен. Буны академик Ж.Базарбаев қарақалпақ әдебиятының мысалында Әжинияз, И.Юсупов дөретиўшилигине арнаған мақалаларында бирқанша сәтли ашып берген).

Биз жоқарыда атларын келтирип өткен шет ел философларының барлығы да өз мийнетлеринде жыныслық (эротикалық) муҳаббатқа бас дыққатты бөлген ҳәм оны ҳәр қандай муҳаббаттың парадигмасы, деп атаған. Муҳаббат бул тек ғана сезим емес, бул адам ушын сүйген жүреклердиң сәўбет, қарым-қатнас мүнәсибетинен алатуғын руўхый ләззети болып та есапланады, ол тек ғана тәнлердиң бирлиги болып қалмай, жанлардың ҳәм үнлеслиги.

Муҳаббат бул еки жоқары қәбилетли шахстың бирлик ауқамы, ал хәрбир шахс олардың бармақ излеринин уқсамаслығы сыяқлы қайталанбас тулға. Гәптиң шынына келгенде адамды инсан дәрежесине көтеретуғын да-муҳаббат. Буны Әжинияз қосықларынан да көриў мүмкин:

*Келтирсем ақыл ойымды,*
*Дүньяның жоқдур тойымы,*
*Азада қызлардың қойыны,*
*Жәннеттиң бағына мегзер.*

*(«Жазға мегзер». 41-бет.)*

*Сийнемди сийнеңе қойсам бир заман,*
*Зәрре ғубар қалмас, көңилде әрман,*
*Шийрин жаным болсын жолыңа қурбан,*
*Дегенде жаныма келән сәўдигим.*

*(«Сәўдигим». 81-бет.)*

Жәмийет раўажланған сайын муҳаббат социаллық, айрықша, әдеп-икрамлық мазмунға ийе болып, кем-кем адамлар арасындағы жаңа қарым-қатнастың үлгисине айлана баслайды. Сезимтал шайыр Әжинияз буны өз қосықларында аса данышпанлық пенен былайынша сыпатлайды:

*Ашық-ярсыз, бүлбил-гүлсиз,*
*Кийик-шөлсиз, сона-көлсиз,*
*Зийўар айтур, йүтсыз-елсиз,*
*Адам бир дийўана мегзер.*

*(«Көңлим мениң». 14-бет.)*

*Елинен айрылған дийўана болур,*
*Ярынан айрылған бийгана болур.*

*(«Айрылса». 33-бет.)*

Муҳаббат. Оның пайда болыўы менен тек ғана өмир қуўанышлары раўажланып қоймай, оның қайғы хәсирети, тәшўишлери оннан да бетер өседи. Социаллық хәм материаллық еркинлик жоқ заманларда олар адамларға айрықша бахытсызлық алып келди. Әлбетте, хәр қыйлы дәўирлерде, хәр қыйлы адамларда бул өзинше түске ийе болды. Деген менен инсанға бир нәрсе аттан анық белгили — муҳаббат адамларға тек те жақтылық алып келиў менен шекленбей, ол қараңғылық — зулмет те алып келеди, ол адамды жоқары шеклерге пәрўаз еттириў менен бир қатар, инсанның руўхын түсирип, женшип те таслайды. Бир қызық жери — муҳаббат хаяллардың еркеклер бағыныңқылығына түскен дәўирлеринде пайда болады. Бирақ, бул сырттан қарағанда ғана усындай. Хақыйқатында хаялды бағындырып, еркектиң өзи хаялдың тутқынына түседи. Еркектиң бул дәртли халатын қарақалпақ классик әдебиятында тек Әжинияз ғана нәзик хәм гөззал көринисте, жоқары көтериңки руўхта бере алады:

*Көңлим сәдебини бир-бир яздырып,*
*Қайта бастан гөне дәртим қоздырып,*
*Кәпир көзиң мусылманды азғырып,*
*Бийшара Зийўарды диннен бездирер.*

*(«Бозатаўлы нәзәлим». 69-бет.)*

*Тынбас кеше-күндиз көзим гирияны,*
*Болыппан мен аның бағры бирьяны,*
*Жисмимди өртеди дағы-хижраны,*
*Көзде яшым төкип кетти шул пәрий.*

*(«Бир пәрий». 74-бет.)*

Дәўирлер өтиўи менен муҳаббаттың баҳасы, оның адамзат өмириндеги әхмийети асып барады. Қарақалпақ әдебиятының классиги Әжинияз философ шайыр сыпатында буны дурыс сезип, оның әхмийетин дурыс баҳалайды. Ол қарақалпақ шайырларынан биринши болып, муҳаббат хаққында, оның ең баслы қуўанышы екенлигин тәрийплеп жазады:

*Жигиттиң шийрин тили хаялы болса,*
*Үйине қыдырып мийманы келсе,*
*Алғаны салланып барыны берсе,*
*Мийман күтсе, башқа иси болмаса.*

*(«Йошы болмаса». 40-бет.)*

INFORMATSIYALIQ RESURS ORAYI ... ATINDAG'I ... INV №
146774 101058

*Халайықлар ойлап қара,*
*Татыўласар кем-кем ара,*
*Дус болсаңыз яқшы яра,*
*Өмириң гүлистана мегзер.*

*(«Жазға мегзер». 55-бет.)*

Әжинияз ушын муҳаббат ҳәм гөззаллық бөлинбес түсиниклер. Сонлықтан да муҳаббат алдында бас ийиў, оның барлық қосықларының тийкарғы темасы. Муҳаббат бул инсан ис-ҳәрекетиниң ҳәрекетке келтириўши күши, ол адамлар ушын азап-ақырет ҳәм қорқыныш, өлим ҳәм сатқынлық.

*Алғыр қус хор болар балдан айрылса,*
*Ер жигит хор болар малдан айрылса,*
*Жасы жетпис үшке келген мамалар,*
*«Бахтым қара» дейди шалдан айрылса.*

*(«Қанатынан қайрылса». 36-бет.)*

*Зийўар айтар енди ҳалың не кешер,*
*Я шу күн, я таңла көрўаның көшер,*
*Бул дәртли басыңа ҳәрбир ис түшер,*
*Бийопа яр пәнин дуньяя яңлыды.*

*(«Яңлыды». 62-бет.)*

Басқа ҳешбир нәрсе менен өзгертип болмайтуғын, орны өтелмейтуғын нәрсе ғана муҳаббат. Егер буны еркектиң көз қарасынан айтсақ, онда сүйген нашарың — әпиўайы ғана нашарлардың бири емес, ал пүткил ҳаял атаўлының нәмиў-нышаны, оның бул айлы әлемде хасла теңи-тайы жоқ. Бул, әлбетте, сүйген адам ушын айтылған қағыйда. Инсан кәлбиндеги ең нәзик сезимди, муҳаббат психологиясындағы жаңа басқышты Әжинияз өзинше сыпатлайды. Онда муҳаббат бурын көрилмеген жаңа қәсийетлерге ийе болады:

*Бул дуньяның көрки адам баласы,*
*Сол адамның көкке жетер наласы,*
*Көңилдиң көп болар қайғы-жапасы,*
*Хош қылықлы сәўер ярдан айрылса.*

*(«Қанатынан қайрылса». 35-бет.)*



Қараң, бул жерде муҳаббат не деген қүдирет күшке ийе, сан мың түрли рәңбәрәң түске ийе. Буның барлығы муҳаббаттың ҳәмийше тәбийийлигин, өлмеслигин, мәңгилигин, инсан бар болса оның да бар болатуғынлығын көрсетеди. Демек, өмир — бул муҳаббат!

## 4.ҚАРАҚАЛПАҚ ПОЭЗИЯСЫНДА ФИЛОСОФИЯЛЫҚ ОЙ-ПИКИР

XX әсирдиң ақыры XXI әсирдиң дәслепки жылларында қарақалпақ поэзиясында ой-пикир, соның ишинде айрықша, философиялық ой-пикир үлкен әҳмийетке ийе бола баслады, ол шығармаға идеялық-эстетикалық бағдар ямаса көркем поэтикалық күш-қуўат бериўши сыпат болып қалмастан, адамзат ақыл-парасатының негизи, оның генезиси үстинде көркем әдебиятта пикирлеў дәрежесиниң тырнағы хызметин атқарып, дөретпениң сапасын да көрсетип туратуғын болды. Ҳақыйқатын айтқанда, ой-пикир түўдырмайтуғын қосық — қосық емес, ямаса ол уйқасқа қурылған мапазлық шығарма, яки публицистикалық сиясий шақырықлар ғана болып қалыўы тәбийий еди. Сонлықтан да әдебиятшылар менен философлар көркем әдебият пенен поэзиядағы философиялық ой-пикир мәселелерине көптен қызықсынып келмекте. Бул бағдарда философлардан Ж.Базарбаев, К.Худайбергенов, С.Сейтимбетов, Б.Утамбетовлардың бирқанша елеўли мийнетлери, монографиялары менен мақалалары, диссертациялары да бар. Деген менен оларда поэзия социологиялық бағдарда таллаўға алынып, көбирек XIX әсирдеги қарақалпақ шайырларының ўатан сүйиўшилик, гуманистлик идеялары сөз етиледи, ямаса олардың дуньяя қарас, дийге қатнасығы айтылады.

Ал енди биз XX әсирдиң соңғы жылларындағы XXI әсирдиң басындағы қарақалпақ поэзиясына нәзер тасласақ, оларда философиялық ой-пикирдиң басқа да бир қырларын көриў мүмкин. Мәселен, Ибрайым Юсупов «Үмит ағашы» қосығында былай дейди:

*Альпинисттей асылып тасқа,*
*Тамырлары тауға тырмасып,*
*Бойын созып жақты қуяшқа,*
*Өседи сол үмит ағашы.*
*Өртенгенде ҳүждан азабына,*
*Басыма ис түскен ўағында,*
*Үмитсизлик жарқабағына*
*Кәўипли аяқ басқан ўағымда-*

*Мен бараман оның дәргайына,*
*Дөңгеленип көзимниң жасы,*
*Сонда илажсыз жағдайыма,*
*Илаж етер үмит ағашы.*

*(Ибрайым Юсупов. Таңлаўлы шығармалары. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1992. 2-том. 11-бет.)*

Усы қатарларды әдебий-филологиялық көзқарастан таллағанда әдебиятшылар «бунда шайыр сабыр-тақатты жоқары қойып, үмит ағашын символикалық образ дәрежесинде шеберлик пенен сүўретлеген» деўи мүмкин. Ал философиялық ой-пикирди нәзерде тутып қарасақ, биз улыўма жаратылыс, тәбият пенен инсанията, адам сезимлериниң бирлигин, олардың органикалық ажыралмаслығын аңлаймыз, онда жаратылыстың анасы — тәбиятқа шағыныў, сыйыныўдың да белгилери бар сыяқлы. Ысаында да бизиң ата-бабаларымыздың ең дәслепки, ең әйемги диний салт-дәстүр хәм исенимлери де тәбиятқа сыйыныўдан басланған ғой. Қаран, Ибрайым Юсуповтың «Тырналар» қосығында инсан, адам сезимлери менен тәбийий жаратылыстың бири болған хайўанатлар, қуслар дүньясының да, улыўма инсанията пенен бирлигин сездириўши мынандай қатарлар бар:

*Не ис болса инсан пейлинен табар,*
*Ол қаст етсе терис ағар дәрьялар,*
*«Бул жер бизге харам!» дегендей олар,*
*Ах урып, қыйқыўлап барар тырналар.*
*Қусларды көлатсыз, теңизди суўсыз,*
*Қалдырған нәмәртлер қалмас сораўсыз,*
*«Ғарғысқа жолығып, бәри қалыўсыз,*
*Туқымқурт болғай!» деп барар тырналар.*

*(75-бет.)*

Бул қатарларды экология, ўатан сүйиўшилик көзқарасларынан сөз етиўге де болады. Бирақ терең философиялық түрде, улыўма инсанияттың ақыл-ой хәм сезим генетикасы көзқарасларынан қарағанда буны тәбият яки хайўанат дүньясына сыйыныў менен, соған шағыныў, жалбарыныўдың бир елеси сыпатында да аңлаў мүмкин.

Тәбият хәм жәмийет, тәбият хәм инсан өмириниң сығасқан, арпалысқан, гүреске толы мәселелерин өз-ара салыстырма түрде алып, терең философиялық ой жуўыртыў қарақалпақ поэзиясына соңғы жыллары батыл қәдемлер менен кирип келген Сағындық



Ниетуллаевтың көпшилик қосықларына да тән. Ол өзиниң бир қосығында:

*Жақсы нийет жаныңа сүйеў екен,*
*Хадаллықты көпшилик сүйеди екен,*
*Әдил адам сыяқлы жердиң де бул,*
*Жаманлықтан жүреги күйеди екен,— деп жазады.*

Шайыр хадаллықты, әдилликти, ҳақыйқатшыллықты усылайынша обьектив сәўлелендиреди. Ол гейде өмир философиясын жан түршиктирерлик, бирақ хадалый реалистлик картиналар менен береди. Мысалы, ол өмир менен өлимниң арпалысын, инсан өмириниң ўақытшалығы хәм қоспалалығын да былай жырлайды:

*Өмир менен өлим бирге*
*Себеби*
*Олар мәңги қатарласып келеди,*
*Өмир деген жанып турған от болса,*
*Жанған нәрсе түбинде бир сөнеди.*
*...Өмир менен өлим бирге*
*Себеби*
*Өмир жерге,*
*Әлемге нур себеди,*
*Әўлийеге сыртындағы аўылдың,*
*Изин үзбей олар келе береди.*

Мине бул сыпатларды нағыз талантлы сүўретши салған картина десек арзыйды. Мейли онда өмир трагизми басым болса да, ол бәри бир булжымас философиялық жуўмақ, мәңгилик өмир диалектикасы екенлигин хешким бийкарлай алмайды хәм булар асып-тасқанларды тәўбеге келтирип турары да сөзсиз.

Жоқарыдағы мысаллардан көрип турғаныңыздай, бизиң ең талантлы шайырларымыз нағыз философлар сыяқлы бул өмирдин түп мәнисин билиўге хәм усы улыўма адамыйзатлық мәселелерге байланыслы басқа да замандасларынан жуўап алыўға умтылады. Инсан өмириниң мағанасын шайырлар улыўма адамгершиликли, гуманистлик мақсетлер негизинде түсиндиреди. Әлбетте, бул үлкен философиялық, этикалық машқала болып есапланады. Усы көзқарастан әжайып талант ийелериниң бири шайыр Төлепберген Мәтмуратов:

*Өмир деген не бул?*
*Айтың адамлар?*
*Кем-кемнен өлимге жақын барыў ма?*
*Әжелдиң аўзынан аман қалыў ма?*

—деп толғанған еди.

Мине бунда шайырдың терең ойлы сораў таслаўының өзи айрықша философиялық, социал-психологиялық сыпатқа ийе. Оның философиялылығының және бир көрсеткиши сол, автор дөреткен қосық жудә кең хәм терең мәниске ийе болып, буны хәр тәреплеме талқыға сала бериў мүмкин.

Өмирдиң бундай әхмийетли, улыўма философиялық, әдеп-икрамлық хәм азаматлық машқалаларына Сағындық Ниетуллаев та терең қызығады, оларға өзинше жуўап бергиси келеди. Шайырдың лирик қахарманы бул мәселе хаққында бас қатыра отырып былай дейди:

*Өмир деген жарыс па?*
*Гүресиў ме?*
*Қыйынлықты жеңиў ме?*
*Тиресиў ме?*
*Ўақыт деген теңиздиң толқынында,*
*Өмир-кеме ескегин қуры есиў ме?*
*Өмир деген жылаў ма?*
*Қуўаныў ма?*
*Шукирлик пе?*
*Жақсыға*
*Жубаныў ма?*
*Келеп түсип кеткендей қолыңдағы,*
*Сабақ ушы жойтылған шубалыў ма?*

Көрип отырғанымыздай, шайыр өз қосықларында өмирди басқаларға қарағанда да кеңирек ойлап, түсиндиргиси келеди. Буны оның салыстырыўлары-ақ анық аңлатып тур. Ол өз сораўларына өзинше былай деп жуўап береди:

*Өмир деген мен екен,*
*Өзим екен.*
*Тирисинде адамның көзи екен.*
*Жасаў ушын айқасып жүретуғын,*
*Жүрегиңниң шыдамы-*
*Төзим екен.*



Ҳақыйқатында да ойланып қарасақ, бул дурыс философиялық жуўмақ. Хәрким өзи болмай, инсан тири жасамай, оның өмир хаққында ойлап, пикирлеўи де хасла мүмкин емес ғой. Сонлықтан шайырдың «төзим», яғный шыдамлылық, сабыр-тақат, гүрес хаққындағы сөзлери де өмир философиясына дәл келеди.

Усындай көзқарастан шайыр Төлепберген Мәтмуратовтың поэзиясына нәзер салсақ, оның өз ойларын психологиялық хәм этикалық, педагогикалық тәрептен де жүдә өткирлестирип бергенин көремиз:

*Адамгершиликтиң несин айтасаң,*
*Кеўил сандығында мисли зер болар,*
*Киси кеўлин қалдырыўға қорқасаң,*
*Кеўил қалдырғанлар кейин хор болар.*

—деп жазады ол.

Бунда да биз философиялық ой-пикирлерге тән салыстырыўлардың ең әжайып үлгилерин көремиз хәм шайырдың дурыс жуўмағы да хәр тәреплеме бизди қайыл қалдырады. Шайыр өмир диалектикасын философиялық көзқарастан ҳадал сүўретлеў арқалы өз идеясының терең ойлы өткирлигине, өтимлилигине ерискен. Демек поэзиядағы философиялық ой-пикир сол дөретпелердиң жоқары көркемлилик хәм поэтикалық, эстетикалық қәсийетлерин күшейтиўге де хызмет етеди, ол қосықты сылдыр уйқас, ойы сайыз қурғақ риторикадан қутқарады.

Улыўма бир тутас алғанда, поэзиядағы философиялық ой толғанысларының буннан басқа да бираз аспектлери баршылық хәм бул мәселе өз алдына кең түрде сөз етиўге ылайық әдебий-илимий хәм философиялық машқала болып есапланады.

## 5. «КӨЗДИҢ ҚАРАШЫҒЫ» РОМАНЫНДАҒЫ ФИЛОСОФИЯЛЫҚ ОЙ-ПИКИРЛЕР

Көркем әдебият-инсаният дүньятанымының бир бөлеги, оның образлы формасы. Оның хәр қыйлы жанрларында улыўма инсаный, гуманистлик, ўатан сүйиўшилик идеялары, адамның қуўанышы да, қайғы-хәсирети де тәсирли образлар арқалы көзге тасланады. Сонлықтан көркем әдебият хәм философияны егиз деп есаплаўға болады.

Егер биз бул мәселеге тереңирек дыққат аўдарып қарасақ, оны конкрет фактлер менен талқылайтуғын болсақ, Т. Қайыпбергеновтың «Көздиң қарашығы» романында философиялық ой-пикирлер

жүдә әдебий шеберлик пенен сәўлелengенин көремиз. Роман сюжети жәмийеттиң тубалаўшылық дәўириндеги конфликтлерине қурылып, барлық турмыслық материаллар сол жетписинши жыллардан алынған. Онда романның бас қаҳарманы Жақсылық Дәўлетовтың мынандай монологи бар.

«Апа...Мен мынандай нәрсеге түсиндим. Ҳәрбир адамда еки адам бар екен. Биреўи сөйлейди, ҳәрекет етеди, муҳаббетке бериледи, әлле кимлер менен тартысады, жәнжеллеседи, қәтеледи. Ал екиншиси оның ҳәрбир ҳәрекетине баҳа береди, қәтеликлери ушын айыплайды. Қайтып қәтелеспеўи ушын кеңес береди. Енди айт, апа, не ушын бул адамда үшинши адам жоқ. ...Ол, мәйли, сөйлесин, ҳәрекет етсин... бирақ ол хешким менен жәнжеллеспесин, қәтелеспесин... Әне, мен усы үшинши адамды қыдыраман, биринши нәўбетте өзимнен қыдыраман». *(Т. Қайыпбергенов. Көздиң қарашығы. Нөкис. «Қарақалпақстан», 1986, 303-бет.)*

Мине, бул бас қаҳарманның кеселханадан шығып киятырып, кемпир апасының мазарының басындағы айтып турған сөзлери. Ҳақыйқатында қаҳарманның бул пикирлери психо-философиялық сыпатқа ийе. Әдебий қаҳарман тилинен жазыўшы мынандай философиялық ой-түйинин келтирип шығарады.

«...Үшинши адам дегенимиз — хұждан пәклиги. Пәк хұждан — әлемниң көз қарашығы, әлемниң көз қарашығын қорғаў ҳәр инсанның қарызы ҳәм парызы...»

Романнан барлық идеялық-тематикалық, сюжетлик-композициялық өзеги усы философиялық пикирдиң әтирапына қурылған, ондағы қаҳарманлардың барлығы да ойшыл, өз идеяларына ийе адамлар. Олар өз ойларын пүткил әлемниң қубылыслары менен салыстырып, пикир жүритеди. Ал салыстырмалылық болса, бул философиялық түрде пикирлеўдиң негизи, себеби сол арқалы пүткил әлем, дүнья қубылысларының диалектикасы ашылатуғын бизге мәлим.

Дөретпениң усындай философиялық сыпатлы белгиси, оның дәслепки бетлеринен-ақ, әдебий қаҳарманлардың өз-ара сөйлесиўлеринен көринип турады.

«—Мен нар киби аўыр жүк көтерген жыллары, сиз еле аўзынан сарысы кетпеген палапан шығарсыз, бәлким, еле емизиктеги бала болсаңыз да, итимал...Есиңизде болсын, ғарры ат қандай жағдайда да жол таўып үйине қайта алады.

—Дурыс, гәп үйине жол таўып қайтыўда емес, көтерген жүгин алға қарай, бийик шыңларға қарай көтерип апаратуғын ат жөнинде айтқым».*(12-бет.)*



«Адам өз аяғында жүрмей турып, дүньяның қандай екенлигин сезбейди екен...Түйе үстинен қарасам-адамлар қуўыршақтай көринетуғын еди, ат үстинен қарасам-қозыдай көринетуғын еди, мен пияда қалғаны адамлар адам болып көринеди». *(106-бет.)*

«Көздиң қарашығы» романында көпшилик философиялық ойлар қаҳарман Жақсылық Дәўлетовтың пикирлеў дүньясына, оның образына көбирек сиңдирилген. Айрықша, балалық гезлериндеги Жақсылықтың кемпир апасы Айлар менен сөйлесиўлеринде, «жақсылық» ҳәм «жаманлық» ҳаққында пикирлесиўлеринде улыўма инсаный ҳәм философиялық сыпатлар басым. Жақсылық жас болыўына қарамастан кемпир апасына терең мәнили сораўлар береди.

«—Апа, дүньяда жақсылық көп пе, я жаманлық көп пе»...

—Қудай адамды тек жақсылық ушын жаратқан... Адамлар өзлерине-өзлери жаманлық қылығыдң соң үйренген... Ийтиңди қуўып жиберсең, жабайыласып, қасқырға айланады, өзиңди тислейди... Досларыңа ҳүрметиң кемейсе, душпаныңа айланады... Барлық жаманлықтың туўылыў себеби жақсылыққа бийпарўалық пенен қараўдың нәтийжеси. Дүньяда қанша жаманлық болса, сонша жақсылықтың айнығаны». *(72-бет.)*

Не деген терең психо-философиялық пикир.

Усындай философиялық ойлар, жақсы тилеклер, гуманизм менен де Айлар кемпир өз ақлығының дәслепки аты «Рәмберди»ни қайта өзгертип, «Жақсылық» деп қояды. Ол усы атты «Айлар қум»ның басына шығып, қатты қышқырып, әлемге жар салады. Роман сюжетине усы детальдың алыныўында да үлкен ой-пикирлер, гуманизм жәмленгенин көриўге болады. Сонлықтан бул дөретпениң идеялық-тематикалық қунлылығы, тек ғана ыдыраў, бийбастақлық, көз боямашылық дәўирин сынап-сүўретлеўден алысыраққа кетеди, ол философиялық сыпатқа ийе болып, автор онда инсан өмирине терең сүңгийди.

Жақсылық Дәўлетов мудамы қысынса да, қапа болса да, шексиз қуўанған жағдайда да, Айлар кемпирдиң мазарына барып, соған табынып-сыйынады, өз дәртлерин, қуўанышларын сыртқа шығарады. Бул ҳәрекетлерде жасырынып атырған философиялық мәни соннан ибарат, Дәўлетов мудамы адамның ишки дүньясындағы мәңгилик мәселени — «хұждан пәклигин — әлемниң көз қарашығын» излейди, тап соны оған Айлар кемпир, ямаса усы қойымшылық таўып беретуғын сыяқлы туйылады.

Жазыўшы романнан улыўма сюжетлик-конфликтлик раўажланыў барысында өмир, турмыс диалектикасын философиялық көзқарастан жүдә дурыс ашып көрсетеди. Бул Жақсылық Дәўлетовтың

жеке семьялық турмысында да, мухаббетке байланыслы сюжетте де айқын көринеди.

Ол орыс қызы Светланаға сүйип қосылған. Деген менен олардың арасында соңғы ўақытлары бираз түсинбеўшиликлер, анығырағы қарама-қарсылықлар келип шығады. Бириншиден, Жақсылық Дәўлетов жалғыз қызы — Айлар менен де шекленбей, және де перзент, бәлким..., ул перзент көргиси келеди... Бирақ, оған Светлана хәр түрли сылтаўлар менен қарсылық ете береди.

«—Базда Жақсылық «Светлана, билесең бе, мениң ағам да, иним де жоқ, жалғызбан,—деп қояды.

...Светлана бирден жуўап бермеген менен ериниң кеўилли ўақытларында;

—Билесең бе, Жақсылық, хәр адамда мухаббат биреў болады. Мениң мухаббетим саған хәм Айларға бөлинген, сениң мухаббетиң маған хәм Айларға бөлинген. Арамызда неше перзент туўылса, мухаббетимиз сонша бөлинип майдаланады,—деп жубатыўға тырысады.

—Түсин, Светлана, бала семьяның түйини. Семьяда бала қанша көп болса, ата-аналар арасында сонша күшли татыўлық болады...

—Жоқ, Жақсылық, бизлер Айларды бахытсыз қылыўға хақылы емеспиз.» *(74 бет.)*

Әне, бул еки түрли этикалық, философиялық көзқарастағы адамлардың арасындағы өз-ара тартыс. Жазыўшы оны әдебий конфликт, турмыслық қарама-қарсылық хәм өмир философиясы, миллий психо-философиялық тартыслы, қарама-қарсылықлы көзқарас иретинде де, объектив, реалистлик пенен шебер ашқан. Көркем прозада философиялық ой-пикирлер усындай аспектте де, жийи-жийи сәўлеленетуғынының бул айқын дәлили болса керек.

«—Сениң аўзыңнан «миннетдаршылық» деген сөз көп шығады. Маған да миннетдарсаң, Айларға да, саған билим берген мектепке де, оқыған институтыңа да миннетдарсаң. «Айлар кемпирдиң қумы» етегинде төрт жасар гезинде нан берип кеткен солдатты еле излейсең. Миннетдаршылықтан қашан қутыласаң...Билесең бе, Жақсылық, интеллигентлердиң аўзынан «миннетдарман» деген сөз кем шығыўы тийис. Сонда жан сезимлериң еркин болады, ойларың кеңейеди.» *(75-бет.)*

Светлананың бул пикирлерине тереңирек дыққат аўдарайық, ол жеке инсан руўхының барынша еркинлигин көлеп турған жоқ па.

Демек, бул да өмир диалектикасы, ал оның объектив хәм реал сүўретлениўи дөретпениң философиялық сыпатын тағы да көтерип, шығарманы оқыўшының кеўлине қонымлы етип тур.



Улыўма алғанда, жазыўшы Т.Қайыпбергеновтың дөретпелери менен әдебий қахарманларының философиялық ой-пикир жүргизиўши сыпатлары, оның тутас дөретиўшилигиниң кем-кемнен тереңлесип хәм өткирлесип баратырғанлығын көрсетеди.

Деген менен бул тенденцияны барлық қахарманлар образын жасаўға қоллана бериў, бизиңше, онша мақул еместей сезиледи. Мәселен «Көздиң қарашы»ғында завмаг иниси Ержан Сержановтың үйинде ўақытша жасап атырған Нуржан ғарғыға келип, жүдә астарлы, өзинше «ақыллы» гәплер айтады, ғарғыны ништерли гәплер менен түйреп-түйреп алады, Дәўлетовты бүркитке, Шәрийпаны шөжеге, палапанға, өзин түйе таўыққа теңеп сөйлейди. *(288-бет.)*

Бизиңше, пәмсиз хәм шеннен тысқары жағымпаз, эстетикалық талғамы жоқ, мәдениятсыз, тек ғана дүнья қуўалап кеткен завмагты булай «ақыллы», философиялық терең пикир айта алатуғын етип көрсетиў — бираз исенимсиз, логикаға қарама-қарсы хәм жарасықсызлаў сыяқлы көринеди.

Солай етип, пикиримизди жуўмақлап айтсақ, көркем реалистлик прозада философиялық мәселелер хәр түрли аспектлерде, хәр түрли көринислерде — сюжетлик-конфликтлик, композициялық бағдарда да, тутас образлар қалында, гейде айырым детальлық көринислерде де сәўлелене бериўи мүмкин. Олардың парқын ажыратып, жүйеге түсирип пикир жүргизиў хәм арнаўлы миййнетлер жазыўды, әдебиятаныў ушын да, философия ушын да әхмийетли екенлиги сөзсиз.

## 6. УЗАҚБАЙ ПИРЖАНОВТЫҢ ПИКИРЛЕЎ ДҮНЬЯСЫ

Хәркимниң ой-пикир дүньясы — оның жеке философиясы. Онысыз адамның өмирге көзқарасы, мүнәсибетин аңлаў мүмкин емес.

Журтшылық Узақбай Пиржановты жақсы прозаик, шайыр хәм шебер аўдармашы сыпатында жақсы таныйды. Ол алпысыншы жыллары қарақалпақ әдебиятының босағасын батыл түрде атлаған, өзиншелик жолы бар талант ийелериниң бири. Жазыўшының проза тараўындағы «Ақ тал астындағы ақшам», «Сүўрет» повестлери, сол алпысыншы жыллардың бас гезлеринде-ақ, Т.Қайыпбергенов, К.Султанов, Ш.Сейтов, С.Салиев, К.Смамутов шығармалары менен бирге, әдебиятымыздағы дәстүрий сүўретлеўлерден өзгеше, жаңаша пикирлеўдиң үлгисине айланды. Бул повестьлердеги лирикалық, лирико-психологиялық сыпатлар, қахарманлардың ишки дүньясын тереңнен сезиў, оның минез-қулықларын, сюжет хәм конфликтлерди, сыртқы қарсылықларда емес, ал олардың ишки пикирлерин-

деги қайшылықлар арқалы ашыў, өмир философиясын бере билиў, прозамыздағы жаңа бағдар сыпатында баҳаланды.

Жазыўшының дөреткен «Апрельдиң соңғы ақшамы», «Қарда қалған излер» повестьлеринде өмирдиң актуал мәселелери, бир әўлад пенен екинши әўладтың өз-ара қатнасықлары, «перзент — адам өмириниң гүли, оның келешеги, даўамшысы» деген идеялар, терең ойлылық, философиялық, жоқары әдебий шеберлик пенен ортаға қойылады. Мәселен, «Қарда қалған излер» *(Нөкис. «Қарақалпақстан», 1984.)* деген шығармасының атамасының өзи адамға терең ой салады. Оның атын не ушын булай қойды екен, деп толғанып отырсаң, «бийперзент инсанның өмири, қаншелли мийнет ислеп, ҳадал турмыс кеширсе де, ол қардағы излер сыяқлы, сол қар ериген соң жоқ болып кетеди» деген пикирди жазыўшы Сийпатдин ҳәм Палбийкениң өмир жолларының қырлы соқпақларын сүўретлеў арқалы тереңнен айтпақшы болғанын уға қоясаң.

Жазыўшы турмыстың картинасын бузжытпастан, бурмаламастан художник сыяқлы ҳақыйқый түрде сызады, бирақ олардың барлығынада да түсимпаз оқыўшылар ушын терең ой толғаныслары анық сезилип турады. Ол өз повестьлеринде басқа бир қәлем ийелери сыяқлы ўақыяларды қыян-кести, шым-шытырқы етип ала бермейди. Ал оларда ҳақыйқый инсан, адам характерлери, улыўмаинсанйилык, адамгершилик сыпатлар биринши орында турады.

Мысалы «Апрельдиң соңғы ақшамы» повестинде бас қаҳарман Қосберген деген ғарры келини ушын туўыў үйине таўық сойып, аўқат писирип әкелип, жас босанажақ келининиң тилегин тилеп, қараўылханада қонып шығады. Оның жас босанған келинине қан қуйыў керек болып атыр. Ғарры емлеўшилерге «қанды меннен алың» деп жалыныўда... Ал оның баласы — босанып атырған келиншектиң күйеўи болса, дәп қағып, мәсирип, той саўып жүр. Басқа бир еки жигит болса, түнниң ярымында мәс жағдайда, босанған келиншегине келип, қараўыл рухсат бермеген соң, дийўалдан асырылып түсип, ишке әйнекти сындырып кирип атыр.

Минекей өмир. Шығармада Қосберген ғарры қараўылханада отырып, усыларға баҳа берип, өзинше ой түйинине жете алмайды, биресе пешке сүйенип мүлгип кетеди, мүлгип отырып өзиниң өмирин де еслеп, алдағы турмысына да, көрип атырған түслери арқалы жорымал жасайды. Сөйтип атырып өз баласы туўралы: «бизиң маңқаның жүриси әнекей, қосық айтып жүрген жоқ, ол қосықты ермеклеп жүрипти» деп күйинеди. Мәс болып, келиншегиниң изинен келген жигитлерди көрип: «қалай деген менен бизиң баладан тәўир екен, ҳаялының изинен келипти» деп те қояды.



Повесть усылайынша сыртқы ўақыяларға емес, ал бас қаҳарманның санасындағы, ишки дүньясындағы елеслетиў, өткендеги ҳәм бүгинги ҳәдийселерди, келешекти де бир-бири менен салыстырыўға қурылған. Қарап отырсақ онда бир мезгиллик, бир ақшамлық ўақыялар ишиндеги көринислер негиз етип алынып, олар арқалы қаҳарманлардың ишки дүньясы ашылады. Ш.Айтматовтың «Әсирге татырлық күн» ҳәм тағы басқа шығармаларында қолланылған бул усыл, яғный повесттиң сюжет ҳәм композициясын субъектив психологиялық принципте дүзиў — У.Пиржанов дөретиўшилигинде де орынлы ҳәм жийи-жийи ислетиледи. Бундай усыллар жазыўшы шығармаларына сюжетти раўажландырыўда қысқалық, жыйнақлылық, қаҳарманлар характерин ашыўда тереңлик бағышлайды.

«Бир ўақытлар күндиз екеўимиз ыссыдан саялап, түнде ийин қосып отыратуғын скамейканың үстин ҳәзир аппақ қар басып атыр. Аппақ. Скамейканың қамасады. Скамейкаға жақынлай басладым, ҳәттеки қарын сыпырып таслап, отырғым келип кетти. Тораңғыллықтан пәрин үрпейтип, ҳеш нәрсе хош жақпағандай болып, еринпшеклик пенен шырқылдап отырған бир шымшық меннен үркип қашқан ўақытта, сәл силкинген жапырақлардан түскен қардың түйирлери қуяш нурына жилўаланып, зердиң қыйқымындай төгилип кетти. Жаңадан қыс өтип, бәҳәр келди. Соңынан жаз. Жазда тағы да соныңдай болып отырар ма екенбиз» дейди «Әрман» гүрриңиниң қаҳарманы.

Минекей, У.Пиржанов шығармаларынан тәбият пенен адам, тәбият пенен инсан руўхы арасындағы усындай байланысларды көрсетиўши бундай орынларды, улыўма жазыўшының тәбиятты сүўретлеўиндеги шеберлигин көрсететуғын мысалларды көплеп келтириў мүмкин. Олардың барлығында жазыўшының ҳақыйқатшыллығы, терең ойлылығы, гейде күўнақ, көтеринки романтика, гейде өкиниш, трагедиялық, қулласы, өмирдиң айнымаған сүўрети көз алдыңда елеслеп турады. Талантлы қәлем ийеси оларды сиясатластырып, идеологияға сәйкеслеп те көрсетпестен, ал оның нағыз өмирдегидей дәл сыпатын сызады.

Мысалы «Дөгерек жым-жырт» шығармасында өмирдиң қатал философиялық, трагедиялық тәрепи — өмирдиң ақыры өлим менен питетуғынлығы, өлим менен өмир арасындағы гүрес сәўлеленген. Гүрриңде еле балалығы басым Ғаббар қәбирстанға келип, гөне сандықтың ишинен гөне пулларды излеп атырғанда, ески китаплардың арасынан: «неге бул жерге келдиң, өлимиңе асығып жүрсең бе, асықпасаң да түбинде усы қәбирстанлыққа келип, мәңги уйқылайсаң» дегендей оған бир сур жылан басын қақайтады.

Усы бир кишкене көринистиң өзинен хәрбир оқыўшы өзинше логикалық ой жуўмағын шығарып ала береди. Ең баслысы бул жанлы сүўретлер заманласларымызды терең ойшыллыққа жетелейди, өмирдиң мазмунын дурыс белгилеўге жәрдем береди, тириге де, өлиге де адамгершилик қатнас жасаўға шақырады.

Шебер сөз зергери У.Пиржанов гейде қаҳарманлардың бир аўыз сөзи ямаса гейпара қыймыл-қозғалысларын бериў арқалы да, олардың әдеп-икрамлық, ишки руўхый сыпатларын, ямаса минез-қулық белгилерин, гейде дәл мәўриттеги ишки психологиялық ҳалатын тереңнен аңлата алады.

«Бир-биримизди көрмегенимизге де көп ўақытлар болды. Гейде түнлерде түсиме енип шығатуғынлығын қайтерсең. Сондай ўақытларда уйқым шайдай ашылып кетеди. Дастықта шашларының өрими тарқатылып, қасымда бийғам жатырған Дәнегүлди кең жайдың иши тарлық етип атырғандай, арманырақ ийтерип жиберемен, ол бир ыңырсып алады да, ерегисип атырғандай, ҳәкисине маған тығылып жатады...»

Бунда жазыўшының айтажағы не?

Ол, инсан ой-сезимлериниң шексизлигин көрсетип, ҳадал муҳаббатты қәстерлеп, өз ойларыңды тежеп, жүўенлеп, өзиңниң сүйген адамыңа ғана қосыл, өйтпесең усындай аўҳалға ушырайсаң, мораль-әдеп-икрамлық-бул сениң сүйген адамың менен жасаўың, ал сүймеген адамың менен қослас болып өмир сүриў — бул инсанийлық емес деп тур.

Оқыўшыларымыз, хәрбир қәлем ийеси шебер дөреткен усындай турмыслық көринислерди ақыл-парасат пенен сана-сезимнен өткерип, оларды сезимтал талғам ҳәм терең ой менен дурыс уғыныўлары лазым.

Жазыўшы Узақбай Пиржанов мине усындай философиялық пикир дүньясы басым талант. Оның шығармаларындағы дөретилген образлардың көп қырлы сырлары озық ойлы оқыўшыға унап қалатуғынлығы усыннан болса керек.

## 7. ҚАРАҚАЛПАҚ ПОЭЗИЯСЫНДА МИЛЛИЙЛИК МӘСЕЛЕЛЕРИНИҢ СӘЎЛЕЛЕНИЎИ

Хәрбир миллеттиң өзлигин терең аңлаўы, оны сана-сезиминиң бийик шоққысына айландырыўы миллеттиң өзине болған исениmin беккемлейди. *Миллий руўхыйлық* ең дәслеп тарийхый қубылыс екенлиги менен ажыралып турады. Ол бир күнде, бир жылда, хәттеки бир әсирде де толық қәлиплесип болмайды.



Миллий руўхыйлықтың тарийхы миллеттиң руўхый қәлиплесиў процеси менен байланыслы. Миллет бар екен, миллий руўхыйлық болады. Миллий руўхыйлықты жоқ етиў мүмкин емес.

*Қара табан, қара пуқара.*
*Бабам ғайбар киси болған,*
*Көкиреги ақ, қалпағы қара,*
*Жаў менен тек иси болған.*

Қарақалпақ шайыры Ибрайым Юсупов қәлемине тийисли бул қатарларда миллийлик мәселелери сәўлеленген, ол бизиң миллетимиздиң өтмишинен, ата-бабаларымыздың кимлер болғанынан, хәттеки олардың кең пейилли минез-қулқынан дерек береди.

Миллийликте әдеп-икрамлылық принциплер менен бир қатарда инсан өмиринде күнделикли ушырасатуғын әдеп-икрамлық нормалар есапланған *ҳадаллық, ырасгөйлик* те үлкен әҳмийетке ийе. Олар ҳүждан түсиниги менен байланыслы болып, инсанның мүнәсибетлериниң пәк болыўын талап ететуғынын биз билемиз. Қарақалпақ классик шайыры Әжинияздың мынандай қосық қатарларына қараң:

*Өтирикти ырас етип айтпаған,*
*Туўры жолдан бас кессе де қайтпаған,*
*Нәмәҳрәмди ҳасла жолдас тутпаған,*
*Аты қарақалпақ еллерим барды.*

Бунда ҳадаллық ҳәм ырасгөйлик сыяқлы әдеп-икрамлық нормаларға сай турмыс кеширетуғын, әзбердес сахрайы халықтың сыпаты берилген, оқып отырып, усындай мәрт халықтың әўлады екенлигин мақтаныш етеди хәр бир киси.

*Миллий руўхыйлық* дәслеп *миллий санада* раўажланыўы менен характерленеди. Миллий сананың раўажланыўы — миллий өзликти аңлаўға жетелейди. Миллий руўхыйлықтың тийкарғы белгиси ҳәм өзеги *миллий әдеп* саналады.

Өтмишсиз келешек жоқ. Өзлигин билиў — бул ғәрезсизликтиң бизге берген ең үлкен жемиси. Елин, жерин улылаў, оны жырлаў хәр бир талант ийеси ушын мәртебе, дөретиўши тулға алдында турған ўазыйпалардың бири. Миллетин, халқын мақтаныш етиў, әсиресе, шайырларымызға тән қәсийет. Оны биз Сағындық Ниетуллаевтың төмендеги қосық қатарларынан айқын көре аламыз.

*Бас кийимин басындай-*
*Ол қәдирли көрипти,*
*Миллетиниң атына, оның атын берипти.*
*Сөйтип жүрип ол өзи, ел атағын алыпты,*
*Не заманлар өтсе де, баста қалпақ қалыпты.*
*Соннан бери қалпағын, тасламастан кийеди,*
*Қарақалпақ атын да, өзиниң ол сүйеди.*

Усылар менен бир қатарда бизиң миллий руўхыйлығымызда *қарақалпақшылық, миймандослық* сыяқлы түсиниклер де бар. Олар миллетимиздиң ең жақсы үрп-әдет дәстүрлериниң биринен есапланады. Үйине мийман келсе не барын дастурханға қойып күтетуғын, сойыслыққа мал таба алмаса астындағы минип жүрген жалғыз атын сойып беретуғын халық — бул қарақалпақлар. Қарақалпақшылық деген де олардың усындай кең пейиллигинен, ақ көкиреклигинен, қолының жазықлығынан, сақыйлығынан келип шыққан әдеп-икрамлылық пазыйлет.

«Мийман келсе есиктен, ырысқы келер тесиктен» деп нақыл айтады бул адам жатырқамайтуғын, жайдары минезли халық. Орысиятта жүрип нанбайдың «нан же» деп иркенин көргениңиз бар ма? Ал бизде ше, Ибрайым шайыр айтқандай:

*Тандыр жапқан жеңгейлерден бар мирәт,*
*Руқсат жоқ аўыз тиймей өтиўге...*

Бул «үйине бир күн мийман келмесе, байғус анасының шайы қонбайтуғын» қарақалпақлардың қанына ана сүти менен сиңген үрп-әдет дәстүри. Сонлықтан да олар «бүгин бизиң үйге мийман келеди, мийман менен бирге ийман келеди» деп үлкенинен жасына шекем қосық айтады.

Миллий руўхыйлықта-*миллий туйғы* үлкен орын ийелейди. Егер биз басқа журтқа сапарға шығар болсақ, ол жерде миллий нама яки қосықларды еситип қалсақ, тула-денемизди әжайып бир сезим ийелеп алады, оннан руўхый азық аламыз, ләззетленемиз.

Ата—ананы, жасы үлкенлерди хәм кишилерди, досты хүрметлеў де миллий руўхыйлығымызға киреди.

Бизге бурыннан мәлим хәм ең уллы принцип — бул *Ўатанды сүйиўшилик.* Ол инсанның өз Ўатанына мухаббатын қәдирлеп-қәстерлеўге қаратылған әдеп-икрамлық түсиник.



Ўатанды мақтаныш етиў, оның хәрбир қарыс жерине, таўытасына, илим-пән, көркем өнердеги жетискенликлерине мехир менен қараў, оны көздиң қарашағындай етип сақлаўдың өзи ўатанды сүйиўшилик есапланады. Ибрайым Юсуповтың төмендеги қосық қатарлары бизиң бул сезимимизге дәлил бола алады:

*Жат журтларда өлди Овидий Назон*
*Ўатан айралығы шайырды жықты,*
*Зер я гәўхар емес, қалтасынан соң*
*Түйиўли бир қысым топырақ шықты.*

Инсанның ең бир әжайып пазыйлетлериниң бири — *пидайылық.* Биз ели-халқы ушын жанын аямаған миллет пидайыларын жақсы билемиз. Қарақалпақ халқы Мурат шайық, Оразан батыр, Маман бий, Айдос бий, Ерназар бий, Аллаяр Досназаров қусаған жигербент перзентлерин хеш қашан умытпайды. Олар әўлад ушын пидайы өмир сүриўдиң үлгиси болып қалған. Себеби олар жүрегиниң, хұжданының хәмири менен жасаған инсанлар.

*Мийнетсүйиўшилик, жақсылық ислеў, тынышлық, дослық, ҳадаллық, ўатаншыллық* хәм т.б. улыўмаинсаный руўхыйлық саналып, ол хәрбир халық, миллетте өзине тән рәўиште көринеди.

Өзинен үлкенлерди, ата-аналарды хүрмет етиў, перзентлер ҳаққында ғамқорлық қылыў да улыўмаинсаный, руўхый қәсийетлери менен ажыралып туратуғынлығын ядтан шығармаў керек. Хұждан, миннет, халықлар дослығы да улыўмаинсаный руўхыйлық дизиминен орын алады. Бул түсиниклердиң миллети жоқ. Ол барлық миллет, халық ушын бирдей тән. Лекин олардың хәммеси тек те миллий түрде пайда болады. Улыўмаинсаный руўхыйлықта биз миллий руўхыйлықтың ең жоқары, ең бийик көрсеткишлериниң пүткил жәхән көлеминде жәмленген бирлигин көремиз.

Өзиниң раўажланыўы ушын хәрбир миллет улыўмаинсаный руўхыйлық ғәзийнесинен пайдаланыўы, оған сүйениўи тарийхый зәрүрлик. Бунысыз заманағөй, алдыңғы миллет болып жетилисиў мүмкин емес. Улыўмаинсаный руўхыйлық байлықларынан пайдаланыў миллий шекленгенлик қабығынан шетке шығыўға, дүньяны кеңирек көре билиўге үйретеди.

Егер миллий руўхыйлық болмаса улыўмаинсаный руўхыйлықтың болыўы мүмкин емес, улыўмаинсаный руўхыйлықсыз болса, хәзирги заман жетилискен миллетлери болмайды. Миллетлер улыўмажәхән, улыўмаинсаный руўхыйлықтың жаратыўшылары есапланады.

Ислам Каримовтың айтқанындай: «Бизиң миллий қәсийетлеримиз улыўмаинсаный қәдирияатлар менен байланысып кеткен. Әсирлер даўамында халқымыз улыўмаинсаный қәдирияттың қәлиплесиўине үлкен үлес қосқан. Түрли миллет ўәкиллерине хүрмет, олар менен татыўлықта жасаў, диний кеңпейиллик, дүньялық билимлерге умтылыў, өзге халықлардың алдыңғы тәжирийбелери хәм мәдениятын үйрениў киби қәсийетлер де халқымызда әзелден бар». Улыўма жәхән, улыўмаинсаный руўхыйлық болса хәзирги заман алдыңғы миллетлери раўажланыўының дереги, таянышы хәм негизи есапланады.

Бийғәрез Өзбекстанымыздың раўажланыўында миллий хәм улыўмаинсаный руўхыйлықтың мине усы диалектикалық байланысын есапқа алыў дәўир талабы. Буны болса Президентимиз Ислам Каримов руўхыйлық хаққындағы сиясатты ислеп шығыў хәм әмелге асырыўда есапқа алғанлығының биз гүўасымыз.

Атап айтқанда, Президентимиз «Өзбекстанның өз ғәрезсизлик хәм раўажланыў жолы» шығармасында «Миллий мәдениияттың өзине тәнлигин тиклеўге айрықша итибар берилиўи керек. Соның менен бирге миллий өзин-өзи анлаўдың тиклениўи жәхән инсаны сүйиўшилик мәденияты хәм қәдирияатлары идеалларынан, бизиң көп миллетли жәмийетимиз дәстүрлеринен ажыралып қалыў мүмкин емес» деп тастыйықлаған еди.

Ғәрезсизликти беккемлеў, саламат әўладты тәрбиялаў, жетик инсанды қамалға келтириў жолындағы тәрбиялық ислерди миллий руўхыйлығымыз байлықлары менен бирге улыўмаинсаный байлықлардан пайдаланыў негизине қурмағымыз лазым.

Бизиң жәмийетимиз этник топарлар хәм миллетлер ортасында усы аймақта жасайтуғын хәр қандай адамға өзин еркин хәм тең хуқықлы деп есаплаў имканиятын беретуғын өз-ара мүнәсибетлерди орнатыўға урынбақта. Биз қаншалық өз мәдениятымыз, руўхыйлығымызды хүрмет етпейик, соның менен бирге басқа миллетлер, жәхән халықлары руўхыйлығына да хүрмет пенен қараўымыз керек.

Сонлықтан да бизиң мақсетимиз: «Журтымызда хызмет етиўши бәрше инсанлар ушын миллети, тили хәм динине қарамастан, мүнәсип турмыс шараятын жаратып бериў, раўажланған демократиялық мәмлекетлердеги кепиллик берилетуғын турмыс дәрежеси хәм еркинликлерин тәмийинлеў»,—деп көрсетеди И.А.Каримов.



## 8. ШЫҢҒЫС АЙТМАТОВ БЕРДАҚ ХАҚҚЫНДА

Қарақалпақ халқының классик шайыры Бердақ Ғарғабай улының дөретиўшилиги хаққында көплеген илимий монографиялар, докторлық хәм кандидатлық диссертациялар, түрли жанрдағы әдебий шығармалар жәрияланды. Лекин солардың ишинде белгили қырғыз жазыўшысы, Мийнет Қахарманы, бирқанша жер жүзлик сыйлықлардың лауреаты Шыңғыс Айтматовтың бизиң классик шайырымызға берген бахасы айрықша әхмийетли орын ийелейди.

Ең дәслебинде, 1978-жылдың 14-мартында «Жас Ленинши» (хәзирги «Қарақалпақстан жаслары») газетасы арқалы «Бердақтың ақлық-шаўлықлары, сизлерге ағалық сәлем» — деп қарақалпақстанлы оқыўшыларына арнаўлы хат жолдаған еди ол.

Кең жәмийетшилик сол жылы қарақалпақ әдебиятының классири болған Бердақтың150 жыллық мерекесин салтанатлы түрде белгилеп өтти. Сонда шайырдың Нөкисте өткерилген әнжуманына пүткил жер жүзи халықлары әдебиятының танымалы ўәкиллери қатарында қырғыз жазыўшысы Шыңғыс Айтматов та шақырылған еди. Туўысқан қырғыз халқынан шыққан атақлы сөз зергериниң Бердақ Ғарғабай улының дөретиўшилигине берген туңғыш бахасы мине усы дәўирге тийисли.

«Талантлы қарақалпақ халқының уллы демократ шайыры Ғарғабай улы Бердақтың аўыр тәғдири, қайтпас поэзиясы, оның өз елиниң азамат улы болғанлығы жөнинде ойлағанымда пүткил әтирапымда көз жетпес қумлы шөл, жүрип жете алмас шексиз дала, көзди аштырмайтуғын ыссы самал хүким сүрген сахрада нешше мың тамыры жерге сиңип, тәбияттың бул зулым хүкимине төтепки берип ғана қоймай, қасарысып көрик алып, әйланасына көлеңке берип өскен көп жыллық шынар терек көз алдыма келеди» *(Бердақ. Өмур ырлары. Фрунзе. Кырғызстан. 1980. 5-бет.)* деп жазған еди ол.

Белгили қырғыз илимпазы Абдылдажан Акматалиев айтқандай, көп миллетли туўысқан халықлар әдебиятының бийбаха мийрасларының бири болған Бердақ шығармаларын қырғыз оқыўшыларына нәсиятлаўда Шыңғыс Айтматовтың үлеси уллы. *(А.Акматалиев. Ч.Айтматов Жана боордаш элдер адабияты. Фрунзе. «Илим». 1998, 18-бет.)* Ол қырғыз жазыўшыларынан биринщилерден болып қарақалпақ әдебиятына дыққат аўдарды. Бердақтың Фрунзе қаласында (хәзирги Бишкек) қырғыз тилинде шыққан «Өмир жырлары» атлы шығармалар топламына «Қумлы шөлдеги шынар терек» атлы алғы сөз жазды. Қарақалпақ классикалық әдебиятының байтереклери-

ниң бири болған Бердақ Ғарғабай улының шығармалары менен танысып, ол ҳаққында мынандай пикирлер жүргизди:

«Бердақ пенен бизиң Тоқтағулдың өмири, поэзиясы және тәғдири бири-бирине соныңдай дәрежеде үнлесип турады. Өйткени олардың екеўи де, теңдей мийнеткеш халықтың қатарынан шығып, екеўи де теңдей өз елиниң хош ҳаўаз бүлбиллери болған. Бердақ та бизиң Тоқтағулдай өз дәўириниң толық келбетин ашып бериўи менен әдебиятта үлкен абырой-атаққа ийе болады» *(Айтматов Ч. Кум чолдогу чынар терек. Бердах. Өмур ырлары. Фрунзе. Кыргызстан. 1980, 5-бет).*

Шынында да қарапайым халық арасынан өсип шыққан уллы сөз шебери Бердақ өз халқына, миллетине тийисли даналықты бойына жәмлеп, оны шығармаларында сәўлелендирип, инсан образын миллий мәдениятқа тән, туўысқан халықлардың улыўмалық үрп-әдет, дәстүрлери тәсиринде раўажландырды. Лекин дөретиўши тулға сыпатында өз жолына ийе Бердақ талантының жоқары баҳаланыўы, оның индивидуаллығында болса керек. Сонлықтан Бердақтың дана, ойшыл шайырлар қатары көклерге көтерилиўи тәбийий.

Шыңғыс Айтматов пүткил дүньялық цивилизациядан хабардар, ол жер жүзи халықларының әдебияты менен көркем өнерине, тарийхы менен фольклорына оғада қызығыўшылық пенен қатнас жасайтуғын жазыўшы. Бул оның шығармаларында, атап айтқанда «Ақ кеме»де — Мүйизли Ана Буғы, «Теңиз бойында жорткан ала төбет»те — Айым балық, «Әсирге татырлық күн»де — Ана Бейит, манқурт образларында өз сәўлелениўин тапқан, буларды автордың повесть хәм романларында шебер пайдаланғанының биз гүўасымыз.

Илимий мақсетте Шыңғыс Айтматовтың дөретиўшилиги ҳаққында монографияларды изертлеп отырғанымызда жазыўшының жеке архивинде қарақалпақ халқының тарийхына тийисли мынандай бир материалдың сақланып турғаны мәлим болды. Ол төмендеги текстлерден ибарат еди:

«XVIII әсирдиң ақыры XIX әсирдиң басында Хийўа ханы басқыншылық пенен қарақалпақларды өзине бағындырып алады. Ханның қарақалпақ елин басып алыўына урыў басшысы Айдос себепши болады. Хан оны қарақалпақ жериндеги өзиниң ең жақын адамы етип таярлайды. Бирақ Айдостың Бегис және Мыржық атлы қаналаслары Хийўа ханына бағынбай, оған қарсылық көрсетип турады. Хан олардың көзин жойтыў ағасы Айдостың ғана қолынан келетуғынын билип, сумлық етип, «мен өлгеннен кейин, мениң орнымды басатуғын мийрасхор болып қаласаң» деп оған хат жазады.



Ашкөз Айдос алданып, еки инисиниң геллесин алып, ханның алдына әкелип таслайды. Хан душпанларының басын көргенде кеўли көтерилип, сыртынан Айдостың елин бүлгиншиликке салып, ишинен болса оны қалайынша өлтириўдиң жолын ойлайды. Ханның қара нийетин сезген Айдос жолдасларының жәрдеми менен түн ишинде сарайдан қашып, үйине келеди. Сөйтип қарақалпақ билерин көтерип, Хийўа ханына қарай саўаш майданына шығады. Бирақ урыста ханнан жеңиледи, өзи болса өлимге дуўшакер болады. Айдостың Хийўада оқып атырған уллары Ырза менен Төре жағдайды түсингеннен кейин Хийўадан қашыўға оқталады, лекин олардың кейнине қуўғыншы түседи. Тирикликте олар жаўға берилмей, Әмиўдәрьяға шөгип өледи».

Бул қарақалпақ әдебиятының классиги Бердақтың «Айдос бий» легенда-поэмасының мазмуны, оны қырғыз жазыўшысы Шыңғыс Айтматовқа белгили әдебиятшы, филология илимлериниң докторы, академик М.К.Нурмухамедов айтып берген *(10-бет.)*—дейди илимпаз А.Акматалиев. Бул ҳаққында Өзбекстан Қаҳарманы, Өзбекстан хәм Қарақалпақстан халық шайыры Ибрайым Юсупов өзиниң «Еркин Қарақалпақстан» газетасы 1998-жыл 31-декабрь санында жәрияланған, Шыңғыс Айтматовтың 70 жыллығына арнап жазылған «Жәҳәнди «жаўлап» алған Шыңғыс» атлы мақаласында үлкен толғаныс пенен еске түсиреди.

Бердақ творчествосы тек қарақалпақ әдебиятында ғана емес, ал, бизиң көп миллетли Ўатанымыз әдебияты тарийхында үлкен орын ийелейди.

«Пушкин рус халқы, Шевченко украин халқы, Руставели грузин халқы, Наўайы өзбек халқы, Абай қазақ халқы, Мақтумқулы түркмен халықлары ушын қандай қәдирли болса, Бердақ та қарақалпақ халқы ушын соныңдай қәдирли. Бердақ — қарақалпақ классикалық әдебиятының шыңы.

Бердақ творчествосы өзиниң жоқары идеяльғы бойынша да, оның өмирди кеңнен сүўретлеўи бойынша да, жанрының көп түрлилиги бойынша да өзине шекемги хәм өзинен кейинги көп шайырлардан зият турады»*(«Совет Қарақалпақстаны» газетасы, 1978-жыл, 1-март.)* — деген еди қарақалпақ әдебиятының жетик билимданы, академик М.К.Нурмухамедов.

Илимпаздың бул сөзлери қырғыз жазыўшысының пикирлери менен оғада үнлес келеди.

«...Қырғыздың Алатаўының шоққылары көп. Олардың биреўлери бийик болса, биреўлери оннан да бийик, халқымызда усы бөлент

шоққыларды «туғ шоққы», яғный «туў шоққысы» деп атайды. Бердақ та көп миллетли туўысқан әдебиятының шоққысының бири» — дейди Шыңғыс Айтматов.

Бул сөзлерде қарақалпақ халқына, оның классик шайырына деген үлкен хүрмет-иззет бар. Ел-журтының сөйлер сөзи болған Бердаққа буннан артық теңеў-баҳа болмаса керек.

## 9. И. ЮСУПОВ ШЫҒАРМАЛАРЫНА ФИЛОСОФИЯЛЫҚ ТАЛҚЫ

Ибрайым Юсупов... Бул инсанның исми ядқа алынғанда кеўли елжиремейтуғын адам кемде-кем шығар. Оның өлими тек түркий халықлар әдебияты ушын емес, ал жәҳән әдебияты ушын үлкен жоғалтуў болды.

Халық арасында: «шайыр халқы еки өмир сүреди» деген гәп бар. Бул ҳақыйқат сөз, шынында. Себеби шайырдың өлмес шығармалары ел-халық қәлбинде мәңги сақланып қалады, зиялылар оны еслеп, дөреткен шығармаларының мәнис-мазмунын шағып, әўладтан-әўладқа жеткерип отырады.

Өзбекстанға ҳәм Қарақалпақстанға мийнети сиңген илим ғайраткери, Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлықтың лауреаты, философ-алым, академик Жуманазар Базарбаев усындай ийгиликли ҳәм әдиўли истиң жаратыўшысы болды. Академик С.Камалов, Қарақалпақстан халық шайыры У.Хожаназаров, профессор Б.Әбдикамаловлар пикир билдирген, филология илимлериниң докторы, профессор К.Курамбаев жуўаплы редакторы болған, Нөкистеги «Билим» баспасынан шыққан оның «Даналықы гөззаллыққа уласқан шайыр» атлы китабы Ибрайым ағаның дөретиўшилик мийнетин баҳалаўда, әжайып талант ийесиниң руўхый дүньясын улығлап, оқырманға жеткериўде тени-тайы жоқ қолланба хызметин атқарыўға кириcти.

Жуманазар аға менен бир кафедрада бирге ислескениктен хәр күни жумысқа келген пайытымызда, ол бизлерге Ибрайым Юсупов поэзиясы ҳаққындағы әдебий-философиялық ойларын илимий китап етип жазып атырғанлығын айтып, түн уйқысын төрт бөлип дөреткен мийнетинен үзиндилер оқып беретуғын еди. Сонда бизлер «бул китап қашан шығады екен-әй», деп тамсанып, топламның басылыўын асығыслық пенен күтип отырғанбыз. Мине енди бул шығарма жарық көрди.

Кирисиў ҳәм жуўмақтан басқа 4 бап, 16 параграфтан туратуғын бул китап, қолына алған оқырманды ҳәсла жалықтырмайды, оның



биринши бетин ашсаң, шайырдың философ алым көзқарасы менен тәрийпленген руўхый дүньясына кирип кетип, ўақыттың өткенин билмей, топламды ақырына дейин оқып шығасаң.

Қосық деген не? Философ алым Жуманазар Базарбаев бул сөзге жуўап берерде Л.И.Тимофеев, И.Венгеров, С.Тураев, Х.Ҳамидий, Ш.Абдуллаева, С.Ибрагимова, Н.Хатамов, С.Ахметов, Ж.Есенов, К.Жәримбетовлардың дүзген «Әдебияттаныў атамаларының түсиндирме сөзлиги»н арман ысырып қойып, оған өзинше философиялық аспектте анықлама береди.

«Қосықлар шайырлар тәрепинен таярланған руўхый мийўеге усайды. Бир аўыз қосық билмей, баласына ҳәййиў айта алмайтуғын адамлар өз баласының келешегине өзиниң ҳәлсиз тәсирин сезбей, дүньядан өтеди.

Инсанның дүньяда бар екенлигин аңлатып туратуғын қураллардың бири сөз болса... оннан пайда болған пикир-қыяллар қосықты пайда етип, ол ақыл дарағының мийўеси ретинде жүзеге келеди.

Улыўма мениң пикиримше шайырлардың қосықларын таллаў, гөззал қыздың кирпиклерин санап шығыў менен барабар сыяқлы көринеди. Сәўер ярдың узын кирпиклерин алжаспастан, асықпай-албырамай санаўға бола ма? Демек қосықты таллаў да, сондай... И.Юсуповтың талантлы поэзиясынан тәсир алыўымның нәтийжесинде, оның қосықларын таллаў арқалы поэзияның шийрин ләззетлерин жыйнап, оқырманларға бағдарлап, олардың мийрин қандырыўға үлес қосыўды ойладым»,—дейди автор.

Қарақалпақ шайырының дөретиўшилиги әдебиятшы илимпазлар тәрепинен бурын да бираз изертленген. Солардың ишинде Г.Есемуратовтың «Ибрайым Юсуповтың поэзиясы» (Нөкис, 1976), П.Ульяшовтың «Ветер земных дорог» (Нөкис, 1989), Ж.Нарымбетовтың «Сахра гүли» (Нөкис, 2001), Ж.Есеновтың «Поэзия жулдызы» Нөкис, 2003) китапларын атап өтиў орынлы. Булардың барлығы Ибрайым Юсуповты шайыр сыпатында көрип, оның шығармаларын әдебий талқыға алады, ал алым Жуманазар Базарбаев болса, бул инсанды философ ретинде сезип ҳәм түсинип, оның ҳәрбир сөзин философиялық көзқарастан таллап, оған ҳақыйқат, әдил баҳа береди. «Мен философ ретинде, белгили Платон айтқандай, әдебият ҳәм философия тиккилей байланыслы, деп есаплайман. Поэзия бул философия, адам философиясы, адам кеўил сезиминиң сәўлелениўи. Ал философия болса, өткинши бендениң мәңгиликке талпыныўы, деген даналықты басшылыққа алып, шайыр творчествосына әдебий-философиялық көзқарастан ой жуўыртып, оны ели-

мизде кәлиплесип атырған миллий ғәрезсизлик идеясының хызметине қойыўды мақул көрдим», — деп жазады.

Алымның басқалардан өзгеше сезимталлығы хәм көрегенлиги сонда, ол бизлер усы ўақытқа шекем онша итибар бермеген нәрселерди аңлайды. Ибрайым Юсуповтың Бердақ шайыр туўылғаннан кейин саррас жүз жылдан соң дүньяға келгенлигин, бул қуда хәмиринен пайда болған қубылыс, илимпазлардың изертлеўиниң көрсеткениндей, «тәбият хәр жүз жылдан дүньяға белгили даналарды әкеледи» деген пикирлериниң дурыс келетуғынына сәйкеслендиреди. Шынында да:

*Питпес иске жанды қыйнап терлеме,*
*Атларға урмасын ешектиң шаңы,*
*Алма түскен менен ахмақ геллеге,*
*Ашыла бермейди Ньютонның заңы,*

—деген қатарлар жоқарыдағы сөзлерди дәлили емес пе?

Усының менен Ж.Базарбаев Ибрайым Юсуповтың философ шайыр екенлигин дәлиллеп, оның өткендеги даналар сыяқлы сөзге бай, тилге шешен, хикметли сөзлер менен нышанаға дәл тийгизетуғынын мысаллар менен көрсетеди, оның усындай гөззаллық хәўеси менен зийнетленбеген қосығы шамалы, деп гөззаллықтың жарқын ойлар, өткир қыяллар менен қарысып кетип, даналық хәм гөззаллық диалектикасын дүзип, оқырманлар ойына ләззет беретуғынлығын баянлайды.

Автор әдебий процесске билегин сыбанып кирисип кетип, журтшылықты көптен берли ойландырып жүрген «илхәм» сөзиниң мәнисмазмунын образлы түсиндирип бериўге урынады. «Илхәм адамды ғәлплеттен оятыў ушын Алла тааланың инсан жүрегине сыйлық қылған уллы инамы», деп сыпатлап, «мине усы илхәм периси берген йош тулпары — Пегасты услап, оны ийт азаплар менен үйретип, минип, Ибрайым аға алпыс жылдан бери шаўып киятыр...» дейди. Шайырдың тирилигинде жазылған бул қатарларда, оның поэзиясының өмирбахый өлмеслиги де көринип турған жоқ па?! Китап авторы айтқандай, «нахақлықтан оның қабырғалары қайысты, лекин өзиниң хақлығы менен, өзине исеним, халыққа сүйениўи менен өзин жоқары услады, ол әл хәўадағы сұңқар киби өзин оққа алдырмады».

Ол өз дәўириниң адамы, хақыйқат патриоты еди. Соңлықтан елден-ерек, халықтан бөлек жасай алмады. Өзин орынсыз сынапминеўшилерге қосық қатарлары менен, ақыллылық пенен былай деп жуўап берди:

*«Сөйлеймен деп жүрип сениң сөзиңди,*
*Сениң қәтең менен қәтелескенмен».*

Ибрайым ағаның хешбир алып-салары жоқ поэзиясынан терип алып, мысал келтириўдиң өзи бир машақат, оның хәрбир қатары шеберлик хәм гөззаллық тымсалы есапланады. Китап авторы бул мүшкилли исти инабат пенен бежерген хәм олардың мәнисин шағып, таллаған:

*Гүмис жапырақларын үплеп абайлап,*
*Алып жүрдиң, үзип жемедиң бирақ,*
*«Неге екеў емес үш жийде булар»*
*Бәлким ким билипти үш балам болар.*

Бул «Әмира азаплары» қосығында оның гүзде суў бойында жийде дарағының уша басында ғарға-қузғыннан аман қалған үш дана жийделерди шақасы менен үзип, «үш жулдыз үзгендей айдың қасынан» алып келгени, оны келиншегине берген сезимлери еди. Усыларды мысалға келтирип, «улыўма Ибрайым ағаның 80-90-жыллары жазылған «Пазылет», «Орфейге», «Ядыма түсти», «Және келдим сениң қәбириң басына», «Әмира азаплары», «Бир қаса шай қолға алып», «Кеўил аспанымда жулдызлар сөник» хәм тағы басқа қосықлары мұңлының ахыў-зарының көркемлик пенен сәўлелениўиниң эталоны десе болады» дейди автор.

Академик Ж.Базарбаев шайыр дөретиўшилигине философиялық принциплерде турып жантасады. Ол поэзия, миллийлик мәселелери хаққында айта келип, «шынында поэзия бул миллий қубылыс. Лекин XX әсирдеги қарақалпақ поэзиясының хәмме ўәкиллерин миллий шайырлар, деп атаў қыйынырақ. Себеби миллийлик шайырдың миллий руўхы менен суўғарылған, миллет дәрти менен, миллет мәпи менен жасап, олардан шын мәнисиндеги миллеттиң хәўазы болыўын талап етеди» деп көрсетеди.

Автор сиясатшы сыпатында дөретиўши инсанның жәмийеттеги орнына тоқтап, ол хаққында тереқ ой жүўыртады, оны Ибрайым Юсуповтың данышпанлық тулғасы менен дәлиллеп бермекши болады: «Дағыстан шайыры Расул Гамзатов, адамның паспорты болса да, халықтың паспорты болмайды, оның паспорты сол елдиң

озық ойлы адамлары деген еди. Ал бизиң хүрметли шайырымыз өз елиниң паспортына айланған шайыр. Әлбетте халқымыздың ақыл-ой әлеминде оның орны бир шайыршылықтан әлле қандай үлкен. Ол тек шайыр ғана емес, хәттеки қарақалпақ деген атаманың синоними ретинде туйылады. Ибрайым Юсуповтың қәраматы қарақалпақтың аўзындағы сөзине, сөзи арқалы өзине айланыўында деп түсиниў керек. Оның шығармаларында қарақалпақтың халық ретиндеги болмысы, миллет ретинде келбети, азаматлық шырайы, образы хәм минези, иси хәм үмити, күши хәм ғайраты, инсанийлығы менен наданлығы, ақылы менен ҳийлеси, мәпи менен әрманы, тилеги менен нийети бәри бирден сыйып, мөлдиреп көринип турады. Демек оның шығармаларынан хәр бир қарақалпақ өзин көреди» дейди.

Өзбекстан қахарманы, Өзбекстан хәм Қарақалпақстан халық шайыры, Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлықтың лаўреаты Ибрайым Юсуповқа буннан артық қандай баҳа бериў мүмкин?

Философ-алымның айтқанындай, поэзия дүньяның жаңғырған хаўазы, шынлықтың ҳақыйқый сести. Оның нызамы өмирдиң өзиниң нызамы. Демек өмир нызамын басшылыққа алып, оның хәзлигин, абзаллығын түсиндириў ушын қәлем шайнаған шайыр адам философиясы менен тиллеседи. «Адамлардың ҳаслы бузық болса, оны хәттеки муқаддес жайларға зиыратлары да дүзете алмайды. Адамның ағласы — инсанийлық. Адам инсан дәрежесине жетпегенше жетилиспейди» деген жуўмаққа келеди шайыр қосықларын талқылаған автор.

Китапта сондай-ақ, нәпси, адам кеўли хаққында ой-пикирлер оғада көп. Оларға Ж.Базарбаев шайыр қосықларынан мысал келтиреди де, өзинше сыпатлама береди: «Адамның қарнын тойдырыў қыйын емес. Мийнет қылса несийбесине ылайық ырысқы табады. Ал кеўилди тойдырыў қыйынырақ. Лекин кеўилди тойдырыў ушын дәслеп оны табыў керек. Адамларға жақсылық етиў, кисилерге жаманлық етпеўден басланады» дейди ол.

Китапты оқып отырып тағы бир нәрсеге тәсийин қаласаң. Автор «сөзи муҳаббатқа, муҳаббаты қосыққа айланған шайыр»дың: «ақмақларды ақылына ендирип, ақыллыны мажнун қылар муҳаббат» деген қатарларын келтирип, муҳаббат хаққында «сүйемен, күйемен, өлемен» деп қосық жазып жүрген шайырлар Ибрайымды жақсылап оқып алса, ондай сары уўайымлылықтың оқыўшыға да, өзине де пайдасы жоқ екенлигин түсинип, мәниссиз бос сөзлерден туратуғын қосықлардан бас тартар еди» деп үмит етеди хәм адамзат тарийхы муҳаббат тарийхы, хәрбир әўлад, хәрбир инсан муҳаббатты өзине тән өмириниң көрки хәм жарасығы қылып, оның хешкимге усамайтуғын жолын таўып алады» дейди.



Бул дурыс ғой! «Қәбириңниң басында бир жақсы хаял, жылап қалмаған соң өлген болдың ма» деп жазған екен Ибрайым шайыр. Ол өлгенде тек бир хаял емес пүткил қарақалпақ халқы, пүткил түркий дүнья зиялылары жылады. Бул китап жылаған ғамгүн кеўиллерди жубатып, шайыр дөретиўшилигиниң өлмеслигин, оның мәңгилигин оқырман қәўимге көрсетип, терең уғындырыў ушын жазылған сыяқлы сезилди маған. Өзиниң 80 жыллық торқалы тойына кәдирдан иниси хәм замандасы, талантына тән берип, жазған мийнетлерин хүрмет ететуғын белгили философ-алым Жуманазар Базарбаев тәрепинен тартыў ретинде таярланған бул топламды Ибрайым ағаның көре алмай кеткени не деген өкинишли.

## 10. ШАЙЫР САҒЫНДЫҚ НИЕТУЛЛАЕВТЫҢ ДӨРЕТИЎШИЛИГИ

### 1. ЖҮРЕКТЕ ҚАЙНАП ШЫҚҚАН ҚОСЫҚЛАР

*Өмир деген,*
*Жақсы менен жаманның,*
*Айқасыўы, шайқасыўы, тебиси.*
*Машқаласы,*
*Тамам болмас адамның,*
*Таўсылғаны, ол да адамның кемиси.*

*(С.Ниетуллаев. «Өмир хаққында ойлар». Нөкис. «Қарақалпақстан», 2006, 94 бет.)*

Өмир. Оның шын мәнисиниң не екенлиги жөнинде ойлап, бас қатырмаған Адам шенде-шен шығар. Лекин оны көркем әдебиятта баҳалаў хәркимниң қолынан келе бермейди. Оны китаптың аты етиў де, батыллықтың белгиси. Философларға тән ақыллылық хәм ғайбарлық пенен буны түсиндириўге тәўекелшилик етиў мәртлик, шынында.

Жақында бир әжайып китап мениң қолыма түсти. Ол «Өмир хаққында ойлар» деп аталатуғын еди. Топламның авторы С.Ниетуллаев. Илгериде баспа сөзде жәрияланған «Қарақалпақ поэзиясында философиялық ой-пикир» деген мақаламда қосықларын таллағаным ушын ба, мениң атымды атап, «жақсы нийетлер менен» деп, қол таңбасын қойып, бул китабының бир данасын берип жиберипти.

Жырлар жазыўшы атын алып, прозада бул көлемде китап шығара алмай атырғанда, поэзияда достымның бунша қосықларды топлап үлгергенине сүйсинип кеттим. Дәрхал жаслық жыллар ядқа түсти.

Ол гезлери мен республикалық жаслар газетасында бөлим баслығы болып ислейтуғын едим. Мойнаққа дөретиўшилик сапар менен барғанда, оның үйинде қонақта болып, кешки аўқаттан соң, таң атқанша алмагезек Сағындық екеўимиз муҳаббат ҳаққында қосықлар оқып, үй бийкеси — Тамараны уйқылатпағанбыз. Жаслық тә, сол ўақытта муҳаббаттан басқа тема биймәлим еди бизлерге. Мине енди арадан жыллар өтип, сол достым — Сағындық Ниетуллаев өмир ҳаққындағы ойларын қосық етип жазыпты:

*Өмир қыйын екен, деп сен жылаcаң,*
*Ақпай қалған булақтай боп тынаcаң,*
*Хөтте достың күлетуғын заман бул,*
*Әрманыңның жолларында қулаcаң.*
*Тәғдир менен айқасаcаң, жулаcаң,*
*Түсинбейди басын оның сылаcаң,*
*Сен бийикке шыққан күнлеп адамлар,*
*Қыйланбайды,*
*Туңғыйыққа қулаcаң. (8-бет.)*

Жаслығында ҳәмме шайыр болады, дейди. Бул гәптиң дурыслығына исенбесем де, нәўқыран жаслықты басынан кеширген Сағындықтың шайыр екенлигине исенемен. «Мен саған ашықпан», деп муҳаббат ҳаққында, гөззал қызларға арнап, дүрким-дүрким қосықлар жазар еди ол. 1981-жылы өз алдына арнаўлы китап болып шыққан бул ышқы-сезимлердиң кимге арналғанын мен жақсы билемен. Дәслепки топламларында ол уялыңқырап, оның атын атамаса да, (ендиликте ғаррылықты мойынлады ма), кейинги китапларында оның атын аттан-анық айтып жазатуғын болды, (соңғы гезлери ул-қызларына, ақлықларына қосық арнаса да, оның атын айтпай, қосық «дөрете алмайтуғын» жағдайға жетип қалды).

*Орны бөлек перзентлтиң де,*
*Келинниң,*
*Сүйенерим, тоқлығы олар кеўилдиң,*
*Ақлықларды баўырына басқанда,*
*Өзиң маған айдай болып көриндиң.*

*(«Тамараға». 134-бет.)*



Өмирди муҳаббат арқалы түсиниў, оның қәдир-қымбатына жетиў, Сағындықтың басқа да қосықларына тән. Ол жаратылысты, инсанның бул дүньядағы орнын муҳаббаттан бөлип қарамайды. Бул өмирдеги бәрше бахыттың сағасы — бул сениң сүйиклиң, деп түсинеди автор.

*Әрманларым иске асқандай,*
*Сен десем.*
*Көгимдеги жулдызым да*
*Гүл де сен.*
*Кеше ғана тулымшаңың желкилдеп,*
*Жүрген қыз ең,*
*Бой жетипсең демде сен.*
*Кеўлим гүлдей ашылады,*
*Сен десем.*
*Жаным шығып кетежақтай көрмесем.*
*Мынаў әлем түнереди турады,*
*Сен болмасаң,*
*Жаныма сен келмесең. («Сен десем». 48-бет.)*

Муҳаббат. Инсан өмириниң мәнис-мазмуны болған оны ҳәрким ҳәр қыйлы түсинеди. Оның үлги болатуғын бирден-бир қағыйдасы жоқ сыяқлы. Солай да муҳаббаттың мақсетин түсингимиз келсе, Платонның мына сөзлери ядыңа келеди. «Муҳаббат — бул өлмесликке қарай талпыныў» дейди философ. Ал шайыр С.Ниетуллаев буны былай түсиндирмекши болады:

*Адамлардың ишинде сыр жумбағы,*
*Алпыс жаста ҳаялдың ул туўғаны,*
*Уят емес,*
*Уят ғой муҳаббаттан,*
*Елиўдеги адамның қол жуўғаны. (192-бет.)*

Яки болмаса төмендеги қосық қатарларына мәни берип көрейик. Бендешилик, көп нәрсени күсеймиз, арзыў-әрман етемиз, лекин адамның көлегени, барлық ойға алғаны, нийет еткени иске аса бермейди. Тәбияттың нызамлары басқаша, ол адамға көпшилик жағдайда бағына қоймайды. Шайыр айтқандай:

*Ызғар сөзден кеўиллер суўынады,*
*Көз жасларға кирпиклер жуўынады,*

*Бир тырнаққа зар болса көп жубайлар,*
*Ойнаслардан*
*Егизлер туўылады. (46-бет.)*

Мине өмирди, турмыс шынлығын, ышқы-сезимди, муҳаббатты уғыныў. Буны көзқарас сыпатында қарайтуғын болсақ — бул ҳақый-қый муҳаббат философиясы. Бул қатарларда: инсан бул дүньяға муҳаббат ийеси атанып, бахытқа сазаўар болыў ушын келеди, деген терең логикалық мәни жатыр.

*Өмир деген өтеди екен дүркиреп,*
*Силкпеңди де шығаралы силкилеп,*
*Сен сол қызды қушағыңда жатырған,*
*Қушып атсаң мүмкин,*
*Мүмкин соңғы ирет. (187-бет.)*

Инсан ушын берилетуғын өмирдиң өткинши екенлиги, оның мәңги емеслигин сыпатлайтуғын бул қатарларда қаншама ҳақыйқат-лық бар. Адам алда не боларын билмейди, аты суўық әжелдиң қашан келетуғынынан да бийхабар жүреди. Буларға дөретиўшилик көз-қараслары ҳәм мүнәсибети бойынша автор гейде экзестенциалист-лерге усап кетеди. Ол өзиниң өмир философиясын төмендеги қатар-ларда тағы да былай баян етеди:

*Өмир не деп сорадың неге меннен,*
*Адам барма түсинген,*
*Оны билген,*
*Биреў жылап,*
*Биреўлер ойнап күлген,*
*Ҳадаллықты не себеп ҳарам жеңген.*
*Өмир шыжбай сызықлар бармақтағы,*
*Оның сиңген бойына қара, ағы,*
*Шешилмейди дүньяның көп жумбағы*
*Сорай ғой, деп айтаман кимнен тағы. (84-бет.)*

Бул өмирде адам болыў, адам атағын көтерип жүриў қандай қыйын. Инсаный пазыйлетлери болмаса, еки аяқта жүргени менен хақыйқый мәнистеги адам бола алмайды киси. Адамның адамнан парқы бар. Сонлықтан да инсанға адам жәмийетинде үлкен ўазый-палар жүкленген, ол өзиниң ағла әдеп-икрамлық ис-ҳәрекетлери



менен бул сынақлардан мәрдана өтиўи керек. Буны жақсы түсинип, шайыр былай деп жазады:

*Ел болған соң барлығы да болады,*
*Ахмағы да,*
*Жиллиси де,*
*Данасы,*
*Бул өмирдиң бәри бес күн қонағы,*
*Қандай қыйын болыў адам баласы. (175-бет.)*

Адам көп жасаўы мүмкин, лекин бунының жәмийет ушын әхмийети шамалы. Көп жасаў — бул мазмунлы өмир сүриў деген емес. Ол адамның жәмийеттеги орнын аңлатпайды да. Адамның инсаный-лық пазыйлетлериниң өлшеми басқа. Инсан бул дүньяда иси менен қалады. Сонлықтан да шайыр айтқандай:

*Билген жақсы өмирдиң пал емесин,*
*Ертеңиңди ғамластыр барда есиң,*
*Периште де болыўың шәрт емес дым,*
*Қатардағы бир тәўир адам десин. (72-бет.)*

Шайыр С.Ниетуллаевтың көплеген қосықлары инсанның қәдир-қымбаты ҳаққында. Олар бизди жақсылыққа шақырып турады, Ўатан туйғысын оятып, ақты-қараны аңлаўға үйретеди, инсанның өзлигин жойтып алмаўы ушын қәлбимизге жақсылық нурларын қуяды.

*Ким биледи,*
*Не күтерин алдында,*
*Атпаўыда мүмкин ертең таңның да,*
*Адамлардың мәңгиликке геўдесин,*
*Таслап кетер ўақты келер жанның да.*
*Көп жеринде қәдири жоқ нанның да,*
*Қәдирли от денең музлап тоңғанда,*
*Өз елинде ғана усы адамның, қәдири бар,*
*Үйиринде малдың да. (165-бет.)*

Ал төмендеги мына қатарлар әдеп-икрамлық философиясы менен суўғарылған. Онда шығыс халықларына тән ҳүрмет-иззет, жасы үлкенге сыйласық, мехир-мийриўбет жөнинде айтылады. Ол болмаса адамгершиликтиң аяқ асты болатуғынын билип, жүрек-баўыры тилкимленип, қыйналады автор.

*Адамлардың ҳәддинен көп асқаны,*
*Соны көрип,*
*Тур ғой жаным қыйналып,*
*Басып, жеңиш төрге шықты ақшалы,*
*Есик бетте ҳүрмет-иззет сый қалып. (169-бет.)*

Мине ҳақыйқый өмир. Шайыр жаны буған шыдай алмайды. Ол дүнья тәшүйишлерин кең пейилли ана тәшүйишлери менен теңейди, кең әлемге ақ көкирек ана көзи менен қарайды:

*Машқаласы адамның таўсылмайды,*
*Таўсылғаны өмирдиң тоқтағаны,*
*Дүбелейи оның ҳеш басылмайды, дәртлериндей*
*Ананың көп балалы.*
*Дүньяның да жумбағы шешилмейди,*
*Шешилгени қызығы қалмағаны,*
*Қыянетти ол ҳасла кеширмейди,*
*Аналардай*
*Қыйналған көп балалы. (151-бет.)*

Мине усындай әжайып қосықларды жазса да, Сағындық Ниетуллаев басқалардай артық аспай көкирекке урмайды, өзин мудамы кемтар сезеди, дөретиўшилик исине аса жуўапкершилик пенен қарайды. Булардың барлығы, ҳақыйқый талант ийесине тән қәсийетлер.

*Шайырман деп айтыўға уяламан,*
*Бирақ илҳам жанымды уялаған,*
*Қосықлар да қызық ғой гейбир ўақта,*
*Бақкысы да келмейди қыя маған. (148-бет.)*

Не деген ҳадалый жарылыў. Көпшилик мәккарлық етип, бундай гәпти көп аса айта бермейди. Бул бир ийман жүзли адамның гәпи. Соның ушын оның пәк кеўлин, аппақ нийетлерин түсинип билиў керек.

*Қосық жазып жүремен,*
*Арасында шыжбайлап,*
*Дәртке аспас, жүректен,*
*Шықпаса ол жүз қайнап,— дейди ол. (94-бет.)*



Мине бул шайырдың көркем дөретиўшиликке қатнасы, поэзияға қойған үлкен талабы. Соныктан ол ҳәзирги ғәрезсизлик, еркин заман менен тең қәдем таслап, оның жоқары, көтериңки руўхына сай хоширей поэзия дөретип атыр.

*Қосық керек қуўғандай нур кеўилге,*
*Жүрегиңди толқытып,*
*Тербейтуғын*
*Жолдас болып адамға бир өмирге,*
*Тынышлығын жанының бермейтуғын,*

—дейди ол. *(159-бет.)*

Ҳақыйқатында оның жүректе қайнап шыққан қосықлары мине усындай жоқары талапларға жуўап беретуғын қунлы дөретпелер екенлиги сөзсиз. Оны оқыған ҳәрбир поэзия шайдасы оннан илҳамланып, руўхый ләззет алатуғынына гүман жоқ.

## 2.ТУЎЫЛҒАН ЖЕР ТӘРИЙПИ

*Елим мениң аман болса болғаны,*
*Бақ-дәўлеттиң басыма сол қонғаны,*
*Қарақалпақ халқының да исиниң*
*Талабының келискени,*
*Оңғаны.*

*(С.Ниетуллаев. «Елим мениң». «Билим». 2007-жыл. 14-бет.)*

Туўылып өскен жериниң аманлығын тилеп, ел тәғдири менен жасайтуғын, өзин сол елдиң ҳақыйқый перзентимен, деп есаплайтуғын шайырдың бул алтыншы қосықлар топламы. Қосық шайдалары оның «Мен саған ашықпан» (1981), «Гүлзар» (1992), «Жақсы тилек» (2004), «Өмир ҳаққында ойлар» (2006), «Тәғдир» (2007) атлы дөретпелери менен кеңнен таныс.. Китапқумарларға усынған гезектеги шығармаларында да ол усы жоқарыда айтылған принципке садық болып қалған.

Сағындық Ниетуллаевтың көпшилик қосықлары терең философиялық мазмунға ийе, онда өмир машқалалары ҳақыйқый сыпатын таўып, адамларды жақсылыққа шақырып турады, солай етип, өмирдиң шын мәнисин жоқары инсаный пазыйлетлер менен баянлап береди:

*Машқаласы тирилердиң питпейди,*
*Табыў қыйын ҳадал,*
*Аппақ сүттейди.*
*Жақсылығы ушын еткен биреўге,*
*Жақсы Адам жақсылықты күтпейди.*

*(«Өмир деген». 11-бет)*

*Ақ қарасы өмирдиң араласып,*
*Ўақыт-булақ тынымсыз қулшынады,*
*Жаманлықты түбинде қара басып,*
*Жақсылықтың алдынан күн шығады.*

*(«Гезлеседи». 59-бет.)*

Буннан үш мың жыл илгери Орайлық Азия аймағында бинят болған муқаддес китап «Авесто»ның жақсылық ҳәм жаманлық ҳаққындағы философиялық тәлиймати авторды айрықша ойландырып, толғандырады. Ол ҳадаллық ҳәм нәкаслық туўралы өзиниң концепциясын өмир менен байланыслы сыпатлайды ҳәм ҳақыйқый өмирдиң негизи — бул ҳадаллық дегиси келеди. Қараң:

*Ҳәр бириңе тилегеним аманлық,*
*Таўсылмайды қурғыр бирақ жаманлық,*
*Мынаў жерде өмир тамам болады,*
*Харамлықтан жеңилген күн ҳадаллық.*

*(«Ҳадаллық». 13-бет)*

Шайыр С.Ниетуллаевтың дөретиўшилигине тән бир нәрсе — ол өз қосықларында планетарлық, кең пикир жүргизиўге талпынады, әлемде болып атырған ҳәдийселерге бийпарқ қарамайды, ал керисинше инсан сыпатында буған өзин жуўапкер сезеди:

*Жер өзиниң астан-кестен боп жатқанын көргенде,*
*Уялады айдан,*
*Күннен болдым-аў деп шерменде.*

*(«Жер өзиниң». 91-бет.)*



Философия әдептен бизге адамды «саналы мақлуқ» деп түсиндирип келгенликтен, биз инсанды ҳайўаннан айырып алып, оны идеал түрде көргимиз келе береди. Буны шайыр былай дәлиллейди:

*Әрманның да иске аспайды көбиси,*
*Бар өмирдиң алғысы да,*
*Сөгиси.*
*Адам түўе периштениң өзиниң,*
*Мүмкин емес болмаўы бир кемиси.*

*(«Бул дүньяға келгеннен соң». 16-бет.)*

Шайыр Сағындық Ниетуллаев ҳақыйқый муҳаббат жыршысы. Оның барлық топламларына кирген қосықларында ол ҳадал муҳаббатқа айрықша әҳмийет береди, оның мәңгилигин айтқысы келеди.

Шайыр дөретпелеринде ана, ҳаял айрықша ҳүрметленеди, оны автор планетадан бөлип алып, жеке қарамайды, ал керисинше оның менен бирликте көз алдына келтиреди, «пүткил жаратылысты Ана, ҳаял услап турыпты» деген шешимге келеди. Қандай әжайып пикир?

*Ана, ҳаял затының нурға толсын қушағы,*
*Улы, қызы бахытлы-ана бахыт қушады,*
*Билиўимше дүнья да ана ушын турыпты,*
*Ҳаял ушын қуяшты жер айланып ушады, — дейди ол.*

*(«Ана». 32-бет.)*

«Адам тилинен, мал шақынан» деген даналық гәп бар халықта. Қарақалпақ халқының нақыл-мақалларын жақсы билетуғын Сағындық Ниетуллаев буны тән алып, айтылған пикирди тағы раўажландырады. Бизиң сөйлеў тилимизде жақсы ҳәм жаман сөз болғаны менен оған ҳәркимиң өзинше қатнас жасайды. Лекин жаман сөзди айтпаў — бул тек жақсыларға тән кәсийет екен!

*Жақсы сөз де жыланды шығарады ининен,*
*Бир сөз айтып гейде адам бөле табар тилинен,*
*Айтылған сөз— атқан оқ,*

*Енди кейин қайтпайды,*
*Жаман сөзди жақсылар өлтирсең де айтпайды.*

*(«Сөз». 33-бет.)*

Турмыста инсаниятты әйиемнен ойландырып, өзиниң анық шешимин еле таба алмай киятырған машқалалар бар. Һәрким оны һәр қыйлы түсинеди. Топламда шайыр «өмир, бахыт деген не» деп өз алдына сораў қойып, оған өзинше жуўап излейди:

*Өмир мынаў дүркиреп,*
*Гүркиреген,*
*Соны билип ишимнен силкинемен,*
*Күнлерим де көп болды илажсыздан,*
*Жолдас болған шошқаға,*
*Түлки менен.*

*(«Өмир мынаў дүркиреп, гүркиреген». 104-бет.)*

*Жылаўлар бар тепсинип,*
*Отырыўлар қамығып,*
*Бул дүньяда жоқ жаманы күн көриўден жағынып,*
*Бахыт деген адам болыў бир биреўлерге ардақлы,*
*Ал сени де биреўлердиң жүриўлери сағынып.*

*(«Ағайинде». 77-бет.)*

Шайыр қәлеминен шыққан қосықларды дыққат пенен көзден өткерип отырсаң, оның дөретпелериниң көпшилиги Ана-Ўатан, туўылған жер, киндик қаны тамған топырақ ҳаққында екенлигин уға қоясаң. Ол тәрбия алып, камалға келтирген елин былай жырлайды:

*Туўылғанман Қарақалпақ деп аталған елде мен,*
*Сен болмасаң бул дүньяға болар едим келмеген,*
*Анам болып өзиң маған көкиректи ийдирдиң,*
*Басыма да бахыт берип, гейде көкке тийдирдиң,*
*Туўылғанман Қарақалпақ деп аталған елде мен,*
*Болады да усындай-ақ болса егер ел деген.*

*(«Туўылғанман». 74-бет.)*



Елин, халқын мақтаныш етиў С.Ниетуллаевтың шығармаларына тән қәсийет. Ол оны шын жүректен, бәлент лапыз бенен жырлайды:

*Усы елден,*
*Усы жерден,*
*Көргеним жоқ жақсысын,*
*Айының да өзгешерек сезер жаным жақтысын.*

*(«Усы елден, усы жерден». 160-бет.)*

Һәркимниң туўған жери — Мысыр шәҳәри. Оны ҳешким инкар ете алмайды. Бул ҳақыйқатлықты шайыр өзгеше жырлап, оқырман нәзерине усынады. Оларды оқый отырып, Ўатанды сүйиў сезими усындай-ақ болар, деп тәсийин қаласаң.

*Өзге журттың қайыңынан,*
*Туўған жердиң талы артық,*
*Басқа елдиң теңизинен,*
*Өз Аралым мың артық.*
*Керек емес толып аққан,*
*Дәрьялары биреўдиң,*
*Маған оннан Әмиўимниң,*
*Жалғыз ұртлам суўы артық, — дейди шайыр.*

*(«Өзге журттың қайыңынан». 164-бет.)*

Мине жанын пидә етип, ел-журтын улығлаў үлгиси. Бундай сап сезим арқасында адам нәрестедей болып қалады. Себеби, оның ушын ана-бул Ўатан.

*Туўған жерге анамдай табынаман,*
*Қымбат оның һәр атқан таңы маған,*
*Жасым мениң биразға кеп қалса да,*
*Аўылымды баладай сағынаман.*

*(«Туўған жерге». 190-бет.)*

Қулласы С.Ниетуллаевтың топламға кирген барлық қосықлары поэзия ышқыпазларын бирдей қызықтыратуғыны сөзсиз. Биз де оның китап тексинлеринен ылайықлы орын алатуғынына гүман келтирмеймиз.

## 3. ҚОСЫҚЛАРДА — ШАДЛЫҒЫ, БАХТЫ, ӘЛЕМИ

*Көлем мениң қарыйым да*
*Жарағым.*
*Жырдың шашын тарайтуғын тарағым.*
*Қосық аңсат туўылмайды,*
*Сонлықтан,*
*Ақ қағазға келмес гейде қарағым.*

*Қайда жүрсем тоc қалтамда қәлемим,*
*Жырлар маған берер дузиў сәлемин.*
*Қосықларда — бар шадлығым,*
*бахытым,*
*Онда мениң барлық дүньям,*
*әлемим.*

*(Сағындық Ниетуллаев. Усы елдиң перзентимен. «Билим» баспасы 2008. «Көлем мениң қарыйым да, жарағым». 55-бет.)*

Кеўлинде не барын кең жәмийетшилик, оқырманлар ушын усылай, ақ көкирек, ҳадал нийет пенен ашып таслайтуғын шайыр Сағындық Ниетуллаев поэзия ышқыпазларына 2008-жылы «Усы елдиң перзентимен» атлы гезектеги қосық китабын журтшылыққа усынды. «Билим» баспасының буйыртпасы бойынша Ташкенте 15 баспа табақ көлеминде, офсет усылында, 1000 нусқада басылып шыққан бул топламға шайырдың соңғы жыллары жазған 230 дан аслам қосықлары кирген.

Әдеттегише, оларда автор туўылған жерге деген муҳаббатына садық болып қалады, өзиниң жаңа дөретпелеринде бурынлары қосықларында баян еткен пикирлерин еле де жоқары шыңларға шығарады. Шығармаларда автордың позициясы, ўатанды сүйиўшилик сезими аттан-анық көрнинип турады.

*Үстиртим бар,*
*Қаратаўым,*
*Кең далам,*
*Усы журтта өнип, өскен мен балаң,*
*Сениң дәртиң,*



*Шадлығыңа ортақпан,*
*Туўған жерим әкем де сен,*
*Сен анам.*

*(«Елим деп мен емиренген». 68-бет)*

Туўған жерди анаға мегзетип қосық жазғанды бизлер бурыннан көрип жүриппиз. Шайыр Сағындық Нийетуллаев ушын туўған жертек ғана ана емес, ал әке де. Сонлықтан ол қарақалпақ жериниң кең даласын, Үстиртин, Қаратаўын тәрийплеп, оның шадлығына ортақ екенлигин айта келип, ата мәканын әкеси ҳәм анасына мегзетеди.

*Қарақалпақ халқының мен улыман,*
*Усы елдиң от жаққышы,*
*қулыман.*

*Қуўанайын бахытыңа өзиңниң,*
*Карашығы,*
*Сен гәўҳары көзимниң.*

*Қарақалпақ жалғызымсаң,*
*Барымсаң,*
*Иймanымсаң,*
*намысымсаң,*
*арымсаң.*

*(«Қарақалпақ халқының». 82-бет.)*

Инсанның иймaны, намысы ары — бул оның руўхый дүньясы. Буны шайыр халқына деген меҳир-муҳаббатында, перзентлик парыз сыпатында көрсете алады ҳәм халқын өз көзиниң қарашығы, гәўҳары деп биледи. Туўылған жерге, киндик қаның тамған топыраққа буннан артық мүнәсибет болыўы мүмкин бе.

*Маған ҳеш журт бола алмайды*
*Қарақалпақ елиндей.*
*Шын жүректен бөршең сүйип*
*Болың оған мениңдей.*

*Алыс, алыс сапарлардан*
*Қайтаман тез асығып.*
*Шаршағанда турыў ушын*
*Ийниңе асылып.*

*(«Үйден жолға шығарымда». 13-бет.*

Туўылған жерди хәрким хәр қыйлы тәрийплейди, шайырлар оған деген мүнәсибетин жырға түсирип, дәстанлар жазады. Лекин Ўатанға болған сүйиспеншилик сезимин шығарманың көлеми менен баҳалап болмайды. Сонлықтан буны жақсы сезген шайыр Сағындық Ниетуллаев буны өзгелердикине усамайтуғын теңеўлерде береди, ол туўылған жерди өзиниң өмириниң мазмуны, мәниси деп биледи.

*Кең әлем де-сенсиз тап-тар, кетектей,*
*Еки балтыр зорға сыйған етектей.*
*Өмиримниң мазмуны сен*
*Туўған жер,*
*Мен өзиңсиз бопыраған-кепектей.*

*(«Мен де бенде, көп адамның биримен». 107-бет.)*

Шайыр өзиниң қуўанышын, қайғысын, уллы мәртебесин, даңқ абыройын елинен, халқынан, туўған жеринен бөлип қарамайды. Сонлықтан да ол оны жоқары пафос, мақтаныш пенен былай тәрийплейди.

*Жырларымның екеўиниң биреўи,*
*Елим,*
*халқым,*
*туўған жерим хаққында.*
*Олар мениң өмиримниң тиреги,*
*шадлығым да,*
*бахытым да,*
*тахтым да.*

*(«Жырларымның екеўиниң биреўи». 177-бет.)*

Шайыр жер планетасының дәртин адамзат дәртинен бөлип қарамайды, оны, пүткил тиришиликти бир пүтин нәрсе деп биледи хәм әлем тыньшлығы бул онда өмир сүрип атырған халықтың аўызбиршилигиниң арқасы деп түсиндиреди.



*Сезеди жаным*
*Жатқанын жердиң гүрсинип,*
*Дәртинен оның*
*Кетеди жаным түршигип.*
*Әлемди мынаў*
*Апаттан сақлап турған да,*
*Тынышлық пенен*
*Елдеги аўызбиршилик.*

*(«Сезеди жаным». 5-бет.)*

Бендешилик, биз гейде парахат өмирдиң қәдирине жетпеймиз. Оны бизлерден көре қанлы урыслардың басынан кеширген нураный ақсақаллар, қала берсе күни кеше Аўған урысынан майып болып келген азамат жаўынгерлер биледи. Өмирде не нәрсе абзал. Бәлким, тынышлық хәм аўызбиршиликке хеш нәрсе жетпес. Усы көзқарастан шайыр, миййетинди, бойында бар уқыбыңды, ақыл-хүўшыңды жақсы нийетлерге, ийгиликли ислерге, жаратыўшылыққа жумсаў керек деген пикирди айтады. Қолыңнан келсе гөззаллық дүньясын жарат. Жаўызлық, зорлық хәм зорабанлық кориниси — бул мылтық, ал сулыўлық әлеминиң символы — бул қудай тала нәзик қылып жаратқан қызлар, олардың қулағында сырғалары, қолларындағы жүзиклери, жипек шашларын тарайтуғын тарағы, дейди автор. Бул пүткил инсаниятқа, шақырық сыяқлы көзге тасланады. Бул усы елдиң перзентиниң адамыйзатқа қарата айтқан гәпи.

*Тыньшлыққа не жетеди, қарағым,*
*Неге керек қарыў менен жарағың.*

*Мылтық емес,*
*Соғыў керек қызлардың*
*жүзиклерин,*
*сырғаларын,*
*тарағын.*

*(«Тыньшлыққа не жетеди, қарағым». 96-бет.)*

Шайырдың шығармаларынан ата-ана хәм перзент арасындағы қарым-қатнас мәселелери де шетте қалмайды, бүгинги күнде жас

әўладтың ата-ананың баўырманлығына, меҳир-муҳаббатына перзентлик жуўап сезими азы-кем сөнип баратырғанын ол былай жазады.

*Бахыт бар ма бир-биреўге*
*Керек болып жасаўдан.*
*Оны жақсы түсинеди*
*Бийигинен жасы аўған.*

*Ата-анаға улы, қызы*
*Керек өлип кеткенше.*
*Перзентлерге олар тек те*
*Керектей ер жеткенше.*

*(«Бахыт барма бир-биреўге». 50-бет.)*

Шынында да бул ҳадалый сөзлер емес пе. Буны перзент тәрбиясы менен ҳәр күни шуғыланып атырғанлар жақсы биледи, ол бүгинги күнниң машқаласына айланып баратырғаны ҳешкимге де сыр емес. Соңлықтан бул қубылысқа айрықша мәни берип, бул әлемди, дүньяны гүл жайнататуғын жақсылық, деп философиялық жуўмақ шығарады шайыр.

*Ашшылар бар зәҳәрден де,*
*өттен де,*
*Алатуғын адам да көп беттен де,*
*Гүлдей жайнап кетпеспеди бул дүнья,*
*Ҳәрким егер бир жақсылық еткенде.*

*(«Ҳәрким егер бир жақсылық еткенде».189-бет.)*

Өмир ҳәм өлимге мүнәсибет Шайыр Сағындық Ниетуллаевтың өмир философиясы менен суўғарылған поэзиясында буған кең түрде дыққат аўдарылады. Бул дүньяға бахытлы болыў ушын, жасаў ушын келген жанлы заттың ақыр ақыбетинде бул «дозақый» дүньяда күйип, жанып өлетуғынын ол қосығында шебер баянлайды. Демек ҳәмме нәрсениң мөлшери бар, аса ыссылық та, шеннен тыс суўықлық та-әжел, ақыры!



*Қумға түскен тұқымнан*
*бәҳәрде гүл өнеди.*
*Ортасына келип жаздың*
*күнге күйип өледи.*

*(«Қумға түскен». 106-бет)*

Шайырлық. Наны жуқа бул кәсип ҳаққында, оның ҳижран азабына мегзес машақаты ҳәм дөретиўшилик ләззети ҳаққында ҳәрким ҳәр қыйлы жазады. Ал буны шайыр Сағындық Ниетуллаев былай тәрийплейди:

*Түсиниксиз халық ол*
*толғанып жыр жазады.*
*Шайырлықтан биракта*
*қайнамайды қазаны.*
*Қолларынан сонда да*
*қәлем, қағаз түспейди.*
*Тапқан оның пайдасы-*
*көрген ғана азабы.*

*(«Шайырлар ҳаққында». 144- бет.)*

Өмирди ҳәрким ҳәр қыйлы түсинеди, оған ҳәрким өзинше баҳа береди.Онда ҳәмме нәрсе бар. Ол океандай бир нәрсе.

*Өмир деген бастан аяқ айқасыў,*
*Гүресиў де,*
*Тиресиў де, шайқасыў.*
*Түрли нәрсе бар ишинде басқа да,*
*Жағынылар,*
*ҳәмелдарға шай тасыў.*

*(«Өмир деген бастан аяқ айқасыў». 190-бет.)*

Бул кишкене мақалада биз Сағындық Ниетуллаевтың шайырлық әлемине енисип, шеберлигине өзимизше баҳа бериўге урынып көрдик. Ҳасланда ол ким. Өзиниң инсаный пазыйлетлери ҳаққында ол өзи былай дейди:

*Бир көриўден көзинен жаныи уққан,*
*Кеўилиме қуйылған таңғы шықтан,*
*пәклик пенен ҳадаллық.*
*Мен усындай*
*Дәўлетиярдың баласы Сағындықпан.*

*(«Автограф». 195-бет.)*

Шайыр өзиниң ким екенлигин поэзия шайдаларына, өз ықласбетлерине, кең жәмийетшиликке, оқырман қәўимге усылай аңлатып қойды. Көкирегин пәклик хәм ҳадаллық уялаған, талантлы шайырға биз де тасқын йош хәм табыслар тилеп қаламыз.

## 4. ӘДЕБИЯТЫМЫЗ ҒӘЗИЙНЕСИНЕ ЫЛАЙЫҚЛЫ ҮЛЕС

Поэзия ықласбентлери, қосық шайдалары, китап қумарлардың руўхый дүньясы тағы бир топлам менен байыды. Жақында «Қарақалпақстан», баспасы өз оқыўшыларына талантлы шайыр Сағындық Ниетуллаевтың көлеми 15 баспа табақ болған, «Қәдириң де, қымбатың да өз елиңде» атлы китабын 1000 нусқада, офсет усылында басып шығарып, инам етти. Ондағы қосықлардың басым көпшилиги туўылған жер, Ўатан, ел, қарақалпақ халқы ҳаққында.

*Ақ көкирек,*
*Кең пейил,*
*Аңқылдаған,*
*Усындай боп түйилди халқым маған.*

*(«Халқым мениң», 3-бет)*

Мине усындай сөзлер менен ашылады китаптың дәслепки бети. Онда сахрайы қарақалпақ халқының кисиден сыр сақламайтуғын, ҳақыйқый адамгершилик келбети өз сәўлелениўин тапқан. Миллеттиң өзлиги, басқалардан өзгешелиги де усыннан көринеди. Буны шайыр келеси қосығында тағы да тастыйықлайды.

*Уясын салған*
*Жаныма инсап, иймаsuccessfully.*



*Ғәрезсиз елим*
*Анамдай мениң мийирман,*
*Төбеме сени*
*Көтергим келер, сыйлағым.*

*(«Келеси күннен үмитли», 18-бет)*

Не деген әжайып, инсаный пазыйлетлер! Онда халқымыз қәлбинде терең уялаған миймандослық сезимлер, туўылған елге деген меҳир-муҳаббат туйғылары жырланып турған жоқ па! Ол шайыр қәлбинде тасқын йош пайда етеди, оған есап-сансыз илҳам бағышлайды. Сонлықтан да:

*Өз елимниң далалары,*
*Қырлары,*
*Намалары,*
*Қосықлары,*
*Жырлары.*
*Бәри мениң бахытым да,*
*Байлығым,*
*Күш-қуўатым,*
*Көзлеримниң нурлары.*

*Өз елимниң дәрья,*
*Теңиз,*
*Көллерин,*
*Қийиклерин, мәкан еткен шөллерин,*
*Қушағыма ойларымды басып мен,*
*Тарқатаман кеўилимниң шерлерин,— дейди ол.*

*(«Өз елимниң», 51-бет)*

Шайыр өз халқын жоқары дәрежеде ҳүрмет қылады, оның көпшилик сыяқлы бир перзенти екенлигин мақтаныш қылады. Қайталанбас қосықларының, сыйқырлы поэзиясының оннан нәр алатуғынлығын мойынлап, былай жазады:

*Қарақалпақ халқының баласыман,*
*Илҳам алған ой,*
*Қыры, даласынан.*

*(«Тәңирдиң де алдында, адамның да», 59-бет)*

Шайыр Сағындық Ниетуллаев өз дөретиўшилигинде өмир хәм өлим мәселелерине айрықша дыққат аўдарады. Сум әжелдиң ҳасла шарасы жоқлығын, байлық сени мәңгилик ете алмайтуғынын, бул өмирдиң өткинши екенлигин ол былай әпиўайы хәм анық баянлайды:

*Бул әлемнен өтетуғын ўақтыңда,*
*Көзлериңе байлығың да, бахтың да,*
*Көринбейди. Жоқ әжелдиң шарасы,*
*Сап алтыннан болса дағы тахтың да.*

*(«Адам бар ма өлмейтуғын», 91-бет)*

*Өмир деген, қарағым усындай ғой,*
*Көрпешениң астары, тысындай ғой.*

*(«Өмир деген қарағым усындай ғой», 101-бет)*

Мине өмир философиясы, оны инсаный көзқарастан уғыныў. Бул хәркимниң қолынан келе бермейди. Әсиресе оны поэзияда, уйқасыққа келтирип бериў аңсат емес. Сағындық Ниетуллаевтың буны шебер меңгере алыўы, оның жоқары талантынан дерек беретуғын қубылыс деп қараса арзыйды. Ол инсанның руўхый дүньясын терең мәнисте түсине алатуғын шайыр. Оған мына төмендеги қатарлар дәлил бола алады:

*Жақсыдан ел аямас ҳүрмет сыйын,*
*Еркин пикир өледи салсаң тыйым*
*Кеселленген денениң илажы бар,*
*Жаны аўырған адамның еми қыйын.*

*(«Жанның аўырыўы», 127-бет)*

Сағындық Ниетуллаев оғада сезимтал шайыр. Хәрбир қарақалпақ зыялысы сыяқлы Өзбекстан қаҳарманы, Өзбекстан хәм Қарақалпақстан халық шайыры Ибрайым Юсуповтың өлимине ол қатты қыйналды, қарақалпақ поэзиясының байтереги болған оған арнап баспа сөз бетлеринде жоқлаў қосықларын жәриялады. Лекин Ибрайымдай шайыр ушын буның бәри-бәри аз еди. Сонлықтан Сағындық өзиниң соңғы топламында устазы ҳаққында былайынша қосық қатарларын келтирип, хақтан жарылады:



*Жүрегимде хәсиреттиң дағлары,*
*Келдимекен қайғы муңның шағлары.*
*Сен өтип дүньядан*
*Қарақалпақтың,*
*Қаңырап қалды поэзия бағлары.*

*(«Жүрегимде хәсиреттиң дағлары», 150-бет)*

Сағындық көп оқыйтуғын, көрген билгенлерине өзинше, хешкимдикине усамайтуғын пикир-ой жүргизетуғын шайыр. Тек өзбеклер емес, пүткил түркий тиллес халықлардың сүйикли шайыры Мухаммед Юсуптиң «Узбек қизлари» деген қосығы бар. Онда ол былай дейди:

*«Севади, куяди, қилади алам,*
*Дорга осинг, аммо айтмас бировга,*
*Айтмай севишини севганига ҳам,*
*Тегиб кетаверар бошқа куевга».*

Шайыр Сағындық Ниетуллаев бул қосықларды мәзи оқып қоя салмайды. Хәрбир халықтың миллийлигинен, менталитетинен, өзлигин аңлаў көзқарасынан келип шығып, жоқарыдағы қосық қатарларында сәўлеленген өзбек қызлары менен қарақалпақ қызларын салыстырады хәм олардағы өзине тән өзгешеликлерди көрип, поэзия дөретеди. Қарақалпақ қызларының инсаный пазыйлетлерин аңлаў ушын қосықты толық ҳалында оқып көриң:

*Қарақалпақ қызлары*
*өз алдына бир жәҳән.*
*Туўған жери олардың*
*гөззал, жәннет, нур-мәкан.*

*Танысардың алдында,*
*Сорастырар урыўын,*
*Ата, тегин жигиттиң,*
*анықлайды урығын.*

*Бой жеткенниң барлығы,*
*көп нәрсени биледи.*
*Қызғанады, сүйеди,*
*жүрек, баўрын тиледи.*

*Қарақалпақ қызлары*
*дегенинен қайтпайды,*
*Парасатлы сабырлы,*
*орынсыз сөз айтпайды.*

*Әкесин де, анасын*
*көндиреди сөзине,*
*Олар берк болады,*
*исенеди өзине.*

*Жақсы егер көрмесе*
*дарға ассаң да тиймейди,*
*Муҳаббаттан басқаға*
*Өлтир басын иймейди!*

*(«Қарақалпақ қызлары», 157-бет)*

Не деген ҳақыйқатлық ҳәм ҳадаллылық. Бундай периштелерди қәстерлеп, пүткил өмириңди олардың жолында пидә етсең, пәк муҳаббаты алдында бас ийип, жолларында паяндоз болсаң арзыйды.

Ўатан шайыр Сағындық Ниетуллаев поэзиясында баслы теманы ийелейди. Ол топырағы тотыя туўылған жерди, ата-мәканын толыптасып жырлайды. Елимиздиң тәкирарланбас тәбияты оның қосықларында айрықша көтеринки лапыз бенен жырланады. Ҳәрбир талғампаз оқыўшы бул қатарлардан Ўатан, туўылған жер, ата-мәкан деген муқаддес сөзлердиң мәнис-мазмунын толық аңлап ала алады. Сөзимиздиң дәлили сыпатында мысал келтирейик:

*Ўатан деген Аралым, Үстиртим де,*
*Сүттей жарық боп атқан үсти түнде.*

*Әмиўим де, қырларым, шөллерим де,*
*Ақ қуўлардың мәканы көллерим де.*

*Каратаўым үйилген қабақлары,*
*Бүлкилдеген қызылда тамақлары.*
*Гесирткең де, жылжыған жыланларың,*
*Бадайында суп-сулыў қуланларың.*



*Шыдамлықтың үлгиси сексеўилиң,*
*Елим ушын деп жүрген көп себилиң.*

*Бәри мениң Ўатаным, аспаның да,*
*Мойнағым да, қырдағы бостаным да,*
*Тыңларың да, қумларың, таслағың да,*
*«Қырық қыз»ың- өзимниң дәстаным да.*

*Өмиримниң жалғасы ул қызларым,*
*Ақлықларым олардан-жулдызларым.*

*Усылардың барлығы Ўатан маған,*
*Бар оған да адамлар жетеалмаған.*

*Ўатан деген-*
*Туўылған үйим мениң,*
*Меҳирине анамның сүйингеним.*

*(«Ўатан», 160-бет)*

Мине биз кишигирим сын мақаламызда шайыр Сағындық Ниетуллаевтың «Қәдириң де, қымбатың да өзиңде» атлы қосықлар китабына азы-кем пикир билдирген болдық. Лекин поэзияның нәзик ырғақларынан ләззетленемен деген адам қарақалпақ әдебиятының бай ғәзийнесине ылайықлы үлес болып қосылған бул китапты алып оқыса, руўхый дүньясын еле де кеңейте алады деп исенемен.

## 11. ЗАРДУШТ ТӘЛИЙМАТЫНЫҢ ТӘСИРЛЕРИ

### 1.Қарақалпақстанда зардуштийлик дәстүрлери

Тарийхтан белгили, әйемги ата-бабаларымыздың бизлерге қалдырған мийраслары — дүньяға көзқарасы, диний түсиниклер, мораллық, әдеп-икрамлық нормалары, үрп-әдетлер ҳәм мәдений дәстүрлер атадан-балаға, әўладтан-әўладқа аўызеки тарқаған. Кейин ала бул дәстүр-қағыйдалар тәлиматы болып, қара мал терисине жазылып, муқаддес китап болып басылып шыққан. Усындай руўхый мийрасларымыздың туңғыш жыйнағы-кәраматлы китап «Авесто» болып есапланады.

Зардушт пайғамбардың тутас бир тәлиматы сыпатында бир китапқа жәмленген, әйемги ата-бабаларымыздың жәмийетлик-философиялық пикир естелиги, өтмиштеги тарийхымыз, мәдений ҳәм руўхый дүньямыздың сағасы болған бул китап илим-пәнниң барлық салаларын бизге үйретиўде әхмийетли дерек болып хызмет етеди. Ол Орайлық Азия халықларының ғана емес, ал пүткил дүньялық мәдений тарийхында үлкен орын тутады. Зардуштийлик (зороастризм) дүньяда биринши жәҳән дини, сыйынатуғын бир қудайы, кәраматлы китабы, пайғамбары, отқа сыйыныў үйлери, әжайып тәлиматы бар, Әйемги Хорезм жеринде қәлиплескен диний система десек болады.

Өзбекстан Республикасы Президенти И.А.Каримов зардуштийлик ҳәм оның муқаддес китабы ҳаққында: «Ең кәдирли, әйемги қолжазбамыз «Авесто»ның жаратылғанына 3000 жыл болайын деп тур. Бул бийбаха китап буннан 30 әсир бурын еки дәрья аралығында, мине усы жерде өмир сүрген ата-бабаларымыздың биз — әўладларға қалдырған мәдений, тарийхый мийрасы болып табылады. «Авесто» сол бир ески заманда, әййемги уллы үлкеде, уллы мәмлекет, уллы мәдений барлығынан гүўалық бериўши тарийхый ҳүжжет болып есапланады, оны ҳешким бийкар ете алмайды» деген еди.

Зардуштийликтиң дәстүрлери Хорезм менен Қарақалпақстанда да көплеп ушырасады.

«Авесто»да Адам Ата өзине сай кәраматы менен тәрийпленеди. Оның исми бул динде Ийим аты менен белгили. Ийим ҳүкимдарлық еткен дәўирлерде инсаният өз мәканында бахытқа миясар болып, аўырыў ҳәм қаза көрмей өмир сүрген. Пүткил әлемде қызыл шуғлалы отты улылаған ҳәм барынша көбейткен, адамлар 900 жасқа шекем жасайтуғын болған. Күнлердиң күнинде қудай Ахурамазда Ийимге алтын найза менен алтын қамшы саўға еткен. Жер жүзи инсан ушын тарлық еткенде, Ийим найзаны жерге шаншып, қудайдан оны кеңейттириўди сораған ҳәм бул нийетине ерискен» дейди.

Енди төмендеги сюжетке қараң: «Ахурамазда Ийимге музлық дәўири киятырғанын хабарлайды ҳәм бул апаттың алдын алыў кереклигин ескертеди. Ийим арнаўлы үй қурып, барлық өсимлик, тири жанның түринен бир жуптан сақлап қалады. Бул жағдай қарақалпақлардың аўызеки халық әдебиятындағы әпсанәўий Нуў пайғамбар ҳәм топан суўы ҳаққындағы аңызға усап кетеди.

«Ийим қанша мәртлик көрсетпесин ол өз хызметин шеннен тыс айрықша бахалап, менменшиликке берилип кетип, көкирекке



урып, қудай қадаған еткен аўқат — қара мал гөшин жеп қойған. Нәтийжеде ол қудайдың ғәзебына ушыраған, солай етип, адамзат мәңгиликтен махрум болған» дейди.

Бул Адам Ата менен Ҳаўа Енениң бейиштен қуўылыўы ҳаққындағы әпсана-аңызға сюжети жағынан үнлес келип турған жоқ па?

Зардуштийлик диний дәстүри бойынша мархумларды аўыл-қалаларға жақын жерге, дәнли егинлер егилетуғын майданларға апарып көмиў гүнә есапланған. Сонлықтан да өлилердиң денесин қыя шөлдеги төбешик басына, бийик таў үстиндеги арнаўлы орынларға апарып қойып, белгили ўақытлардан кейин, мархум сүйеклери сарғайып, ағарғаннан соң, оларды алебастр, ылайдан, тастан күйдирип исленген қутышаларға салып, арнаўлы жайларға екинши рет жерлеў дәстүр болған. «Эрамыздың VII әсирге шекемги дәўирлеринде оссуарийлерге салып жерленген қәбирстанлар Қубла Арал бойларында (Кердер, Миздакхан, Қуба таў, Күйик қала, Бес төбе) көплеп ушырасады. Бул Қарақалпақстан жерлериниң де «Авесто»ның бир ўатаны екенлигин дәлиллейди» дейди археолог илимпаз М.Мәмбетуллаев ҳәм тарийхшы О.Юсуповлар.

Бизиң ана тилимизде «сүйекшилер», «сүйекке ениў» деген сөзлер бар. Ал мархумды қәбирстанға жерлеп келгенлерге «сүйекшилер келди» деп айтылады. Енди буған терең мәни берип қарасақ, бул сөздиң мағанасы «Авесто» тәлиматындағы сүйекти екинши мәртебе оссуарийлерге салып жерлейтуғынлардың ис-ҳәрекетинен келип шыққан екен. Биз усы ўақытқа шекем бул сөз дизбеклериниң мәнисине дурыслы итибар бермей келгенимиз ҳешкимге сыр емес.

Қубла Арал бойлары халықларында хайўанлардың ең дәслеп қолға үйретилип, үйде асыралғаны ийт болған, деген гәп бар. «Авесто» да ийт тулғасы пәклик, душпанларға қарсы гүресиўде адамлардың дости, жәрдемшиси сыпатында еслеп өтиледи. Мәселен, Қарақалпақстан аймағында зороастризм қәбирстанлары Дарсан, Миздакханда археолог-тарийхшы илимпазлар тәрепинен табылған оссуарийлик қутышалардың биринде ийт сүўрети салынғаны мәлим болды. Қарақалпақ халық нақыл-мақалларында «Ийт-опа...» деген гәп бар.. Бул ийттиң бурынлары шаңарақтың ең ҳадал сақшысы, қорғаўшысы болғанлығының, оның бесиктеги нәрестени ҳәр қыйлы зиянлы нәрселерден сақлағанлығынан келип шыққан болыўы керек. «Авесто» тәлиматына көре жас босанған ҳаял ең дәслеп уўыз сүтин саўып күшикке беретуғын болған, соң нәрестени емизиўи ырымы

бар екен. Кишкене баланың жети жасқа шекемги кийиминиң «ийт көйлек» деп аталыўы да усыған байланыслы қусайды.

Қулласы, «Авесто» тәлийматының тәсириндеги пайда болған нәрселер қарақалпақлар арасында оғада көп. Буның барлығы зардуштийлик дининиң әйемнен бизиң турмысымызға терең енисип кеткенлигиниң айқын дәлили бола алады.

### 2. Қарақалпақлар от қудайына сыйынған ба?

Бизиң ата-бабаларымыз — қарақалпақлар хәрбир сөзине нақыл-мақалларды қосып сөйлейтуғын халық болған. Бул даналық сөзлер дәўирден-дәўирге өтип, бизиң заманымызға — бүгинги күнге дейин келип жетип, ол күнделикли турмысымызда кең қолланылып киятыр. Нақыл-мақаллардың биразы от хаққында.

Мәселен, «от басы-ошақ қасы аман болсын» дейди ақ пәтия берип атырып кексе аталарымыз, бул демек олардың шаңарағына аманлық тилегени. Гәптиң ийини келгенде: «ол үйдиң оты өшип қалды ғой» дейди ақ шашлы аналар, бул гәп: «ол үйдиң ийелери өлип жоқ болды» дегенди аңлатады. Хаялы өлип, қайта үйленген адамға: «ендиги жағында отың өшпесин» дейди аўыл жасы үлкенлери, демек қожалықтағы оттың ийеси хаял, ол болмаса қазаның қайнамайды, үйде аўқат писпейди. Хәттеки оттан үйиң өртенип кетсе де: «от — ораз» деп жубатады адамлар. Бул оттың қәсийетли екенлигин, «бәледен-мәтерден, қәўиптен-қәтерден» сақлайтуғынлығын, жаман нәрселер жанып кетип, қырсықтан қутқаратуғынлығын билдиреди.

Соны да айтыў керек, тап күни кешеге шекем, үйлерге тәбийий газ келе қоймай, аўыл жигитлери бир-бириникине отын көмекке барып жүрген ўақытта: «ердиң атын қатын шығарады, қатынның атын отын шығарады» деген гәплер айтылып жүрди.

Ал енди от туўралы бул гәплердиң төркини қаяқтан шыққан? Жеке қудайлыққа бойсынамаң дегенше қарақалпақлар от қудайына исенген бе? — деген орынлы сораў туўады. Бул жағдайлар бизлерден тарийхқа тереңирек үңилиўди талап етеди.

Антик дүнья тарийхшылары берген мағлыўматларға қарағанда Орайлық Азияда сак, скиф, массагет, дах қәўимлери жасаған. Гейпара дереклерде хорезмий, согдиялық, уйшун, кунгир, эфталит атамалары да ушырасады. Бирақ олар хәзирги өзбек, қазақ, тәжик, түркмен, қырғыз, қарақалпақ миллетлериниң қайсы бирине тийисли екен-



лигин билиў қыйын. Бәлким, олар бизиң бәршемиздиң ортақ ата-бабаларымыз шығар?

Мүмкин...Бирақ адамзат қанша цивилизацияны басынан кеширмесин отқа байланыслы бул сөзлер бизиң дәўиримизге келип жеткени мәлим.

Дийқаншылыққа қоса шарўашылық пенен шуғылланғанлықтан гүз келсе де, малдың жағдайына қарап, жуўық арада қысқы мәканға көше қоймайтуғын еди қарақалпақлар. Бизиң үйимиз де сондай шаңарақлардан болды. Апам әжапамларға қарата: «әтештанға қоз тарт» деп азаңғы қара шайды демлеп отырып, дүмшеге сүт қуйып, оны ғыжлаған қоздың үстине қояр еди.

Асхана хызметин атқаратуғын қара үйден басқа бардамлы хожалықларда ақ отаў тигилиўли турар еди. Үйге сыйлы мийман келген пайытларда «отаўдағы әтештанға қоз апарып қой» дейтуғын еди қонаққа аўқат бердиң алдында бизлерге апам. Сонда қып-қызыл қоздың ыссы леби ақ отаў ортасындағы әтештанды дөгерекленген адамлардың жүзине урып, пүткил денесин ысытып, айрықша жылылық хәм маза берер еди.

Әтештан... Оның жағылған оттың қозы туратуғын орын екенлигин түсинсек те, бул сөздиң қалай пайда болғанлығын, оның келип шығыў тарийхына онша итибар бермейди екенбиз.

Шынында қарақалпақша әтештан сөзи, от қудайы Аташ (Әтеш) атамасынан келип шыққан болыўы керек. Мениң пикиримше заманлар өтиўи менен от қудайы Аташ аты кишигирим өзгерислер менен оттың нағыз мағызы қоз тартылатуғын орын — әтештанға қолланылған. Ал қозды тартатуғын әспаб — әтөшкир деп атала баслаған.

Бизге мәлим, Орта Азия халықларының тарийхында Кушан дәўири айрықша орынды ийелейди. Ол қудиретли Орта Азия — хинд мәмлекети бес юечжи урыў қәўиминиң бири Гуйшун (Кушан) аты менен белгили. Бул империяға киретуғын, географиялық жақтан бири-биринен узақ ўәлаятлардың хәр қыйлы тиллерде сөйлейтуғын халқы, өзлерине тән үрп-әдет, дәстүрлери болса да, олар бирлесетуғын улыўмалық руўхый мәдениятқа ийе болмаған. Лекин олар арасындағы қарым-қатнас кең ен жайған, бири-бири менен тығыз мәдений байланыс жасап турған.

Ол дәўирлерде шығысы бойынша хәр қыйлы диний исенимлердиң болғанлығы хаққында көп санлы археологиялық қазылмалардан табылған затлар әхмийетли мағлыўматлар береди. Әсиресе бул хаққында артқы жағында хәр қыйлы қудайлардың сүўретлери

салынған Кушан патшаларының теңгелери теңи-тайы жоқ нусқа-хұжжетлерден есапланады.

Бул туўралы илимпазлар И.Джаббаров, Г.Дресвянская былай деп жазады: «...Канишке хәм Хувишке патшалары дәўириндеги теңгелерде Кушан-бактрия қудайларының сүўретлери ушырасады» олар Михр-Митра (қуяш қудайы), Мах (Айдың еркек қудайы), Атеш (от қудайы), Фарр (табыс хәм молшылық қудайы) және оған сай егизек хаял түриндеги дақыл қудайы-Ардохш, еркек түриндеги Әмиўдәрья қудайы-Вахшты гезлестириў мүмкин». *( И.Джаббаров, Г.Дресвянская. Духи, святые, боги Средней Азии. Ташкент. «Узбекистон», 1993 г. стр.72.).*

Буған мегзес сөз дизбеклери зороастризм (зардуштийлик) динине байланыслы тарийхый дереклерде де жийий-жийи ушырасады. Мәселен, илимпаз Бойс Мэри: «Классикалық зороастризм «от үйлериниң» еки түрин биледи. Олардың бириншиси-жеңис мүнәсибетине жағылатуғын отлар — «Аташ Бахрам» болып есапланады, оның ушын арнаўлы жайлар соғылған, ал екиншиси — «Аташ Адуран» — бул хақыйқый тайпадағы адамлар ушын отлар, ол хәрбир үйде жағылады, оның ушын арнаўлы бөлме, ямаса бир мүйеш ажыратылады. «Аташ Адуран»ның қарсы алдында айрықша сыйлы мийман хәм үй ийеси ушын арнаўлы орын қойылған болады» *(Бойс Мэри. Зороастризм. Верования и обычаи. М. 1976 г. стр. 80.)* деп көрсетеди.

Жоқарыда аты аталған илимпазлардың нусқалары бизге тағы да терең ой салады. Демек, қарақалпақлардың арғы бабалары, ол қандай атама менен тарийхый жылнамаларда жүрмесин, от қудайына исенген екен дә? Бул исенимниң соныңдай тыянақлы болғанлығы соншелли, ол нешше әсирлерден, мың жыллықлардан өтип, бизиң дәўиримизге, бүгинги күнимизге келип жеткен. Келгенде де қандай болып десеңиз-ши?! Хешқандай өзгермеген халда« Аташ (Әтеш), Аташ-әтештан, әтөшкир!

Бундай сөз, бундай мәнисте, басқа туўысқан халықлар лексикасында бар ма, яки жоқ па? Оны анықлаў тилши илимпазлардың иси.

Ал бул сөзлердиң қарақалпақ тилинде гезлесиўи қарақалпақлардың от қудайы Атешке сыйынғанлығынан дерек беретуғыны гүмансыз.



## 3. «Сары тон»ның сыры неде?

Биз жасап атырған аймақ — Орайлық Азия, дүньядағы ең әйемги динлердиң Ўатаны болып есапланады. Солардың ишинде зардуштийлик (зороастризм) дини айрықша орынды тутады. Өйткени Зардушт тәлиматы хәм оның муқаддес «Авесто» китабы Орайлық Азия халықлары тарийхында әхмийетли мийрас болып есапланады.

Мен буннан бурын баспа сөзде жәрияланған «Қарақалпақлар от қудайына сыйынған ба?» *(«Қарақалпақстан жаслары» газетасы, 2001-жыл, 1-февраль.)* деген мақаламда ата-бабаларымыздың от қудайы Атешке болған мүнәсибети, улыўма отқа болған халқымыз арасындағы хүрмет-иззет мәселелери жөнинде азы-кем гәп етип, қарақалпақлардағы «әтештан» сөзи от қудайы Атеш исминен келип шыққан» деп болжаған едим. Енди бул мәселеге және де тереңирек үңилсек, Адам атлары Аташ, Әйтеш, оттың қозын тартатуғын «әтөшкир» атамалары да тиккелей сол от қудайы — Атешке байланыслы болыўы мүмкин, деген пикир туўылады. Бул нәрселер мени Зардуштийлик (зороастризм) динине, оның тарийхый дереклерине тағы да айрықша дыққат аўдарыўға ийтермеледи.

Уллы шайыр Әбилқасым Фирдоуси өзиниң әжайып шығармасы «Шахнама»да зардуштийлик (зороастризм) дини хәм оның тийкарын салыўшы пайғамбар Зардушт (айырым дереклерде Заратуштра) туўралы жүдә жақсы пикирлер айтады. Ол (Зардушт) жигирма жасында нар түйеге минип, аўылма-аўыл, қалама-қала жүрип, жеке қудайлық идеясын нәсиятлаған. Арадан он жыл өткеннен кейин қудай Ахурамазда идеясын дөреткен, сөйтип адамларды өзине исендире баслаған.

Шын мәнисинде зардушт сөзи «сары тон» дегенди аңлатады екен, себеби Зардушт пайғамбар мудамы үстине сары тон кийип, түйе үстинде жүрген деген халық арасында рәўиятлар бар. *( Хамиджан Хамидий. Узбек педагогикаси антологияси. Тошкент. «Ўқитувчи», 1995 й.)*

Рәўиятлар...Әўладтан-әўладқа өтип, бизиң дәўиримизге шекем келип жеткен бул рәўиятлар шынлыққа не деген жақын! Әсиресе олар ярым көшпели турмыс кеширген қарақалпақлардың өтмиштеги күн көрис кәлпине оғада үйлесикли келеди. Қыстың зығырлықлы, қыраўлы күнлеринде сахрада жасайтуғын халық үстине тон киймесе суўыққа қалай шыдайды. Ондай тонлардың ең үлкенин кишкене гезлеримизде бизлер ғаррылардың үстинде көргенбиз.

Олай болса қарақалпақ ауылларында елеге шекем ғаррылардың қыстың күни киийп жүретуғын, арқасында бауырсаққа мегзес, үш мүйешли тумары бар сары тон (сеңсең тон) бизге Зардушт пайғамбардан миирас қалған киийм екен дә!

Муқаддес китап «Авесто»да инсанға ой салатуғын пикирлердиң көп екенлиги илимпазларды елеге шекем таңландырады. Лекин адамгершилик идеялары менен суўғарылған Зардушт тәлиматы не ушын бизге толық түринде келип жетпегени хәммени ойландырады.

«Патша Даро ибн Даро ғәзийнеханасында («Авесто»ның он еки мың қара мал терисине алтын менен жазылған бир нусқасы бар еди. Искендер (Зулхарнайн) отханаларды ўайран етип, олардағы хызмет етиўшилерди өлтирген ўақытта оның (китаптың) бестен үш бөлегин өртепхх жиберди. Соның ушын (ақыбетинде) «Авесто»ның бестен үш бөлеги жоқ болып кетти» деп жазады бул муқаддес китап ҳаққында Абу Райхан аль-Беруний.

Ҳақыйқатында илимде Зардуштың туўылған хәм туңғыш мәртебе диний тәлиматын тарқатқан жери туўралы еки түрли пикир бар: биринш и — «Батыс теориясы» болып, оған қарағанда Медиа (хәзирги Иран аймағында) Зардуштың ўатаны хәм зардуштийликтиң дәслепки тарқалған жери болып есапланады. Бул пикир тәреплдарларының дәлили — биринш иден, зардуштийликтиң бурынғы Иран территориясында кең тарқалғанлығы болса, екиншиден, Зардуштийликтиң муқаддес китабы есапланған «Авесто»ның бизге жетип келген нусқасы ески Иран-пехлевий тилинде жазылғанлығынан болып отыр.

Ал екиншиси — «Шығыс теориясы» болып, буған қарағанда Зардуштың ўатаны хәм Зардуштийликтиң дәслепки тарқалған жери Хорезм есапланады хәм көпшилик илимпазлар бул теория тәрепдарлары болып қалмақта. Хорезм биринши болып Зардуштийликтиң муқаддес оты «Атар-хурра» жағылған хәм Ахурамазда Зардушт пенен байланысқан жер есапланады. Зардуштийликтиң тийкарғы тәлиматы болған «Авесто»да: биринши мәрте муқаддес от «Атар-хурра», «Эранвеж» де, (айырым дереклерде «Айран-веджа») да жағылды» делинеди. Олай болса, «Эран-веж»диң географиялық хәм ықлым шараяты Хорезмге туўра келеди.

Тарийхтан мәлим, «Авесто» тәлиматы әўладтан-әўладқа дәслеп аўызеки түрде таралған. Кейин ала ол хәркыйлы дәўирлерде қол жазба ретинде жазып алынып, топлам етилген: «Авесто»ның усы толықтырылған еки қол жазбасы Ҳиндстанда сақланған, олардың



биреўи — Бомбейде, Зардуштийлардың мәдений орайы болған Кома атындағы институтта, екиншиси — Калькуттадағы мәмлекетлик китапханада сақланған. Олардың екеўи де парфиян тилинде. Демек, оның текстин түсиниўдиң өзи аңсат емес.

Зардуштийлик дини ҳаққында инглис алымы Дж.Бургер, француз алымы Анкетиль Дюпперон жүдә қымбатлы мағлыўматлар қалдырған. Мәселен, А.Дюпперон 1755 жылы Ҳиндстанға илимий сапар етип, ол жердеги зардуштийлар арасында үш жыл жасаған, олардың ибадатлары, үрп-әдетлерин жақсы үйренген хәм «Авесто»ны француз тилине аўдарған. Үш жыл даўамында исленген аўдарма 1771-жылы баспадан шыққан. *(Исхаков М.М. Зардуштийлик, Зардушт ва «Авесто» хакида. «Тил ва адабиёт таълими» журнали, 1993-жыл, 3-сан.)*

Илимпазларымыздың пикиринше, «Авесто» Батыс Европа, Иран хәм Ҳиндстан халықларының тиллери арқалы бизге жеткени ушын ондағы атамалар көпшилик жағдайларда түп нусқадағыларға туўра келмейди, онда түркий сөзлер жүдә аз қалған. Соған қарамастан бул жағдай бизди әйемги ата-бабаларымыздың диний қәдириятларынан алыслата алмайды. Қайтама бүгинги күнде жетик инсан тәрбиясында оның әхмийетине терең түсинген халда Президентимиз И.А.Каримов өзиниң «Тарийхий хотирасиз келажак йўк» шығармасында көрсеткениндей: «Авесто» әйемги заманда бул ески үлкеде уллы мәмлекет, уллы руўхыйлық, уллы мәдениат болғанлығынан гүўалық бериўши тарийхый ҳүжжет, оны хешким инкар ете алмайды» *(10-бет)* деп биз мақтаныш пенен айта аламыз.

## 12. ШЫҢҒЫС АЙТМАТОВ ХӘМ ҚАРАҚАЛПАҚ КИНОСЫ

*Еки Шыңғыс жаўлап алды елимди,*
*Биреўин мен жек көремен өлгенше,*
*Екиншисин ашып жүрек төримди,*
*Сағынаман, асығаман көргенше, —*

деп жазған еди Өзбекстан хәм Қарақалпақстан халық шайыры, Өзбекстан қаҳарманы Ибрайым Юсупов.

Шынында да туўысқан түркий тиллес халықлар әдебияты ўәкиллеринен дөретиўшилик хызмети бизлерге оғада таныс, исми жәхән классикалық әдебиятына кирген жазыўшылардың бири Шыңғыс Айтматов есапланады.

Қарақалпақ халқының қәдирдан досты болған ол бизиң классик шайырымыз Бердақ Ғарғабай улына баха берип, Бердақ та

көп миллетли туўысқан түрк тиллес халықлар әдебиятының бөлент шоққыларының бири деген еди өзиниң киноинтервьюинде. Ол бул сөзлерди тек экран ушын емес, Қарақалпақстан халық художниги Қәўендер Бердимуратов ушын да айтты. Себеби, ол бул гезлери жазыўшының қарсы алдында отырып, оның портретин полотноға түсирмекте еди.

Бул ўақыя 1977-жылы жүз берди. Қырғызстан Республикасының пайтахты Фрунзе (ҳәзирги Бишкек) қаласында «Қарақалпақфильм» киностудиясының дөретиўшилик топары — режиссер-оператор Эльдар Мамедов, картина директоры Батырбек Дилмуратовтың қатнасыўында «Бердақ» фильми ушын сүўретке алынған бул фрагмент ҳәзир киножылнама болып қалды.

Буннан кейин Шыңғыс Айтматов қарақалпақ әдебиятының классиги Бердақ Ғарғабай улының 150 жыллық мерекесине келди. Оның юбилейге бағышланған салтанатлы мәжилис минберинен сөйлеген сөзлери классик шайыр ҳаққында арнаўлы түсирилген ҳүжжетли фильмде өз сәўлелениўин тапты.

Мине оннан берли де арадан жыллар өтти. Жазыўшы Шыңғыс Айтматовтың роман, повесть ҳәм публицистикалық шығармалары менен қарақалпақ китап оқыўшылары кеңнен таныс болды. Оны қарақалпақ тилине аўдарыўда белгили шайыр ҳәм жазыўшы Узақбай Пиржанов пүткил талантын, жазыўшылық уқыбын ҳәм шеберлигин жумсап, айрықша белсендилик пенен хызмет еткен болса, жақында усы мақаланың авторы тәрепинен жазыўшының совет тоталитар дүзиминиң идеологиясына сәйкес келмей, «Әсирге татырлық күн» («Боранлы бәндирги») романы басылымларына кирмей қалған «Сарыөзек жазасы» қыссасы «Шыңғысханның ақ булты» атамасы менен қарақалпақшаға аўдарылып, «Әмиўдәрья» журналы ҳәм республикалық газеталар бетлеринде басылып шығарылып, оқыўшыларға инам етилди.

«...Шыңғыс Айтматов түркий халықлар романшылығының келбетин уллы орыс тилинде жарқын сәўлелендире алған жазыўшы...» деген еди Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық жазыўшысы Төлепберген Қайыпбергенов.

Түркий әдебиятымыздың бундай дүрдана шығармаларын халықтың кең қатламына жеткизип бериўде киноның атқаратуғын хызмети өз алдына.

Қырғызстан киношылары XII халық аралық Ташкент кинофестивалы қарсаңында жазыўшы Шыңғыс Айтматовтың «Әсирге татырлық күн» романы тийкарында «Боранлы бәндирги» фильмин сүўретке алған еди. Бул кинокартина Өзбекстан Республикасы пайтахтында үлкен әнжуман күнлеринде қойылып, ондағы қаҳарманлардың трагедиялық турмысы кино тамашагөйлерге терең тәсир етти. Бул киноленту «Қарақалпақфильм» киностудиясында қарақалпақ тилине аўдарылып, оған белгили дубляж режиссеры Таласбай Әбдиреймов дилмашлық етти. Фильмге Қарақалпақстан халық артисти Бегебай Алланиязов ҳәм талантлы сахна шебери Мәрияш Исмайловалар ҳаўаз берди.

...Әпиўайы Едигей Жанкелдин тәғдири-тарийхый сынақлардың ең шыңына шыққан. Езилген халықтың турмыс кәлпиниң ҳақыйқый мысалы. Машақатлы мийнет, сталинлик репрессия жыллары, Брежнев дәўириндеги мәңгүрлик Боранлы бәндиргиниң турғыны Едигейди ең жақынларынан, досларынан, ҳәттеки сүйиклисинен жуда етеди, лекин оның қайсар көддин бүге алмайды. Сол жағынан ол өтмиш дәўириниң соңғы қаҳарманы, топан суўын басынан кеширген Нуў пайғамбарға да усап кетеди, буның менен фильм бизге халықтың уллы еркин аяқ асты етиў хеш мүмкин емеслигин түсиндирип қояды.

Көркем өнер қәнигелери жақсы биледи, ҳәрқандай әдебий шығарманы кино тилине толық мәнисте масластырыў мүмкин емес. Соныңдай бир дөретпелер болады, олар тек те өзи пайда болған жанрында ғана өмир сүриўге ылайық ҳәм қалыпы. Сонлықтан болса керек, Г.Маркес өзиниң «Жүз жыл жалғызлықта» шығармасының Америка Қурама Штатларының Голливуд студияларының бири тәрепинен экранластырылыўына қарсы болған еди.

Лекин кеўли кең қырғыз жазыўшысы Шыңғыс Айтматов булай етпеди. «Әсирге татырлық күн» романының мәңгүр әпсанасына арналған бөлимин-түркменлер, тағы да бир әхмийетли тараўын — қазақлар, ал үшинши болып жазыўшының ўатанласлары — қырғызлар шығарманың дәслепкилерге қарағанда толығырақ вариантын экранластырып тамашагөйлерге усынды.

«Әсирге татырлық күн» романында Қазанғап — өтмиш, әпсана, тарийх, Едигей — бүгинги күн, Әбиўтәлип — келешек, қыял, фантастика сыпатында көринер еди.

Буның барлығын кинода қамтыў мүмкин болды ма? Бул ҳаққында романды кино тилине енгизген киносценарист Марат Сарулу: —«Әўел баста биз болмайтуғын исти болдырыў ушын нәтийжесиз урыныўлардан ўаз кештик ҳәм сценарийди тек те реалистлик талқы дәрежесинде қалдырыўға қарар қылдық. Китаптағы үш адамнан ибарат тийкарғы қаҳарманлар — Қазанғап, Едигей,

Әбиўтәлиплерге пүткил дыққат итибар қаратылып, олар арқалы дәўирдиң үш бирлигин сәўлелендирмекши болдық» дейди.

Мине усыннан-ақ қырғыз киношылары бул фильм үстинде қызғын жумыс алып барғанлығы билиний тур. Олар Шыңғыс Айтматовтай уллы сөз зергериниң романын экран арқалы көрсетиўди алдыларына ўазыйпа етип алғанлықтан бул мәселеге итибарсыз қараўға, хәтте орташа фильм жаратыўға да ҳақысы жоқ еди. Сонлықтан да бул фильм кино тамашагөйлердиң кеўлинен шығатуғын дәрежеде жақсы экранластырылған. Оны ҳүрметли жазыўшымыздың мына сөзлеринен сезиўге болады:

—«Мениң романымның киноэквиваленти сыпатында экранластырылған шығармалар ишинде ең сәтлиси усы»—дейди «Боранлы бәндирги» фильми ҳаққында жазыўшы Шыңғыс Айтматов.

Биз буны енди кино экранлары ҳәм телевидение арқалы ана тилимизде көриў мүмкиншилигине ийемиз.

## 13. ЖОЛМУРЗА АҒА ҲӘМ КИНО КӨРКЕМ ӨНЕРИ

Ушырасқанда опера артистине тән бөлент лапыз бенен қосықты салдыртып жиберетуғын бул ақсақалды тек Қарақалпақстанда ғана емес, пүткил Орайлық Азияда ҳәмме танийтуғын еди. Өйткени ол әдебияттың барлық жанрларында қәлем тербетти ҳәм ири сүйекли шығармалары менен кең журтшылықтың дыққат итибарына ылайық болды.

Ол сексенниң асқарынан да өтип, 85 жыллық торқалы тойын да белгиледи, үлкен менен үлкен, киши менен киши болып, бәрше менен тил табысып, көп жасады, тап күни кешеге шекем Жолмурза аға Аймурзаев қарақалпақ әдебиятының тири классиги болып, бизиң арамызда жүрди. Сонлықтан да сыншылар, қәлемлес дослары, замандаслары оны шайыр, жазыўшы, драматург сыпатында үлкен адамгершилик пазыйлетлерин айтып, елеге шекем исмин ҳүрметиззет пенен еске түсиреди. Ал шынында ол тек ғана әдебиятымыздың емес, қарақалпақ кино көркем өнериниң де түп сағасында турған ақсақалларымыздың бири еди.

Қарақалпақстанда халық хожалығының, илиминиң, әдебият ҳәм көркем өнериниң тез пәт пенен өсип баратырғанлығын, соның менен бирге республика халқының рәңбәрән турмысын кинематография шығармаларында кеңирек сәўлелендириў мақсетинде Өзбекстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң кинематография бойынша мәмлекетлик комитетиниң 1970-жыл 19-февральдағы 45-



санлы қарары менен Нөкис қаласында, Ташкент илимий-көпшилик ҳәм хүжжетли фильмлер киностудиясының Қарақалпақстан филиалы ашылды. Бул тарийхый ҳәм мәдений өмиримиздеги ийгиликли ислерди қоллап-қуўатлаған белгили мәмлекетлик ғайраткерлер Шараф Рашидов ҳәм Қәллибек Камалов, өзбек киносының атаханы — халық артисти, мәмлекетлик сыйлықтың лауреаты, режиссер-оператор, хүжжетли киноның жетик шебери Малик Қаюмовлар еди.

Ташкент илимий-көпшилик ҳәм хүжжетли фильмлер киностудиясының Қарақалпақстан филиалы өз жумысын 1970-жылдың 1-апрелинен баслады. Сол жылдың өзинде кинематография бойынша мәмлекетлик комитет белгилеп берген өндирислик тапсырма — қарақалпақ тилине 4 көркем фильмди аўдарыўдан, 4 «Совет Қарақалпақстаны» киножурналы, 2 хүжжетли фильмди сүўретке алыўдан ибарат еди. Усы мақсетлерди әмелге асырыў ушын 15 адам қурамындағы филиал жәмәәти дүзилди, оған белгили шайыр, жазыўшы ҳәм драматург Жолмурза Аймурзаев директор етип бекитилди.

1970-жыл — киностудияның Қарақалпақстан филиалы ушын тиклениў дәўири еди. Бирақ соған қарамастан режиссер Сәтбай Алланазаров, кинооператор Нағмет Дәўқараев, редактор Парахат Сабуровлардан ибарат филиалдың дөретиўшилик жәмәәти Жолмурза ағаның басшылығында өзлериниң өндирислик жобасын орынлап шықты, кинотеатр экранларына қарақалпақ тилинде еки сериялы «Ана муҳаббаты», «Гүнакар емес», «Мениң хаялымның абырайы», «Жас өспиримлер», «Ҳамраз» фильмлери шықты, киножурналларға хирург-врач, мийнет қаҳарманы Оразымбет Халмуратов, халық артисти Айымхан Шамуратова, шымбайлы белгили пахтакеш Амангүл Сапарбаева, Өзбекстанға мийнети сиңген көркем өнер ғайраткери, шебер қыл қәлем ийеси Қыдырбай Сайповлар ҳаққында сюжетлер кирди, «Әмиў бойының салыкешлери» атлы хүжжетли фильм түсирилди. Бул еле жас, қарақалпақ миллий киносының дәслепки, лекин нық қәдемлери еди.

1971-жылға келип, филиалдың өндирислик жобасы недәўир жоқарылады. Сол жылдың өзинде 12 көркем фильм қарақалпақ тилине аўдарылды, «Совет Қарақалпақстаны» киножурналының саны 6 ға жетти, усыған қоса тағы да жылына еки хүжжетли фильмди сүўретке алыў ўазыйпасы жүкленди. Бул өз гезегинде дөретиўшилик мийнет пенен шығыллаңыўшы көркем өнер ғайраткерлерин филиал жумысына көбирек қатнастырыў зәрүрлигин пайда етти. Сонлықтан да Юлдаш Мамутов, Реймбай Сейтов, Яхыт Алламуратова, Сапаргүл

Әуезова, Досберген Ранов, Қуўатбай Әбдиреймов, Кеңес Исаев, Нәжиматдин Ансатбаев, Маржан Халмуратова сыяқлы сахна шеберлери менен бир қатарда фильмлерге хәўаз бериўге келешегинен үмит күттиретуғын актерлардан Жалғас Султабаев, Мәмбетбай Садықов, Райхан Сапарова, Балтанияз Қайповлар да шақыртылды. Режиссер лаўазымында Ташкент көркем өнер институтын питкерген Зийнел Әбилакимов, Азат Шарипов, Узақбай Жәлимбетов, Таласбай Әбдиреймов, Тамара Әдилбаевалар, редакторлар болып Рахим Каймаков, Мәмбеталы Қайпов, кинооператорлар болып Нағмет Дәўкараев, Пердебай Қайповлар ислей баслады. Булар Жолмурза ағаның бирден-бир таяныш, шәкиртлери хәм кәсиплеслери еди.

Жыллар артынан жыллар өтти. Шашларын толық қыраў шалған Жолмурза ағаның торқалы тойларын қарақалпақ халқы туўысқан халықлар менен бирге тойлады. 1990-жылы Қарақалпақстан хүкимети ақсақал жазыўшымыздың 80 жыллық юбилейин белгилеў бойынша қарар қабыл етти. Бул хүкеметлик қарарда Жолмурза Аймурзаев хаққында хүжжетли фильм дөретиў иси «Қарақалпақфильм» киностудиясына тапсырылған еди. Көркемлик кеңестиң уйғарыўы менен ақсақал жазыўшымыз хаққындағы бул фильмниң сценарийин, сол гезлерде «Қарақалпақфильм» киностудиясының бас редакторы лаўазымында ислеп атырған мен, «Шайыр жолы» деген ат пенен жазып шықтым. Фильмниң режиссеры Дамир Әбдимуратов, кинооператоры Қалбай Исаков, картина директоры Батырбек Дилмуратов, мәсләхәтши-филология илимлериниң кандидаты Әбдирейим Насуруллаев болды.

...Үстине бөз көйлек, ақ ыштан кийген, қула дүзде жалаң аяқ қой бағып жүрген жетим баланың үстине атын айдап, дөнип келген бай, бир қозыны қасқырға алдырғаны ушын баланы қамшылап, қуўып жүрип сабай баслайды. Жетим бийшара қулындағы даўысы шығып жылап, талып қалады, лекин қасындағы ақ ийтинен басқа буны жубатар жан жоқ...

Фильм усылай басланады. Бул — жазыўшы Жолмурза Аймурзаевтың өмирбаянлық шығармасы — «Жетимниң жүреги» қыссасынан экранластырылған кино көринис еди. Картина кино тамашагөйлердиң жүрегине дәрхал жол таўып барды. Себеби онда ақсақал жазыўшымыз дөретиўшилик мийнет еткен әдебий жанрлардың дерлик барлығы да қамтылған еди. Жолмурза ағаның өз заманласы, аўылдың кейўаны бир хаялы менен бирге, еки атлы болып қатарласып баратырғаны, «Шайдахан» қосығының жаңлаўы менен шайырдың жаслығын еслетсе, оның Арал хәсиретин тәрийплейтуғын қосық-



ларды оқып, Әмиўдәрья бойларында турғанлары дәрья тартылған жылларды көз алдына келтирер еди.

Бизлер әдебиятымыздың ақсақалы хаққындағы үш бөлимнен ибарат отыз минутлық фильмди отыз күн даўамында түсирдик. Лекин Жолмурза аға менен өткен отыз күн, отыз минутлық картина сыяқлы тез зымырап өтип кетти. Енди келешек әўладқа бул фильм бийбаҳа естелик болып қалды. Белгили өзбек жазыўшысы Исфандияр: «Мен Жолмурза ағаны өзбектиң де, қарақалпақтың да жазыўшысы деп тән аламан» дейди.

Бул шынында да ақсақал жазыўшымыздың дөретиўшилик мийнетлерине берилген үлкен баҳа ғой! Не деген ойыншыл, хәзилкеш адам еди ол. Бир күни Шымбайда «Шайыр жолы» фильми ушын гезектеги сюжетлерди сүўретке алатуғын болдық. Сонда ол: «Алпысбай балам, мени «Чайка» машинасына миндирип апар, хәсиретли балалығым өткен жерлерге картайған шағымда шағлап бир барайын, мен ашық болып үйлене алмай қалған қызлар хәзир кемпир болып отырған шығар» деди. Мен буған келисим бердим, үйделескен күни азанда Жолмурза ағаның үйиниң алдына трансагенствоның «Чайка» машинасында жетип бардым. Олар белгили сахна шебери, халық артисти Айымхан апа Шамуратова менен бир көшениң бойында туратуғын еди. Бул салтанатларға Айымхан апа таң қалса керек, ол: «Хей, ақ бас шайыр, сеники бул не мәслик, картайғанда үйленбекшимисең» деди таңланып. «Аўа, қашанғы жесир боп отырасаң, қәне, мин машинаға, сениң менен «гулянки»ге шығамыз» деди Жолмурза аға. «Ой сениң усы хәзилиң қалмайды, мына баламнан уятын айтсаш, ол бизиң Бердақтың жорасы ғой» деп меннен қысынған Айымхан үйине кирип кетти. Ол кеткеннен кейин Жолмурза ағадан неге олай еткениниң мәнисин сорадым. Сонда ол: «Айымханға ашыўым келди, өйткени кешегиде арқа районнан бир молла оны айттырып келипти, соннан берли ол узын жең көйлек кийип жүретуғын әдетти шығарды, бул мениң оннан өш алып атырғаным ғой, Алпысбай» деди.

Бир мәртебе «Қарақалпақфильм» киностудиясының 25 жыллық мерекеси қарсаңында ол хаққында «Дәслепки директор» деген мақала жазыў ушын оның үйине бардым. Сонда ол әйне 85 жасында еди. «Әй, Алпысбай балам, хәзир хаяллар дүнья малға қызығады, дейди, қудайға шүкир, меңде ол нәрселер баршылық қой, сениң менен айттырып барсақ, маған бас қосқандай нашар табылмас па екен» дейди. Оның бул гәплерин ойын, деп қарасаң, гейде ол шынлыққа да айланып кетеди. Күнлерден бир күн Жолмурза аға менен Қараөзек районының басшысы Султамурат Қаниязовтың өтини-

шине бола салыкешлер хаккында «Алтын гүз поэзиясы» деген ат пенен Қарақалпақстан телевидениесине тунғыш реңли телекөрсетиў таярлап киятырған едик, тоғай хожалығының тусына келгенде Жолмурза аға минип киятырған машинамызды тоқтатып, «бир үйге кирип шығайық» деди. «Мақул» дедик бизлер. «Жалғыз баласы бар, тракторшы, деп еситтим, усы әтирапларда болса керек» деп сорастырып, бир баласы менен жаслайынан тул қалған хаялдың үйин таўып алдық. Лекин кеўлимиздиң хошы болмады, себеби тракторшы баласы авариядан қайтыс болып, келини хәм ақлығы менен бирге биз излеген кемпир аза тутып отырған екен. Мархумның жолына дуўа қылып, тийе берсин айтып, Қараөзектен қайттық.

...Оннан берли де бираз жыллар өтти. Хәзир Жолмурза аға арамызда жоқ. Лекин, оның «Шайыр жолы» фильминиң премьерасында айтқан мына сөзлери еле ядымда: «Мен фильмди көрип отырып хәм күлемен хәм жылайман. Себеби, оған өткен өмирим жақсы сәўлеленген. Бул ушын бахытлыман...» деген еди ол.

Сол айтқандай мен де, қарақалпақ әдебиятының ақсақалы менен өзимди дусластырған, оның менен тәғдирлес еткен өмириме ырзаман.

## 14. ДОСБЕРГЕННИҢ СОҢҒЫ ДАЎЫСЫ,

*ямаса мархумлардан мехримизди аямайық*

«Бул дүнья кимнен қалмаған. Бул өмирге келген адамийзат оннан не алып кетеди өзи?! Аты әлемге белгили ата-бабаларымыз да бул дүньядан хештеңе алып кете алмаған. Демек, инсан келешек әўлад ушын хызмет етеди. Пүткил өмир бойы маңлай тер төгип, күндикүн демей, түнди-түн демей миййнет ислегенинде де, оның тапқан тергени өзине толық буйыра бермейди. Бул дүньядан адамның алып кететуғыны бойына тең келетуғын ақсүп дейди. Бендеге тийисли нәрсе мине тек сол қусайды!» — деп бизлерге нәсият беретуғын еди ески мектепти көрген мархум Сәдетдин атамыз. Артық суўпының қызы — бизиң анамыз Нәзийра да, үйдиң үлкен кишилериниң барлығы да оны «молла ағам» деп атайтуғын еди.

Хәр сапары Досберген ағаны еслесем, дайы атамның сол бир гәплери ядыма түседи мениң.

Ол бул дүньядан не алып кетти. Мениңше төрт метр ақсүптен басқа хештеңе алып кетпеди. Қайтама бойына питкен бар талантын, адамгершиликтиң барлық пазыйлетлерин замандасларына берип кетти...

Мен ол киси менен көп жолдас болмадым, лекин оның сахнада, телевидениеде, радиода, киноэкранда дөреткен образларының ҳақыйқый шайдасы един.



Еле ядымда, мен ол ўақытта «Өзкинохроника» киностудиясының Қарақалпақстан филиалында аўдарма бойынша редактор болып ислейтуғын едим. Гезектеги көркем фильмди қарақалпақшалайтуғын болдық. Дубляж режиссеры Таласбай Әбдиреймов дәслеп фильмлерди көрип алыўға артистлерди шақырыпты. Өзи тар киностудияның (онда бул мекеме Куйбышев көшесиндеги ески бир имаратта жайласқан еди) иши қара ғарғадай адам болып кетти. Ол гезлери дубляж десе, роль жетиспей жүрген хәзиргидей үрпе-шүрпе емес, театрдан тайда туяқ қалмай келетуғын еди. Сонлықтан ба, қарақалпақшаланған фильмлердиң де сапасы хәзиргиге қарағанда анағурлым жақсы еди. Себеби актерлар жуўапкершиликти сезер еди, рольди жаман атқарыўға тамашагөйлерден уялар, сескенер еди, хәзиргидей бир рольдиң басын биреў баслап, ол жумысы шығып таслап кетсе, соңын басқа биреў даўам ететуғын жағдай болмас еди.

Қулласы кәлам, сол сапары бас рольге Досберген аға бекитилди. Жасыратуғыны жоқ, күнимиз театрға қараған соң актерлардың бос ўақтында фильмди жазып ала қояйық, деп хәммемиз уўда-шуў болып жүретуғын едик. Оларға шай демлеп бериўди үлкен бир мәртебе көремиз.

Бир күни кабинетимде жалғыз отырсам, қәпелимде Досберген аға кирип келди. «Буякка өтиң, ақсақал» деп атырман. Ол жоқарылаюды.

—Алпысбай иним, ким көрингенди дилмаш ете бермей, кино дегенди жазыўшы адамға, ямаса оның мәнисин түсинетуғын қәнигеге аўдартыўға болмай ма? — деди ол қызара бөртип.

Кейин билсем, қарақалпақшаға аўдарылған дубляж текстине наразы болып, келип турғаны екен оның.

—Олай етиўге болады, Досберген аға, лекин дубляж ушын келген фильмлерди редактор емес, директор бөлистиреди, өзиңиз билесиз, бизиң басшымыз кинооператор қәнигелигиндеги адам, — дедим мен жағдайды оған түсиндирмекши болып.

—Сонда жазыўшы халиңа сен не талап қылып отырсаң булманда?—деди ол.

—Аўдарылып келинген фильм текстлерин редакторлайман.

—Қой-ә....—деп бираз таңланып турды ол. — Демек дәслептенақ қәтеге жол қойылар екен дә, бул бир қара мийнет ғой онда, «шымшық сойса да қассап сойсын» деген бизиң ата-бабаларымыз! Досберген аға гәпин тастыйықлап, бармағын шошайтты хәм «Майсараның хийлеси»ндеги өзине тән даўысы менен директорымызға қарата қарақалпақ шайырынан бизге мийрас болып қалған мына классикалық қатарларды айтып, бөлмеден шығып кетти:

*Елдиң арын арламаса,*
*Бары-жоқты барламаса,*
*Аш ҳәм тоққа қарамаса,*
*Ондай басшы неге керек?*

Кеткеннен кейин оның гәплери маған бурынғыдан да бетер тәсир етти. «Ырасында да түк абыройы жоқ лаўазымды ийелеп,не қылып отырман мен бул жерде?! Москваға барып, киносценаристлердиң ҳәм кинорежиссерлардың Пүткил аўқамлық еки жыллық жоқарғы курсына конкурстан өтип келгенимде, «бизде көркем фильм хеш ўақытта да түсирилмейди, соның ушын еки жыл даўамында саған стипендия төлей алмайман» деген басшы басқарып атырған кеңседе келешекте қалай ислеймен?! «Имтихан тапсырыўға Москваға кел» деп шақыртқанда маған билет пул да төлемеп едиаў. Сонда тек те жас жазыўшы екенлигимди есапқа алып, әлле қаяқтағы жазыўшылар аўқамы ғәрежетти көтерди. Ол ўақытта жазыўшылар аўқамының баслығы Ибрайым Юсупов еди. Буның барлығына шыдай бериўге бола ма?!» Усыған мегзес ойлар изли-изинен дизбекленип, қыялымнан өте берди.

Ҳәр нәрсеге бир нәрсе себепши болады ғой. Солай етип, мениң киностудияны таслап, Қарақалпақстан телевидениесине редактор болып кетиўиме Досберген ағаның сол бир гәпи қамшы болды.

Телевидениениң көркем өнер редакциясында ислей басладым. Досберген аға менен бул жерде де жийи-жийи ушырасып туратуғын болдым. Ол бул жерге телеспектакльлерге түсиўге келетуғын еди. Соннан ядымда қалғаны жазыўшы Шаўдырбай Сейтовтың «Халқабад» романы бойынша марҳум, талантлы режиссер Узақбай Жәлимбетов экранластырған «Комсомолдың бес қосығы» дөретпеси еди. Умытпасам соның сценарий авторларының бири ҳәм редакторы Өмирбай Хожанов шығар деймен. Себеби олар онда хасла жубын жазбай, тиртеклесип, жүргени-жүрген еди. Сахна, экран шығармасы өзи соныңдай тығыз, бирге ислесиўдиң нәтийжесинде дөрейди ғой, ақыры.

Сол жыллары театрда да, телевидениеде де үлкен классикалық шығармаларды жүзеге асырыўға бет бурылды. Қарақалпақстан Республикасына хызмет көрсеткен артист, марҳум Кеңес Исаев тыныптыншымас бир адам еди. Телевидениеде режиссер болып ислейтуғын ол миниатюра, телеспектакль кояман, деп театр менен телевидение арасындағы жолды ақ соқпақ етип жүретуғын еди. Оның минбейтуғын транспорты жоқ, велосипедли де, мотоциклли де, машинаның ашық бортында да жүре береди. Ол бийшара журт қусап машиналы болыўды әрман ететуғын еди. Әрманына жетти, кейин тап сол,



«Москвич» машинасын қолдан сатып алып, оның рәхәтин көрмей, Қарақалпақстан халық артисти Өтебай Темирханов ҳәм Қарақалпақстанға хызмет көрсеткен артистка Гүлчехра Сабуроваға бағышланған гзектеги концерт программасын жазып болып, қыстың күни машинасын қыздырып қояйын, деп ходлай алмай, моторды шуқылап атырған жеринде жүреги тоқтап қалып, қайтыс болды.

Ол өзиниң үлкен бир арзыўлы әрманын иске асыра алмады. Оған да сол гездеги Гостелерадио басшылары себепши еди, әлбетте.

Кеңес Исаев Ф.Шиллердиң «Қарақшылар» пьесасын Қарақалпақстан телевидениесинде сәўлелендирмекши болып, бармаған жери, кирмеген тесиги қалмады. Дем алысқа шыққан маған «Қарақшылар»ды русшадан аўдартып, бир ай үйинде «қамап қойғаны» еле ядымда. Сонда оның зайыбы — Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген артистка Маржан Халмуратова шай демлеп, аўқат әкелип бериўге ғана сол бизлер отырған бөлмеге киретуғын еди. Сонда Кеңес ағаның баслы әрманы — кексе Моор етип, Досберген Рановты ойнатпақшы еди. Үйлери «Черемушка»да қоңсы болғанлықтан олар бул пьесаның бөлимлерин бирликте репетиция етип те жүрди. Әттең...Гостелерадионың сол ўақыттағы басшылары Кеңес Исаев пьесаны қоймақшы болып, оған костюм, реквизит, кәрежет сорап барғанында, басы аўырмайтуғын көп «яқшыны» айтты да, исти бежермеди. Мен аўдарған қол жазбаны қолында услап жүрип, тоздырып, Кеңес Исаев та бул дүньядан әрманлы өтип кетти.

Ақыр соңында Досберген ағаның мийнети, ислеген есап-сансыз репетициялары босқа кетпесин, деп мен «Қарақшылар» пьесасын қаржы талап етпейтуғын Қарақалпақстан радиосына апарып бердим. Оны режиссер Хатийша Өтелиева эфирге шығарды. Солай еткеним де жақсы болған екен, қатты кеселленип жүрген Досберген аға оның биринши бөлиминде түсип үлгерди. «Неге толық жазып ала коймадыңыз» деп мен радионың хызметкерлеринен сорағанымда олар маған, «пьеса көлемли екен, оған төленгеди гонарар таба алмадық, жетерли пул тапқан ўақытта жазармыз» деди. Еситиўимше ҳәзир телевидение ҳәм радио жетерли эфир ўақтына, гонорарға ийе болыпты. Әттең оның енди Кеңес Исаевқа да, Досберген Рановқа да кереги жоқ, олар әлле қашан топырақтың астында жатыр...Мине бул Кеңес Исаевтың мениң менен бирге ислеген соңғы мийнети, Досберген ағаның образға енген соңғы даўысы еди.

Не деген өкинишли. Мен Досберген аға менен соңғы мәртебе телефон арқалы сөйлестим. Онда мен Қарақалпақстан областлық партия комитетиниң идеология бөлиминде инструктор болып ислейтуғын едим. Досберген аға арамыздан ерте кетип қалар дедим

бе, бөлим баслығымыз Жаңабай Нарымбетовтың алдына «Рановты Өзбекстан халық артисти атағына усыныўымыз керек» деп шырлап бара бериппен.

—Қой, Досберген ол атақты әлле қашан алған шығар, қатарының бәринде бар ғой,—деди Жаңабай аға.

—Яқ, алмаған, сол ғой мениң тынышсызланып жүргеним,—дедим мен.

—Әй яғ-ә, сен еле сорастырып көр, олай болыўы мүмкин емес ғо,—деди ол.

—Мүмкин екен, оның қатарларынан ҳәмме алған дә, лекин қарақалпақ сахнасында жүзлеп жарқын образларды жаратқан адам ол атаққа миясар болмай қалыпты,—дедим ҳәм гәпимди дәлиллеп бердим.

Нәтийжеде тез күнниң ишинде «Өзбекстан халық артисти» атағына Досберген ағаның ҳүжжетлерин таярлап жибериң, деп театрға тәртип берилди. Театр мәдениият министрлигине, министрлик Нөкис қалалық партия комитетине, қалалық партия комитети Қарақалпақстан областлық партия комитетине, областлық партия комитети Өзбекстан компартиясы орайлық комитетине хат жоллап жүргенде арадан бираз ўақыт өтти. Бул гезлери Досберген аға төсек тартып жатып қалған еди. Мен күнде Ташкентке қоңыраў етип турдым. Бир күни қуўанышлы хабардың ушлығы еситилди. Өзбекстан Компартиясы орайлық комитетиниң мәдениият бөлиминиң инструкторы Степанова Елена Георгиевна Досберген ағаға «Өзбекстан халық артисти» атағы берилсин деген орайлық комитеттиң қарарының шыққанлығын айтты.

—Ал енди не?—дедим мен қуўаныштан даўысым дириллеп.

—Қарар Өзбекстан Жоқарғы Кеңеси Президиумына берилди, Президиум пәрман шығарады,—деди ол.

—Тезирек шыға қойса болар еди,—дедим мен тынышсызланып.

—Хе-е, не болып қалды?—деди екинши тәрепте турып Елена Георгиевна.

—Ол аўырып атыр еди...

—Ҳеш гәп, саўалып кетсин, меннен оған сәлем айт. Қутлықла, оның менен театр-көркем өнер институтында бирге оқығанман,—деди ол.

—Яқшы,—дедим мен.

Сол күни Досберген аға менен телефоннан сөйлестим. Айтқан жаңалығыма ол бир түрли кейипте жуўап берди. Оның сөзлеринде исенимнен көре үмитсизлик басым еди. Енди билсем, ол сол бир күнлерге жете аламан ба, жете алмайман ба, деп толғанып атырған екен.



—Ырас па?—деди ол.

—Ырас, Досберген аға, исене бериң, Елена Георгиевна да сизге сәлем айтып, қутлықлап атыр,—дедим мен.

—Рахмет, рахмет, иним Алпысбай,—деди ол,—кел үйге, бирге жуўамыз.

—Бараман аға, «Өзбекстан халық артисти» деген белгини өңириңе тағып, гүўалықты қолыңа алған күни бараман,—дедим мен.

—Болады, иним...

Лекин ол күн бизлерге несип етпеди. Арадан көп күн өтпей, Досберген аға мәңгиге көз жумды. «Өзбекстан халық артисти» атағы берилсин деген Өзбекстан Компартиясы орайлық комитетиниң қарары шыққан екен, Жоқарғы Кеңес Президиумының пәрманын өз көзи менен көре алмай кетти-аў, бийшара» деп гүңкилдести матам жыйынына келген халық. Лекин сол бир атақты сорастырып, сол пайытта, яки оннан кейин, Ташкентке барып қайтатуғын мәдениият министрлиги яки театр системасынан бир де бир мәрт шықпады. Бундайда мекеме дегенниң әхмийети арықша болыўы керек ғой, шынында.

Еле ядымда, Қарақалпақстан телевидениесиниң режиссеры Узақбай Жәлимбетовқа «Қарақалпақстанға хызмет көрсеткен артист» атағы берилсин деген областлық партия комитетиниң қарары шығып, бирақ еле Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси Президиумының пәрманы шықпай атырғанда ол аварияданқайтыс болды. Сонда Шарап Уснатдинов Қарақалпақстан телевидениеси ҳәм радиосы мәмлекетлик комитетиниң телевидение бойынша орынбасары борлып ислейтуғын еди. Бир бас, бир қас болып айтысып жүрип, Узақбай Жәлимбетовтың «Қарақалпақстанға хызмет көрсеткен артист» деген гүўалығын жаздырып, өңирине тағатуғын белгисин ол Жоқарғы Кеңес Президиумынан өзи қол қойып алып кетти.

Өңирине илинбеген белги матам дастығына илинди. Лекин бәри бир ол Узақбай ағаның халық алдында ислеген мийнетлериниң нышаны еди. Соның менен бир қатарда бул талант ийесине көрсетилген ең соңғы ғамқорлық ҳәм итибар еди.

Мениң бул нәрселерди анық билетуғын себебим мен ол ўақытларда Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси Президиумы баслығының жәрдемшиси болып ислейтуғын едим.

Мине көрдиңизбе, адам бир-бириниң мехир-муҳаббатына, итибарына не деген мүтәж. Биз адамлар қарынымыз тойса құрбан хайт, деп жүре бергенше, бир-биреўимизге неге мехрибан болмаймыз. Тек жаманлық емес, жақсылық та қолымыздан келеди ғой бизлердиң.

Ал бизлер неге бул жөнинде ойланбаймыз. Бизде атаққа ылайық, лекин биймезгил көз жумып кеткен адамлар аз ба? Менинше хәр тарауда бар. Тек көркем өнер тарауын еслеп көрин: Даўытбай Қайпов, Абат Тилеўмуратов, Замира Хожаназарова, Азат Шарипов...хәм тағы басқалар.

Өзбекстанда бул ис жақсы жолға қойылған. Әдебият, көркем өнер, илим хәм тағы да басқа тарауларда пидәкерлик мийнет етип, ел-халқына аянбай хызмет көрсеткен инсанлардың исми еске алынып, аты мәңгилестирилип, оларға орден-медаллар берилип атыр. Талантты аса хүрмет етип, жоқары адамгершиликке тийкарланып, дөретиўши инсанларға итибар берип, бул мәселелерди қайта қарап шықса болмас па еди?! Менинше оны әдалатлы, заманға сай ететуғын ўақыт келди.

Бул хаққында ойланайық, тириден де, өлиден де меҳиримизди аямайық, адамлар!

## 15. ҚАРАҚАЛПАҚСТАНДА РЕҢЛИ КӨРСЕТИЎЛЕР ҚАЛАЙ БАСЛАНДЫ

Хәр нәрсениң өзине ылайық тарийхы болады. Сол сыяқлы Қарақалпақстан телевидениесинде реңли көрсетиўлердиң де басланыў тарийхы бар. Мен сол ийгиликли ислердиң басы-қасында турғанлардың бири болғанымды усы күнге шекем мақтаныш етемен.

1977-жылдың гүзи еди. Нөкис радиотелеорайына ПТС (көшпели телевизиялық станция) келди.

Бул тележурналистлер ушын үлкен мүмкиншиликлер есигин ашып берди. Енди реңли телекөрсетиўлерди тиккелей атыз басларынан, яки кәрхананың өзинен алып бериў хәм телетамашагөйлерге жеткизиў имканияты пайда болған еди. Хәмме буған қуўанысып қалдық. Телеорай директоры В.Капустин, бас инженер А.Аймурзаевлар реңли көрсетиўди тезирек эфирге шығарыўға асығып жүрди.

Сонда реңли етип нени көрсетиў керек? Оны кимлер таярлайды?

Қарақалпақстан республикасы телерадиокомитети баслығы Әбдибай Қарлыбаев бул мәселени коллегия мәжилисинде қарады. Комитет баслығының телевидение бойынша орынбасары Тәжетдин Сейтжанов, бас редактор Кеңесбай Рахманов, бас режиссер Мәсуатдин Ешанов, телевидениеде ислеўши хәрбир дөретиўши кәсип ийесине ўазыйпалар қойды, олар реңли көрсетиўлер таярлаў бойынша тез арада өз усынысларын бериўи керек еди.

Өзи исиң келисейин десе, талабың онына басады екен. Жыйналыстан шыққанымыз да сол, көшеде кетип баратырып Жолмурза ағаны ушыратып қалдым.



—Алпысбай, балам, киностудиядан кетип қалыпсаң, қәердесең бул күнде?—деди ол маған.

—Телевидениениң көркем көрсетиўлер редакциясында ислеп атырман,—дедим мен.

—Жүдә жақсы, ал енди бир гәп бар, Караөзек районының биринши басшысы Султамурат Каниязов «дийханларымызға хармасын айтып, бир йоштырып кет, аға» деп бизди мирәт етип атыр, соған бирге барып қайтсақ қалай болады,—деди ақсақал.

—Жүдә мақул, Жолмурза аға, бирақ сиз ол жолларда жеңил машина болмаса жүре алмайсыз ғой, оған көлик керек шығар?—дедим мен.

—Иләжы болады, оны өзим табаман, сен анаў киноға түсиретуғын баланды ертип жүрсең болды,—деди ол.

—Мақул, районда хабаршымыз бар, айтсақ ол бизге келип қосылады,—дедим мен.

Ертеңине жолға раўана болдық. Султамурат аға Қаниязов бизлерге райкомның инструкторы Тазагүл деген қызды хәм районлық мәдениат бөлиминиң баслығын қосты.

Қулласы бир хәптеге жақын Қараөзек районының пахта хәм салы атызларын аралап, дийқан хожалықларында дала мәртлери менен ушырасып, олардың шаңарақларында қонақта болдық. Хәрбир талант ийесиниң өзинше бир қәсийетлери болады ғой, көрген-билгенлерин басында писирип жүре ме, қолынан блокноты түспейтуғын Жолмурза ағаның күндегисин-күнде қосық қылып жазып таслайтуғын әдетлери бар еди. Көзимиз бенен көрип отырсақ та, арабша жазылғанлықтан бизлер оны оқый алмаймыз. Ертеңине ол ушырасыўдан алған тәсирлерин қосық етип дастурхан басында оқып береди. Көзимиз көрген ўақыялардан, хақыйқый турмыстан алынғанлықтан ба, жазғанлары хәммемизге унайды.

—Жолмурза аға, енди Нөкиске қайтайық,—дедим бир күни мен.

—Хе-е, кәпелимде неге асықтың, балам?—деди ол.

—Телеорайымызға ПТС келди, соған реңли көрсетиў таярлаўым керек, сизди эфирге алып шықпақшыман, көрген-билгенлериңизди, дийқанларға йош бағышлайтуғын қосықларыңызды оқып берсеңиз қалай болады?

—Бул жөнинде басшыларыңнан келисим алғанбысаң?

—Яқ, барып келисимин сорайман, менинше бұннан жақсы идея болмаса керек, көрсетиўдиң атын «Алтын гүз поэзиясы» деп қойсам ба деп турман. Пахта хәм салы атызының азаматлары менен ушырасқанымызды әңгиме қыламыз, түсирген киноленталарымыз да

бар, сизиң жазған қосықларыңыздың бағдары да усындай емес пе?

—Аўа, усыған сай келеди,—деди Жолмурза аға.

Бир хәпте дегенде Қараөзектен қайттық. Нөкиске келгеннен кейин бул жөнинде басшыларыма усыныс бердим. Қарсы адамлар да табылды, лекин мениң ой-пикирлеримди қоллап-қуўатлаўшылар көп болды. Жазған сценарийимди бас редактор Кеңесбай Рахманов, оннан кейин телерадиокомитеттиң баслығының орынбасары Тәжетдин Сейтжанов қайта-қайта оқыды. Кейин бул жуўапкершиликли жумыстың режиссерлығын телевидениениң бас режиссеры Мәсуатдин Ешановтың тиккелей өзине тапсырды. Ол бас художник Базарбай Әдилбековты шақыртып алып, реңли көрсетиў ушын декорация ислеўди буйырды. Лекин исленген жумыс бас режиссерға унамады. Таярлық үсти-үстине өткерилип атыр. Бирақ кеўилге қонымлы декорация, костюм жоқ. Биринши реңли көрсетиў болғанлықтан ким үстине не кийиўи кереклиги жөнинде де талас-тартыслар болып атыр. Тракт репитициясы ўақтында монитордан көринген көринис хешкимди қанаатландырмайды. Енди не қыламыз, ақылымыз хайран.

—Реңли көрсетиў тәбият бояўларын унатады деп еситип едим,—дедим бир ўақытта мен.

Мәсуатдин буны мақуллап, художниклер тәрепинен исленген декорацияның барлығын алдыртып тасламады. Енди безеў цехының жигитлери даладан шаўып әкелинген терек шақаларын төбеден салбыратып қоя баслады. Мониторға карасақ — көзиң қамасады, бир әжайып декорация болды ма дейсең, әсиресе дикторлымыз Бийбихатша Мәшарипованың шайы көйлегиниң түрли реңлерге дөнип турғанын қәйтерсең. Оның үстине шашлары гүмистей аппақ Жолмурза ағаның экранға жарасып кеткенине қуўанғанымыз өз алдына.

Солай етип диктор Бийбихатша Мәшарипова сол күннен баслап Қарақалпақстан телевидениесинде туңғыш реңли көрсетиўдиң басланғанлығын айтып, бул көрсетиўди журналист Алпысбай Султанов алып барады, деп телетамашагөйлерге дағазалады. «Алтын гүз поэзиясы» атлы биринши реңли көрсетиў усылайынша 1977-жылдың октябрь айында әфирге шықты.

Буннан кейин Қарақалпақстан художниклер аўқамы менен ойласа отырып «Сүўретлеў өнериниң шеберлери» атлы қарақалпақ хәм орыс тиллериндеги көрсетиўлерди ойлап таптық.

Хәзирги дей ТЖК жоқ, музей экспонатларын телестудияға алып келип, тиккелей көрсетиўлер өткиземиз. Сондағы Кәўендер



Бердимуратов, Жолдасбек Қуттымуратов, Дәрибай Төренизовлардың аўыр ағаш хәм мрамор мүсинлерин, Фаим Мадгазин, Рафаэль Матевосян, Жоллыбай Изентаев, Мурат Қудайбергеновлардың картиналарын көтерип шеккен азапларымызды еле умытпаймыз.

Соңын ала реңли көрсетиўлерге режиссер Узақбай Жәлимбетовтың концерт бағдарламалары, Кеңес Исаевтың телеминиатюралары, Алпысбай Қайповтың спектакльлери енисе баслады. Аўыл хожалығы менен жаслар редакциясынан ең дәслеп реңли көрсетиўлерге өткен бағдарламалары—«Алтын қоллар» хәм «Жаслық» көрсетиўлери болды.

Мине хәзир енди сол реңли көрсетиўлердиң бетин ашқан адамлардың көпшилиги арамызда жоқ. Бүгинги әўлад ол пидайы инсанларды, бул машқалаларды билмейди де, қыялына да келтирмейди. Хәзир реңли көрсетиўлер техникалық жетискенликлердиң енгизилиўи нәтийжесинде мазмуны байып, мүмкиншиликлери кеңейип, раўажланып атыр. Буны мақтаныш етиў менен бирликте гейде ескини, алдыңғы әўладлар басып өткен жолды еске алып турған шеп емес. Әйткени өтмишти билмеген, оны қәстерлемеген инсан келешектиң де қәдир-қымбатына жетпейди.

## 16. ПАЙТАХТ ГАЗЕТАСЫ ҚАЛАЙ ШЫҚТЫ

Сексенинши жыллардың екинши ярымы. Бул дәўирде халық хожалығының барлық тараўларындағы өзгерислер қайта қурыўдың шарапаты, деп қаралар еди. Мине сол жыллары Қарақалпақстанда Нөкис қаласы менен районы қосып жиберилди. Мен ол гезлери Қарақалпақстан обкомы партия комитетиниң идеология бөлиминде ислейтуғын едим.

Еле ядымда, Нөкисте жыйналыс болса, сол бәне менен аўылхожалығына зәрүр машиналар атыз жумысларын таслап, хәзирги қалалық хәкимияттың алдында дизилисип турар еди. Сол жыллары қала менен районды қосқаннан кейин Ақмаңғыттағы мекемелердиң барлығы қалаға көшип келип, аўыл халқы Нөкис қаласына қарай шубырысып-шошып журди. Солардың ишинде районлық газетаның редакциясы да Нөкиске көшип келди, енди ол полиграфкомбинаттың ески жайларының қуўыс-қолтығында орналасып, қалалық газета болып шыға баслады. Бирақ негедур бул газетаның мазмуны да, алып баратырған бағыты да, сол ўақыттағы республиканың биринши басшысына унамады. Шынында да «Коммунизм байрағы» деп аталатуғын бул газетаның ески сүрдеўден шығыўы, қала турмысына енисиўи қыйын болды.

Бир күни жумыстың ақыры еди, енди үйге қайтайын деп атырсам биринши басшымыз Қакимбек Салыков тосаттан мени тиккилей өзине шақырып қалды. Әдетте бундай шақырықлар тараўлық секретарь, бөлим баслағы арқалы болатуғын еди.

—Хей, Алпысбай,—деди ол сонда,-сен жазыўшысаң, мен шайырман, екеўимиз де творчество адамымыз, ал мына қалалық газетаның жағдайы саған унай ма?

—Яқ, унамайды,—дедим мен дәрхал.

—Ал онда қандай идеяң бар?—деди ол.

—Нөкис-республиканың пайтахты, сонлықтан онда барлық пайтахтлар сыяқлы кешки газета шығыўы керек, мәселен «Ташкент ақшамы»—«Вечерний Ташкент»ке мегзес, деп гәпти даўам еттирип баратыр едим, шыртылдаўық минезли ол мени дәрхал иркти.

—Хаў, Ташкент союзлық республиканың пайтахты, автономиялы республиканың пайтахты—Нөкис оның менен теңлесе ала ма?—деди ол.

—Яқ, бизиң Ташкент пенен жарысымыз жоқ, лекин Қазан, Уфа қалаларынан қайсы жеримиз кем, автономиялы республикалардың пайтахты болған оларда кешки газета шығады,—дедим мен усы өжетлигим, пикиримнен қайтпай.

—Охо, бул пикириңди қоллап-қуўатлаўға болады, қәне, тап хәзир ЦК КПСС ке хат жаз, өзим қол қояман,—деди ол. (Москвадан тиккилей жиберилген адам болғанлықтан ол бундайдан хасла тартынбайтуғын еди).

Мен русшалап хат таярладым. К.Салыков оған қол қойды да, дәрхал Москваға жөнетти. Көп узамай Нөкисте пайтахт газетасын ашыўға рухсат келди, Өзбекстан Компартиясы Орайлық Комитети арнаўлы қарар шығарды.

Бир күни К.Салыков мени тағы да алдына шақырды. Гәпти неден басларын билмеди ме, әлленемирде былай деп тил қатты ол:

—Биз екеўимиз ойлаған идея иске асты, Нөкисте қалалық газета шығарыўға рухсат алдық, ол қарақалпақ хәм рус тиллеринде шығыўы керек, оған басшы болғандай журналист таба алмай атырмыз, соған өзиң редактор боласаң,—деди ол.

Мен бир нәрсе айтпақшы едим, ол қақпалап мениң аўзымды аштырмады. Кабинеттен шықсам, «Шарап Уснатдиновичке кирип өтиўиңиз керек» деди аўыздағы қыз. Оның кабинетине бардым, болған истен хабардар тараўлық секретарымыз «қойын китабымның биринши бетине атыңды жазып қояман қошшым, газетаны бир баслап шығарып бер, соң басқа жумысқа аламан сени» деп бизиң қолтығымызға қалың көпшикти қойып алдастырған болды.



Ертеңине областьлық партия комитетиниң бюросы болып, мен Нөкис қалалық газетасының редакторы болып тастыйықландым.

Сол жыллары Нөкис қалалық партия комитетиниң биринши хаткери Орынбай Қуназаров, қалалық атқарыў комитетиниң баслығы С.Т.Нурхожаев еди. Енди «қалалық газетаны не деп атаў керек» деген ўазыйпа турды алдымызда. Нәтийжеде газетаның атамасы ушын конкурс жәрияланды. «Нөкис ақшамы»— «Вечерний Нукус» деген ат хәммеге мақул түсти. Лекин жоқарғы органлар «кешки газета халқы миллионнан асқан қалаға муўапық», деп күндизги қалалық газетаны шығарыўға рухсат етти.

Тағы да көп ойласқылар иследик, конкурс жәрияладық. Нәтийжеде пайтахт газетасы—«Нөкис хақыйқаты»—«Нукусская правда» атамасы менен 1989-жылдың ноябринен баслап хәптесине 2 рет қарақалпақша, 1 рет русша шыға баслады. Газетада редакторды eкu орынбасары, қарақалпақ хәм рус редакциялары пайда болды. Оған белгили журналистлер шақырылды, редактордың орынбасарлары болып Балтабай Мустапаев, Раиса Мордвинова, жуўаплы хаткер болып Бахтияр Ибрагимов, бөлим баслықлары болып М.Қарабаев, Ә.Үрпендиев, Ж.Төлегенов, хабаршылар болып П.Бегимов, К.Оразов, А.Жумабаев, Ш.Сийпатдинов, Р.Давлетов, корректорлар болып Т.Еримбетова, В.Воинов хәм тағы басқалар келди.

Қалалық газета өзи шыға баслаған дәслепки күнлерден баслап қала турмысына тереқ енисип кетти. Кәрхана, мекемелер туўралы арнаўлы полосалар, бетлер шөлкемлестирилди, әдебият хәм көркем өнерге кең орын берилди. Газета жәмийетлик шөлкемлердиң ҳақыйқый трибунасына айланды.

Мине оннан берли де жигирма жылға шамалас ўақыт өтипти. Еле жас болыўына қарамастан «Нөкис хақыйқаты» пайтахт турғынларының руўхый азығына айланып, Өзбекстан Президентиниң пәрманларын, Республика Министрлер Кабинети, Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси менен Министрлер Кеңесиниң, Нөкис қалалық хәкиминиң қәўли-қарарларын халыққа өз ўақтында жеткерип, оны нәсиятлап киятыр.

Әлбетте бул ийгиликли ис еле даўам ете береди. Бүгинги күни мен өтмишти еслей отырып баспасөздиң жаўынгер әўлады болған журналист-кәсплеслеримди ядқа аламан, пайтахт газетасының ашылыўына себепши болғанымды, оның биринши редакторы ўазыйпасын атқарғанлығымды мақтаныш етемен. Себеби газета мениң руўхый дүньямның умытылмас бөлеги, пайтахт турмысының хақыйқый айнасы болып халыққа хызмет етип киятыр.

## 17. ҚӘДИРДАНЫМ ҚӘДИР

*(эссе)*

«Алла таала адамды ылайдан жаратқан екен. Лекин оған жан берерде қатты қыйналыпты. Себеби жан адам денесин «иплас» деп есаплап, оған жуўық арада кире қоймапты. Сонда Алла таала жанды саз бенен, сәўбет пенен алдарқатып, адам тәнине киргизген екен».

Бул диний рәўият. Бирақ ондағы саз бенен сәўбетке деген жоқары итибарды қаран, жаратқан жарық ийемиздиң өзи саз бенен сәўбетти жоқары баҳалаған екен ғой! Бизге жетип келген! «Саз билан сәўбетти ялған демеңлер, Адам ата бинияп болғанда барды» деген ҳикметли гәплердиң таралыў тарийхы усыннан қусайды.

Ушырасып қалған пайытларымызда мен бул сөзлерди Қәдирге ҳәр сапары айтатуғын едим. «Жазған ҳәр бир намаң тыңлаўшының қәлбинен терең орын алып, оған илҳам-йош бағышлайтуғын болсын, сонда ол халықтың кеўлинен шығатуғын қосық болады» дегенлерим еле ядымда.

Сонда күн ара үйге келип туратуғын ол бираз күнлерге шекем маған көринбей кетеди. Енди билсем, ол бул гәплерден кейин өзине артықмаш ўазыйпа жүклеп, намаға жуўапкершиликли қарай баслайды екен.

Буның нәтийжеси жаман болмады, ол қарақалпақ музыка мәдениятының эстрада жанрында өзине тән жол менен «жарқ» етип шықты.

Сахна, экран ҳәм эфирдиң бир айырмашылығы сонда, сен шайыр болып «қосық тоқый бер», композитор болып нама жаза бер, ол тек ғана атқарыўшыны — қосықшыны тән алады. Соңлықтан да, шайыр ҳәм композитордың атларын концертлерде атқарып айтыў үрдиске айланбаған бизиң елде халық көбирек Мырзагүл Сапаеваны, Базаргүл Каримованы, Гүлқатыйша Айымбетованы, Дәлибай Мәмбетмуратовты, ҳәттеки күни кеше сахнаға шыққан Максет Өтемуратов пенен Гүлназ Өтеповаларды жақсы биледи. Бул тәбийий нәрсе.

Бирақ бәрибир мениң ойлаўымша, жоқарыда аты аталған қосықшылар Ибрайым Юсуповтай, Төлепберген Мәтмуратовтай, Толыбай Қабуловтай, Кенесбай Рахмановтай, Улмамбет Хожаназаровтай, Халила Дәўлетназаровтай шайырлардың илҳамбағыш шийрин сөзлери, композиторлар Әлимжан Халимов, Әбдиреийм Султанов, Худайберген Турдықулов, Нәжиматдин Мухаммеддинов, Зийўатдин Лепесов, Қәдир Ҳилаловлардың жипектей жағымлы, хоширеп намалары болмағанда бундай дәрежеде абырой-даңқ көтере алмас еди.

Бизлер Қәдир менен көп жыллар даўамында бирге ислестик. Оның музыка мәдениятымызды раўажландырыўдағы хызметлери



итибарға алынып, оған «Қарақалпақстан Республикасына мийнети синген көркем өнер ғайраткери» ҳүрметли атағы берилди. Әпиўайы талант ийесиниң халқы, ели алдындағы ийгиликли ислериниң баҳаланыўы үлкен бир саўабый ис болды.

Күни кешегидей еле ядымда, мен ол ўақытлары мәдениат мекемелери ҳәм дөретиўшилик аўқамлардың жумысын қадағалап, жолжоба берип отыратуғын областлық партия комитетиниң идеология бөлиминде ислейтуғын едим. Композиторлар аўқамында таза намаларды қабыллаў мәжилиси болып, соған мирәт етилдим. Аўқамның жумысына ол гезлери музыка изертлеўшиси, искусство илимлериниң кандидаты Тәжигүл Адамбаева басшылық ететуғын еди. Белгили композиторлар Әбдиреийм Султанов, Худайберген Турдықулов, Ғайып Демесинов, Раман Султанов, Ғаный Аманиязовлардың намаларын додалаў менен күн батып, кеш болды. Лекин есиктиң артында нотаға түскен намаларын қолтықлап, жаслар турған еди. «Ҳәўескерлердиң намаларын ендиги мәжилисте тыңлайық» деди шаршаңқыраған жасы үлкенлер. Сонда батырлық етип, «бир саат-ярым сааттың не ары бериси бар, олар да үлкен үмитлер менен намаларын алып келген, тыңлап көрейик, сизлер де жас болғансызлар ғой, ақыры» дедим мен.

Жасы үлкенлер мени сыйлады ма, яки жаслығы ядына түсти ме, орынларына отырды. Сол күни намалары қабыл етилген жаслардың ишинде Максет Дошбаев, Марат Курбанбаевлар менен бирге Қәдир Ҳилалов та бар еди. Мениң сөзлерим қамшы болды ма, аға композиторлар оларды мақтап, недеўир хошаметин берди.

Сол-сол екен, Қәдирдиң эстрада ансамблине жазылған намалары жүзеге шыға баслады. Оның дәслепки қосықларын қарақалпақтың туңғыш эстрада жулдызы, марҳум Замийра Хожаназарова атқарды. Телевидение архивиндеги сол жыллардағы жазып алынған қосықларға дыққат аўдарсаңыз, «Ойнасын» эстрада ансамблиниң қурамында электрогитарада ойнап турған, төбе шашлары еле түсе коймаған, узын бойлы, қылшылдақтай жигитти көриўиңиз мүмкин. Бул болажақ композитор — Қәдир Ҳилалов еди.

Жыллар не деген тезлик пенен зымырап өтеди. Нөкис мәдениат техникумын питкерген Қәдир қәнигелигин арттырыў мақсетинде Ленинград, Алма-Ата қалаларына да барып оқып жүрди. Лекин хожалық жағдайларына бола, питкере алмай, таслап кетти.

Енди Қәдирдиң саз әспабы да өзгерди. Шаўқым-сүренли эстрада ансамбли әсбаплары орнына «Ямаха» деген «бәле» келди. Шынында японлар ойлап тапқан бул музыка әсбабы хешқандай да «бәле» емес еди, оны кәмине келтирип шертип билмегенлер ушын, сырын онлы меңгере алмағанлар ушын «бәле» еди ол.

Кәдир енди бул әсбаптың нағыз «пири» болып алды. Жуўапкершиликли концертлердиң басы-қасында мудамы Кәдир араласып жүретуғынлығына көзимиз үйренип кетти. Ол жаслардың сүйикли композиторына айланды, әсиресе соңғы әўлад шайырлары оны жақсы түсинип, қосықларын сүйип тыңлайтуғын болды.

Оның менен мен тез-тез ушырасып туратуғын едим. Гейде ол «Ямаха»сын қолтықлап бизиң үйге келеди, гейде мен оның үйине барып тураман. Сонда Кәдир нама жазып атырған бөлмеге киргенимде дәслеп қорқып кетер едим, себеби думанласып кеткен сигарета түтини ишинен оның дәслеп намалар «урлап кеткен» шашсыз еңбегин, кейин бақырайған адырақ көзлерин, ол изин үзбей тутандыратуғын сигарета шоғын көремен.

«Ой-бой, буншама темеки шеге берип не азап еди, иним» деймен сонда мен. «Әй, азыў ушын шегип атырман, Алпысбай аға» дейди ол.

Яқ, шынында олай емес, күнине еки пачка сигарет шекпесе, Кәдир нама «жаза алмайды, илхам перилери оннан қашықлап кетеди». Ол ашқа көнсе көнеди дә, лекин сигареттиң жоқлығына көне алмас еди. Гейде үйге қоңыраў қылып, хешбир мәденият мекемесиниң басшысы оңыстырмай, үйинде тек нама жазыў менен хәлек болып, жумыссыз отырған Кәдир маған:

—Алпысбай аға, аўхал шатақ,—дейди.

—Хе-е, не болып қалды,—деймен мен.

—Темеки таўсылып қалды, ислер шала—дейди ол.

—Оның иләжы болар, дастурханда нан бар ма?—деймен мен хәзиллесип.

—Ал оны билмедим,—дейди ол.

Ырасында да ол хожалық жумысларының барлығын келинимиз Зинайдаға аўдарып, өзи тек дөретиўшилик пенен шуғыллanғанды жақсы көретуғын еди.

—Онда бир такси тут та келе ғой, кәрежетин өзим төлеймен, бир блок сигарет те аларсаң,—деймен мен.

Ол көп узамай үйге жетип келеди. «Ямаха»ны таслап кеткенимди қара, түк мийим жоқ-аў мениң, сизиң қосығыңыздың намасы мынандай болады, деп басларын шайқап ыңылдап береди ол. Хәр адам да бир кәсийет болады өзи, марҳум достымыз, композитор Зийўатдин Лепесовтың барлық намаларын әжайып етип ысқырып беретуғын әдети бар еди.

Негедур, «Мен муҳаббаттан басқа темаға нама жаза алмайман» дейтуғын еди Кәдир. Бул оның жаслығындағы гәплери екен. Туўылған жер, Ғәрезсизлик ҳаққындағы оның қосықлары Ташкентте, Нөкисте талай мәртебе атқарылды, биз екеўимиз жаратқан «Ўатан» атлы қосықты айтып, Мырзагүл Сапаева Ҳиндстанға барып қайтты. Мақсет Өтемуратов «Қарақалпағым»ды Башқуртстанда жаңғыртты. Буның барлығы енди өтмиш болып қалды.

...Айлы ақшамда есап сансыз жулдызлар ишинен бир жақты жулдыздың ағып түсип, сөнгенин көргениңиз бар ма? Жүрекке ләрзем беретуғын бундай қубылысты мен талай мәртебе көргенмен. Бул тәбият машқалалары.

Лекин, қарақалпақ музыка мәдениятында да усыған тақаббил ҳәдийсе жүз берди. Композитор Кәдир Ҳилаловтың кәпелимде нама жазып атырған қоллары талып, ол саз әсбапына басын қойыўы менен өмир менен хошласып кетти...

Жулдыз сөнди! Қарақалпақ эстрада көркем өнерин жоқары шыңларға көтерген, нама қосықларын дөретиўши, миллий мәдениятымыздың жақты жулдызларының бири биймезгил сөнди. Соңғы мәртебе муңлы нама шалып, саз әсбаптың тары үзилди!

2005-жылдың февраль айының 19-сәнесинен 20-сәнесине қараған ақшамда аспанды қақ жарып, түңғыйыққа сүңгиген жулдыз, нама ырғақларын толық атқарып болмай үзилген тар — композитор Кәдир Ҳилалов еди.

Кеўилсиз хабарды еситиўден оның үйине жетип бардық. Жүректи тилкимлеп шыққан көз жаслар, оны жоқлап, өлимге көзи қыймай, ах урып шеккен налалар оны узақ уйқыдан оята аламас еди. Ол соңғы сапарға атланар алдында жатыр... Мениң гәплеримди еситпейди, қанша баўырыма бассам да қызғын кәлбиминиң ыссылығын сезбейди...

Еле ядымда, Кәдирге «Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген көркем өнер ғайраткери» ҳүрметли атағы берилгенин еситип, қосықшылар Базаргүл Каримова, Мақсет Өтемуратов хәм менүшеўимиз оны қутлықлап үйине бардық.

—Охо, «крестный отец» келди!—деп қуўанғанынан мени қушақлап алды ол. Сонда мен дизе бүкпестен келинимиз Зинайда, Кәдирдиң перзентлери — Нәсиба хәм Пазылбектиң алдында қутлықлаў қосығымызды оқыдым хәм оның кеўлиндей ашық, жазық маңлайынан сүйдим. Ўәдеге опалылық болмай, жылда алданып, жүрек шайды болып қалған ол қуўанышлы хабарға исенерин де, исенбесин де билмей, әллен ўақытқа шекем сам-саз болып турды. Қосық мына тақылетте еди:

*Көлдиң сәни ақ қуў менен ғаз болар,*
*Сахна сәни қосық пенен саз болар,*
*Халқың саған әдил баҳасын берди,*
*Сени мың мақтасақ бүгин аз болар.*

*Сен гейде умытып тәшўишин үйдиң,*
*Күни-түни нама ышқында күйдиң,*
*Хәтте театрда түнеп түнлерде,*
*Кәстерлеп, кәсибиңди жаныңдай сүйдиң.*

*Сени гүналаған мың сөзлер жалған,*
*Нама сениң мәңги кәлбиңде қалған,*
*Жүрегиңе йошлы ырғақты қуйып,*
*Қорқыт ата сени ядына алған.*

*Қара табан қарақалпақ баласы,*
*Өмир екен ғой бул абырой таласы,*
*Шеберлик шыңына жете бергейсең,*
*Сазларыңның болмағай хеш шаласы!*

Кеўли бос еди оның. Сонда ақ көкирек, кемтар Қәдирдиң адырақ көзлеринен моншақ-моншақ жас тамшылары сорғалады. Бул қуўаныш жаслары еди, әлбетте. Неге екенин билмеймен сонда, «сақал-муртларымды алыўға хеш бир қолым тиймейди, усы наманы жазып болғаннан кейин екеўимиз қушақласып сүўретке түсемиз Алпысбай аға» деп еди ол. Әрманлар иске аспады.

...Мине енди бизлер сол бөлмеге тағы да келип турмыз. Енди Қәдир бул хәрекетлерди ҳасла қайталай алмайды. Мениң менен бирликте отыздан аслам нама қосықларын дөреткен, «Саясында отырсам талдың»ды кәмине келтирип Мақсетке үйреткен Қәдир үнсиз жатыр...

Қандай аяныішлы, қандай өкинишли ҳалат! Қырық алты бәҳәрин де көре алмай кетти ол! Бәҳәр йошланып нама жазатуғын мәўсими еди оның. Үйиндеги компьютеринде есап-сансыз, ол ойлап тапқан ырғақлар қалды...

Тири бенедениң түбинде баратуғын жери сол — қәбирстан! Бирақ ол жерге Қәдир арамыздан ерте атланып кетип қалды. Иләж қанша?!

*Өлим ҳақдур, әжел-тәғдирдиң иси,*
*Алда не боларын билалмас киси,*



*Топырағың торқа болғай әзизим,*
*Бейиш болғай жатқан қәбириңниң иши!*

—деп табытты қушақладым мен хәм хош...қәдирданым Қәдир!—деп оның менен хошластым соңғы сапарында.

Жулдыз сөнди. Бул тәбияттағы ҳалат. Лекин биз билемиз, нама жулдызы, эстрада жулдызы, көркем өнер жулдызы сөнбейди. Ол өмиримизге араласып, қосықлары менен жасайды.

Демек Қәдир бизиң арамызда мәңги тири.

## 18. САХНА СӘРБИНАЗЫ

*Қарақалпақтың болған жери «Дембермес»,*
*«Дембермес»ке хешбир нама тең келмес,*

—деп жазған еди миллетимиздиң мақтанышы, данышпан шайыр Ибрайым Юсупов өзиниң бир қосығында. Хәрдайым соны еслесем, Ташкентти таңланландырған, телеэкранларға телмирип қарап отырған көпшиликти қайыл қалдырған мына ўақыя ядыма түседи:

...Үстине кийген қарақалпақ миллий кийими өзине жарасқан, орта бойлыдан келген, қумай көзлери күлип турған қыз сахнаға шығыўдан зәўлим зал ишиндеги тамашагөйлер силтидей тынып қалды. Тыңлаўшыларды бириниши гезекте — саз сыйқыры, қосықтың сулыў ырғағы бийхуш еткен болса, екиншиден — атқарыўшы қыздың ибелилиги, гөззал кәдди-қәўмети, хаўазының хошрейлиги, бәринен де бетер оның даўысының бәлентлиги әбден таңландырып таслаған еди.

—Ой-бой, не деген қыйын қосық, буны атқарыўға бул қыздың деми қалай жетти екен-әй?—деп ҳайран қалған екен сонда жүрий ағзаларының бири.

—Жетеди. Жетпесе қарақалпақтың бул қосығы «Дембермес» аталар ма еди? — депти оған бизиң миллий мәдениятымызға қанық, қосық көркем өнериниң шайдасы оның қапталындағы киси.

Бул Сәрбиназ Аннакулова «Нихол» сыйлығы таңлаўында «Дембермес»ти кәмине келтирип айтқан пайытлардағы гәплер еди. Не деген баҳа! Хош хаўаз сахрайы халқымызға, оның көркем өнерине не деген хүрмет!

Жаслайынан қосыққа қызыққан, сахна шебери болыўды әрман етип өскен қоңыратлы қыз, Маннон Уйғур атындағы Ташкент көркем өнер институтының магистранты Сәрбиназ Аннакулова сонда бул сынақлардан да мәрдана өтип, келешегинен үлкен үмит

күттиретуғын, талантлы жасларға берилетуғын «Ниҳол» сыйлығына миясар болды. Бул 2007-жыл еди.

Қуўанышы қойнына сыймай, қус киби пәрўаз етти сонда Сәрбиназ. Арзыў еткен әрманларын, бийғубар балалығын, мектептеги жылларын, қанатлы жаслығын еследи.

1990-жылы 36-санлы (бурынғы Менделеев атындағы) мектептиң 1-класына қәдем қойған күннен баслап, мектептиң хәўескерлер дөгерегине қатнады. Сонда «Наўрыз» байрамының таярлықларында басқалар уялып кемпир, қыз жеңгеси, келиншек рольлерин ойнаўдан бас тыртып атырған ўақытларда, бул қуўаныш хәм үлкен қанаатланыўшылық пенен бул ўазыйпаларды атқарды, хәттеки шаппаттай болып, бесик тербеткен ана, еркек рольлерин де ойнап кете берди.

Ол жаслайынан ғайбар, айтқанынан қайтпайтуғын өжет қыз болып өсти. Буған оны анасы тәрбиялаған еди. Отырыспаның гүли, әп-әнедей хаўазға ийе анасы — Гүлистан қолы босаса, кешлерде әжапасы Гүлназ бенен буны қосық айттырып, жарыстыратуғын еди. Сонда Сәрбиназға: «сен әжапаңдай етип, қосықты кәмине келтирип айта алмайсаң, қуры қышқыра бересең» деп өшегистиреди. «Неге айта алмайды екенмен, мен хәзир кишкентайман, үлкейгеннен кейин мен еле оннан озып кетемен» дер еди, сонда Сәрбиназ. Жумысы қыстаўлы болғанлықтан ба, кәнигелиги юрист, әкеси Хожамберген аға буған немқурайды қарайтуғын еди.

Ырастан да, ўақыттың өтиўи менен кишкене Сәрбиназ айтқан ўақыялар олардың турмысында жүз берди. Мектебиндеги қосық сабағының оқытыўшысы Кеңесбай Тәжиқоразов Сәрбиназдың талантын аңлап, оны қосық айтыўға қызықтыра баслады. 6-7-класслларында ол дәслеп мектеп, район көлеминдеги қосықлар таңлаўында «Жақсы» қосығын айтып, Қарақалпақстан Республикасы көригине шықты хәм ең жоқары орынларды алыўға миясар болды, кейин «Өзбекстан — Ўатаным мениң» қосықлар байрамына Қарақалпақстанның атынан қатнасып, Ташкент қаласындағы «Түркистан» сарайындағы өткерилген таңлаўда сыйлы, үшинши орынды ийелеўге ерисги.

2000-жыл Сәрбиназдың өмиринде айта жүрерликтей үлкен өзгерислерге толы болды. Орта мектепти табыслы тамамлаған ол енди келешекте ким болатуғынын шешип алып, өмирге исенимли хәм нық қәдемлер қойыўы зәрүр еди. Бахыт оған күлип бақты. Усы жылы Ташкент театр көркем өнер институтына қарақалпақстанлы талантлы жаслардан топар қабыл етилетуғын болды. Мине усы топарға биринширлерден болып Сәрбиназ сынақтан өтти. Қабыллаў комиссиясының ағзалары дурыс шешимге келди, оның таланты,



көркем өнерге деген интасы итибарға алынып, ол талабалық өмирге жоллама алды.

Ол сазлы театр актерларын таярлайтуғын курсқа қабыл алынған еди. Бул жерде педагоглар Аман Әбдиразақов, Улуғбек Зуфаровлардан сахна сырларын үйренди, вокал бойынша — мақом қосықларының жетик шебери Хадия Юсупова менен Гүлсара Халбаевалардан тәлим-тәрбия ала баслады. Енди ол мәдений турмысқа билегин сыбанып кирисип кетти.

2001-жылы «Қарақалпақфильм» киностудиясы сүўретке алған «Танки» фильминде эпизодлық рольде көринди, өзи оқып билим алып атырған көркем өнер институтының оқыў-театрында Карл Голдонидиң «Мийманхана бийкеси» спектаклинде — еркек адамның ролин атқарды, драматург Кеңесбай Рахмановтың «Өлим жазасы» пьесасында Гүлназ ролин ойнап шықты, Уткир Хошимовтың «Еки есик арасында» спектаклинде — Мунавар, Шыңғыс Айтматовтың «Әсирге татырлық күн» шығармасы бойынша исленген инсценировкада — Найман ана образларын жаратты.

Лекин Сәрбиназ буның менен де шекленип қалған жоқ. Сахна сырларын барынша меңгериўге қуштар қыз, 2005-жылы бакалавриатты питкерип, сол жылы өзи оқыған институттың магистратурасына оқыўға кирди.

Дөретиўшилик табысларға толы еки жыл дем де зымырап өтип кетти. Ол белгили қарақалпақ режиссеры хәм актеры, Өзбекстан халық артисти, Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлықтың лауреаты Нәжиматдин Аңсатбаевтың дөретиўшилик жолы бойынша магистрлик диссертациясын жақлап шықты.

Енди оған сахна ушын кең жол ашылды. Сәрбиназдың интасын сезген Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик сазлы театрының басшылары оны сахналастырылайын деп атырған «Алпамыс» спектаклинде Гүлпаршын ролин атқарыўға мирәт етти.

1942-жыл 7-ноябрьде Қарақалпақстан халық артисти Тохта Рахманова ойнаған бул рольдиң, арадан 65 жыл өткеннен кейин оған тапсырылыўы Сәрбиназ ушын үлкен исеним хәм жуўапкершилик еди. Қарақалпақ театрының тарланы, режиссер Нәжиматдин Аңсатбаевтың батырлығы хәм көрегенлиги сонда, ол жаңа ғана институт партасынан шыққан, еле үлкен сахнада ысылмаған жасларға спектаклдеги баслы рольлерди берип алжаспады. Үлкен сахна шебери, Қарақалпақстан халық артисти Юлдаш Мамутов атқарған Алпамыс ролин жас актер Марқабай Үсенов инабат пенен атқарып шықты. Нәтийжеде Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмле-

кетлик сазлы театрының 81-мәўсими «Алпамыс» музыкалы драмасының таза сахналық редакциясы (варианты) менен ашылды.

—Театр есигин дәслепки рет ашқан күнлеримде, сонша ўақытлардан бери ислеп атырған апайлардың болыўына қармай, күни кеше келген маған бас ролдың берилгенине қысынып жүрдим. Кейин композитор В.Г.Шафранниковтың 1940-жыллары «Алпамыс» спектакли ушын дөреткен музыкасынан хабарым бар еди, оны «бүгинги күнниң талабына жуўап бермейди-аў, қалай атқараман» деп қыйналып жүрсем, атақлы композитор Нәжиматдин Мухаммеддинов ондағы айырым арияларды, хәр бир сахналық ўақыяларға тән, ықшам, тәсирли хәм патриотлық сезимлерге толы халық қосықлары хәм намалары менен байытқан екен, соған қатты қуўанып кеттим. Қосық пенен қосықтың бас аяғы кәп, лекин арияларды сахнада, рольге енисип турып айтыў өз алдына хөнер. Бул мәселеде маған биринши гезекте режиссер — Нәжиматдин Ансатбаев, артист апаларым — Мырзагүл Сапаева, Мәрияш Исмаиловалар билгенин аямай, жол-жоба көрсетти,—дейди Сәрбиназ.

2008-жылы Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик сазлы театры тағы да бир классикалық шығарманы режиссер Нәжиматдин Ансатбаевтың басшылығында қайта сахналастырып, тамашагөйлерге инам етти. Бул атақлы драматург Сапар Хожаниязовтың қарақалпақ театрын дүньяға таныткан «Сүймегенге сүйкенбе» пьесасы еди. Бунда Сәрбиназ Аннақулова арияларға толы Айсәнем ролин шеберлик пенен атқарып шықты.

Енди бас рольлерде ойнаў Сәрбиназ ушын әдетке айланып қалды. Ол бүгинги күн темасына бағышланған «Әндийшели келиншек»те-(сахналастырған Т.Қайыпназарова) Алмахан, «Яр дийдары»нда-Мақпал образларын жаратты.

Усының менен бирге бул жылы Сәрбиназдың тағы бир әрманы иске асты. Ташкент көркем өнер институтының магистратурасын питкергенде, ол алған билимлерин жасларға берип, устаз болыўды алдына мақсет етип қойған еди. Енди ол 2008-жылдың сентябринен баслап, Президентимиз пәрманы менен пайтахтымызда ашылған Ташкент көркем өнер институтының Нөкис филиалында ассисентоқытыўшы лаўазымында талабаларға актерлық шеберликтен тәлим-тәрбия бере баслады.

Тәнепис ўақтында биз оның менен ушырасып, келешектеги әрманлары, алға қойған жобалары хаққында әңгимелестик. Дәслеп бираз қысынып турса да, кейин ашылысып, ол арзыў-үмитлери хаққында гәп етти:



—Сахнада жәхән классикасынан Дездемона, Джульетта образларын жаратыўды әрман етемен, Өзбекстан халық артистлери Яйра Абдуллаева, Зулейха Байхановалардай сахна шебери болып жетилиским келеди. Режиссер болсам, халқымыздың басынан кеширген аўыр турмысы сәўлеленген, жазыўшы Камал Мәмбетовтың «Бозатаў» шығармасынан инсценировка ислеп, сахналастырар едим. Ал енди педагог сыпатында, өзим оқытып атырған студентлерим — Бәхәрайым Қобланова, Алтынай Бердибаева, Бахадыр Розымбетов, Пазылбек Келимбетовлардан үмитим үлкен, олардың институтты табыслы тамамлап, өзим қусап, кең сахнаға шыққанын, үлкен-үлкен табысларға ерисиўин қәлеймен,—деди ол.

—Барлығын айттыңыз, айтылмай қалған бир нәрсе бар, сүйген жигитиңиз болыўы керек, ол хаққында не дейсиз,—дедим мен оның менен хәзиллесип.

—Бар, бирақ ол жағы сыр бола қойсын,—деди ол.

—Мақул...

Ол Ташкент көркем өнер институтының Нөкис филиалынан шығып, «спектаклдиң репитициясы бар еди» деп, Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик сазлы театрына қарай асығыс жүрип кетти.

Мен сахна Сәрбиназы болған оған машақатлы ислеринде табыслар тилеп, оның сырлы әрманларының да иске асыўын қәлеп қалдым.

## 19. РУЎХЫЙ МӘРТЛИК ҮЛГИСИ

«Бул жақты әлемде ең уллы мәртлик не, деген сораўға, хеш екиленбестен, ең уллы мәртлик—бул руўхый мәртлик деп жуўап берсек, ойлайман, жаңылыспаған боламыз»,—деген еди И.А.Каримов «Жоқары мәнаўият — жеңилмес күш» китабында.

Президенттиң бул даналық сөзлерине терең мәни берип қарасақ, қәлби мәртлик сезимлерге толы болған, ел-журты ушын, Ўатан ушын жанын пидә еткен, хақыйқатлық хәм әдалат жолында өз өмирин аямаған ер жүрек инсанлар ядына түседи. Қарақалпақ халқының усындай жигербент перзентлериниң бири Аллаяр Қораз улы Досназаров еди. Оның үлкен руўхый мәртлик ислери мудамы адамларға ибрат болып келген. Жала-дөхметлерге бола НКВД ишки изоляторына қамап тасланған, кейин Аўқам Жоқарғы суды Әскерий Коллегиясының 1935-жыл 8-апрельдеги қарары менен Жынаят Кодексиниң 58-8-статьясына муўапық 10 жыл еркинен айрылған Аллаяр Досназаров хақыйқатқа садықлық, исеним ушын гүрестиң

жарқын үлгиси еди. Беломор-Балтик каналы дүзетиў мийнет лагерине жиберилген ол сол жердеги нызамсызлықларды айтып, хақтан жанып атырғанлығын баянлап, Сталинге хат жоллайды, лекин оған жуўап келмейди. Өйткени хатлар ашып көрилип, оқылып, жоқ етилетуғын еди. Енди хатты Москваға жеткериўдиң бирден-бир жолы — оны лагерь тусынан өтип баратырған поездға апарып таслаў ғана. Усындай ойлар менен ол темир жолға қарай жүўырады, лекин бәрибир нийетине жете алмайды.

—Туткын қашып кетти!—деп шаўқым көтерип, аспанға оқ атады қураллы гүзетши. Қасқыр ийитлер босатылып жибериледи. Олар ҳәп-заматта, еки жүз метрдей-ақ жол жүрген Аллаярдың кейнинен қуўып жетип, үстиндеги гүписин тислеп, тоз-тоз етеди. Оның қорғанамаң деп көлегейлеген қолларын ийт тислеп, шайнап таслайды. Ол бөксесине түсип, естен айрылып жатқан мәҳәлинде қураллы қуўғыншылар жетип келеди.

Өзи халдан айрылып атырған Аллаяр тепки жеп, әбден ес-түсин билмей қалады. Өзине келип басын көтерсе, цемент еденде жатыр. Жазған хатын излеп, дәрхал қалтасын қарайды, лекин хат табылмайды.

—Мениң Сталинге жазған хатым қаяқта!—деп қышқырады ол.

НКВД хызметкерлери оның қалталарын тинтип, хатты таўып алып, әлле қашан ис қағазына тиккен еди.

—Тур орныңнан, алдыма түс!

—Мениң хатымды Кремльге жеткизиң, кейин не қылсаңыз да, мейлиң!

—Кремль дейди-аў! Хатыңды емес, сениң жаныңды ҳәзир-ақ жәҳәннемге жеткиземиз!

—Мениң хатымды жолдас Сталинге жеткизиңлер...Жолдас Сталинге...

Оның өтиниш гәплерин хешким итибарға алмайды. Сол күни Ленинград областы айрықша үшлигиниң қарары шығады. Онда Досназаров Аллаяр Қоразович АТЫЛСЫН деп жазылған еди.

Тоғайзарлық. Қатарласқан ақ қайыңлар алдына көзин байлап бир тутқынды шығарып қойыпты. Бул Аллаяр Досназаров еди.

Мылтық сестинен тоғай қуслары дүр силкинип, әл-ҳәўаға ушады. Аллаяр жерге қулайды. Ақ қайыңларда қып-қызыл шашыраған қан тамшылары қалады...

Ҳүким усылай орынланды. Аллаярдың жүзине туўры қарай алмаған жап-жас киши лейтенант жигит оның бетин ақ қайыңлар тәрепке қаратып, желкесинен атты. Таңланарлығы жоқ, олар ушын адамды сыртынан сатыў, артынан атыў үрдис болып қалған еди.



Қарақалпақ халқының пидайы перзенти Досназаровтың тәғдири усылайынша ап-аңсат шешилип, ол аса кеткен жаўызлық пенен өлтирилди. Онда Аллаяр жаңа ғана қырық жасын толтырып, қырық бирге қадем қойған еди.

...Арадан жыллар өтти. Жаңа әўлад туўылды, енди өмирге көзқарас өзгерди, жеке адамға сыйыныўшылық әшкараланды. Усыған тийкарлана отырып, А.Досназаровтың туўған-туўысқанлары биринши мәртебе жоқарғы органларға хат жазды. Бул бойынша ақлаў материалларын таярлап, А.Досназаров туўралы 1935-1937-жыллары шығарылған ҳүкимлердиң натуўры болғанлығы ҳаққында протест жазыў ушын Аўқам Жоқарғы судының Әскерий Коллегиясы оның ис қағазларын Қарақалпақстан республикасы прокурорына жиберди. Бирақ органда ислеўши айырым адамлардың себебинен бул жақтан Аўқам Жоқарғы судына «А.Досназаровты ақлаўға болмайды, ол миллетшил болған» деген хат барды. Нәтийжеде А.Досназаровты ақлаў мәселеси тоқтап қалды.

Лекин «айды етек пенен жаўып болмайтуғыны» сыяқлы, жәмийетлик пикирди де, хасла тоқтатып болмайтуғын еди. 1968-жылдың 2-февралында СССР Жоқарғы судының әскерий коллегиясына Өзбекстан Республикасы Илимлер академиясының Қарақалпақстан филиалының Председатели, тарийх илимлериниң кандидаты Сабыр Камалов хат жазды.

Бул хат бойынша А.Қ.Досназаровтың исин қайта қараў ушын оның ис қағазлары тағы да, Қарақалпақстан республикасының прокурорына жиберилди. Бул сапары хат авторы ҳәм Қарақалпақстан республикасы прокурорының аға жәрдемшиси Сапарбай Доспановлар А.Досназаровтың материалларын дыққатлы түрде үйренип, бурыңғы ҳүкимлерге протест жазды. Ол Өзбекстан республикасы прокуратурасы тәрепинен бекитилип, Аўқам Бас прокурорына жиберилди. Нәтийжеде А.Досназаровты ақлаў мәселеси Аўқам Жоқарғы суды әскерий коллегиясында қаралды.

Көп узамай Өзбекстан Илимлер Академиясы Қарақалпақстан филиалының баслығы Сабыр Камаловтың атына А.Досназаровтың ақланғанлығы ҳаққында Аўқам Жоқарғы суды әскерий коллегиясы секретариатының баслығы, юстиция полковниги В.Чикиннен ҳәм Аўқам прокуратурасының жуўаплы хызметкери Г.Васильевтен қуўанышлы хат келди.

1968-жылдың 27-сентябринде Аўқам Жоқарғы судының пленумы өзиниң қарары менен бурыңғы бийликлерин бийкар етти. Бул оғада әҳмийетли ҳүжжет еди. Мине ақыр соңында ҳақ ис ҳақлығына шықты. Соннан берли де неше азаматлар дүньядан өтти,

биреўлер ат қалдырды, биреўлер мәзи жасап кетти. Лекин Аллаярдың өмири — бул жапакеш қарақалпақ халқының тарийхы еди.

Досназаров әўлад ушын үлкен мийрас қалдырып кетти, қарақалпақ халқының миллий аймақлық шегараларын белгилеп, өз алдына шаңарақ көтерип, отаў тигип берди. Оның дослары да, душпанлары да көп еди, сонлықтан ол уллы мақсетлерге ерисиў жолында елим, деп еңиреп кеткенлердиң бири болды.

—Бизлер Москва—Ленинград поездында жүрип киятырып, Киров темир жолының бойында сырлы санлар жазылып қойылған кишкене темир тахташаларын көремиз. Олардың хәр бирине мемориаль Тахта орнатыўға арзыйды,—дейди академик Д.Лихачев.

Бул сөзлер бизиң Аллаяр бабамызға да тийисли. Шынында да, Аллаяр Досназаров өз жери буйырмай, өзге топырақта жатса да, өзи тиклеп берген шаңарақтың уўықлары беккем, керегелери нық болыўы ушын, әўладлардың инсаный туўры жолдан жүрип, бойындағы күшжигерин ели-халқы ушын аямаўын тилеп жатырған сыяқлы.

«Мениң нәзеримде, ең әўеле, Жаратқанымыздың өзи хәр бир тири жанға мәртлик көрсетиў имканиятын береди хәм саналы ойпикир ийеси болған инсанлар буннан ибрат алып жасайды. Ҳақыйқаттан да, тәбият хәм тарийх нызамларын, оның раўажланыўы процесслерин терең түсинетуғын адам ғана өз өмирин руўхый мәртлик тийкарына қурыўға уқыплы болады»,—деп жазады Президент И.А.Каримов.

Бул қатарларды оқып отырып, тағы бир ҳақыйқат пидайы инсан, бизиң замандасымыз Алланияз Өтениязовтың ийгиликли ислери ядыңа түседи. Ол өзи мәртлик ушын туўылған адам еди. Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институтында оқып жүрип, пахта жыйын-терим исинде көрсеткен пидәкерлик мийнети ушын ол «комбайн» аталды. Институтты питкергеннен кейин де инглис тили муғаллими болып қалыў менен шекленбеди, мәкке егип, оннан мол зүрәәт жетистирип, республика көлеминде алдыңғы дийқан сыпатында көзге түсти. Сөйтип жүрип мектептен де қол үзген жоқ, жаслар тәрбиясындағы хызметлери ушын «Өзбекстан халық муғаллими» деген ҳүрметли атаққа миясар болды. Оның кәлби инсанға деген меҳир-муҳаббатқа толы еди. Сонлықтан ғәрип-кәсерлерге, баспанаға мүтәж адамларға жәрдем қолын созды, оларға қырықтан аслам имарат салып берди, сан мың гербиш қуйып, аўыл балалары ушын мектеп, бала бақша, медпункт имаратын қурып берди. Оның бул мийнетлери мәмлекетимиз басшылары тәрепинен итибарсыз қалмады, оған Президентимиз айрықша дыққат аўдарып, ол «Өзбекстан Қаҳарманы» деген жоқары атаққа миясар болды.



Еле ядымда, бул пидайы инсан ҳаққында мен сценарий авторы болып, кинорежиссер, Өзбекстан Республикасына мийнети сиңген мәдениият хызметкери Төренияз Қәлимбетов пенен бирликте «Меҳир» атлы ҳүжжетли фильмди сүўретке алдық. Кейин бул фильм Ашхабад қаласында өткерилген «Гүмис ярым ай» халық аралық кинофестивалына қатнасты. Сонда жюрий ағзалары Алланияз ағаның ислерине таңланып, «бул тири пайғамбар ғой» дегенлерин ҳасла умыта алмайман.

«...Күнделикли турмыста жанкүйер болыў, хәр күни пидайылық көрсетиў, руўхый жақтан ҳеш қашан бүгилмей, бул пазыйлетти турмыс қағыйдасы дәрежесине көтериў, ашық айтыў лазым, бул хәммениң де қолынан келе бермейди. Бул ушын инсанға үлкен жүрек, кең көкирек хәм мийтиндей ерк-ықрар керек, десе жаңылыспаған боламан, деп ойлайман»,—дейди Президент.

Дурыс, хәрким өзи болмай, инсан тири жасамай, оның өмир ҳаққында ойлап, пикирлеўи де мүмкин емес. Сонлықтан адамгершилик, шыдамлылық, сабыр-тақат, кеўил ҳаққында ой жүўыртсам, мениң ядыма бул дүньядан ертерек кеткен, талантлы шайыр, мөмин инсан, Өзбекстан Республикасына мийнети сиңген мәдениият хызметкери Төлепберген Мәтмуратов ядыма түседи. Оның мына қатарлары шайырдың өмир диалектикасын философиялық түсиниўи деп қараса болады:

*Шам менен табылар түскен бир тал шаш,*
*Мейли ол қаншама жиңишке болса да,*
*Ал адамгершиликти жойтсаң табылмас,*
*Егер еки көзиң қуяш болса да,— деп жазады ол.*

Бәлким,руўхый мәртлик ийелерине қойылатуғын талаплар усындай болатуғын шығар. Төлепберген аға шайыр сыпатында қарақалпақ әдебиятында теңи-тайы жоқ шығармалар дөретип кетти. Мен деп көкирекке урыў, менменшилик, биреўди кемситиў оған жат қәсийет еди. Тез жәрдем машинасы менен қабыллаў бөлмесинде жүреги шаншып жатырып та, ол өзиниң шайыр екенлигин, республикаға мийнети сиңген хызметкер екенлигин докторларға айтпаған, әпиўайы бир пуқара сыпатында өзин таныптастан, палатаға жете алмай-ақ өлип кеткен. Оның инсаный, адамгершилик пазыйлетлерине қайыл қалады киси, мениңше бундай әдеп-икрамлылықтан хәрким ибрат алса арзыйды.

## 20. ҲАҚЫЙҚАТ ҲӘМ ӘДИЛЛИК ЖАРШЫСЫ БОЛАЙЫҚ

*(Президент Ислам Каримовтың «Жоқары мәнаўият-жеңилмес күш» китабын оқығаннан кейинги ойлар)*

Ҳүрметли Президентимиз И.А.Каримовтың Ташкенттеги «Маънавият» баспасында «Жоқары мәнаўият-жеңилмес күш» атлы китабының жарық көриўи — пүткил руўхыйлық әлеминде теңи-тайы жоқ жаңалық, жәмийетлик турмысымызда оғада үлкен ўақыя болды. Бүгинги күнде бул шығарма илимий изертлеўлердиң методологиялық негизи ретинде хызмет етип, жәмийетлик пәнлердиң философиялық тийкарларын ҳәм илимий бағдарларын белгилеп беретуғын энциклопедиялық қурал ўазыйпасын атқарып атыр.

Руўхый әлем, руўхый барлық жәмийет ҳәм инсан өмириниң ең әхмийетли тәреплеринен есапланады. Ол жәмийет раўажланыўының барлық тараўларында жүз берип атырған процесслер менен өз-ара байланыслы. Жәмийеттиң руўхый турмыс шеңбери оғада кең, оның мазмуны терең, формасы хәр қыйлы. Руўхый турмыс инсан ақыл-ойы ҳәм пикириниң бәрше тармақларын, жәмийет тәрепинен топланған мәдений байлықларда өз сыпатын тапқан жетискенликлерди, сана түрлерин, адамлардың идеяларын, олардың көзқарасларын, әдеп-икрамлылығын, қулласы, пүткил руўхый әлемин қамтып алады. Идеялар, көзқараслар, теориялар, изертлеўлер, концепциялар, тәлим-тәрбия системалары, диний ҳәм көркем образлар, жәмийетлик нормалар, нызам ҳәм қағыйдалар, пәндиў-нәсиятлар, көрсетпелер, режелер, дәстүрлер — инсан ой-пикириниң миййўелери.

«Руўхыйлық ҳаққында қаншама шақырықлар, әхмийетли теориялық пикирлер билдирилмесин, егер оларды жәмийет санасына сиңдириў ушын турақлы жумыс алып бармасақ, бул бойынша искерлигимизди хәр тәреплеме пухта ойланған системалы рәўиште шөлкемлестирмесек, тәбийий, биз гөзлеген мақсетке ерисе алмаймыз, яғный инсан қәлбине жол таба алмаймыз. Соның ушын да биз бүгинги күни тәлим-тәрбия саласынан баслап, баспасөз, телевидение, Интернет ҳәм басқа ғалаба хабар қураллары, театр, кино, әдебият, музыка, сүўретшилик ҳәм мүсиншилик көркем өнерине дейин, бир сөз бенен айтқанда, инсанның қәлби ҳәм ой-пикирине тиккелей тәсир ететуғын барлық тараўлардағы жумысымызды халықтың руўхый зәрүрликлери, заман талаплары тийкарында және де күшейтиўимиз, жаңа басқышқа көтериўимиз зәрүр» — дейди И.А.Каримов.

Билимлендириў, илим-пән, әдебият, көркем өнер, кино ҳәм театр тамашалары, безеў өнериниң шығармалары, рәўиятлар, ертеклер,



дәстанлар, қосықлар, музыка, халық дөретиўшилигиниң барлық дүрданалары — инсан руўхый хызметиниң әхмийетли көринислери, қурам бөleклери есапланады. Китапхана ҳәм музейлер, радио ҳәм телевидение, баспа сөз, улыўма ғалаба хабар қураллары ҳаққында да усыны айтыў мүмкин.

Президентимиз өз мийнетинде: «Инсан өз өмири даўамында қандай жетискенлик ҳәм нәтийжелерге ериспесин, қай жерде қандай лаўазымда ислемесин, мектеп дәргайында алған тәлим-тәрбиясы оның жетилискен шахс ҳәм маман қәниге болып қәлиплесиўинде үлкен әхмийетке ийе екенлиги сөзсиз»,—деп келтиреди. Соnлықтан да, «мәрипетпәрўар бабаларымыздың пикирин даўам еттирип, егер дүнья имаратлары ишинде ең уллысы мектеп болса, кәсиплердиң ишинде ең ҳүрметлиси оқытыўшылық ҳәм устазлық десек әйне ҳақыйқатты айтқан боламыз»,—дейди И.А.Каримов.

Ғәрезсизликтиң шарапаты менен елимизде әмелге асырылып атырған кең көлемли жумыслардың әмелий нәтийжесинде әдебият ҳәм көркем өнер, мәденият, баспасөз тараўы идеологиялық қысымнан пүткиллей азат болды. Бүгинги күни «әдебияттың партиялылығы», көркем шығарма «коммунистлик идеология мәплерине хызмет етиўи керек», деген пикирлер өтмишке айланды, еркин дөретиўшилик ушын, миллий қәдириятларымыз ҳәм бай руўхыйлығымызды, халқымыз тарийхын, оның бүгинги мазмунлы турмысын толық ҳәм әдил сәўлелендириў ушын зәрүр шараятлар жаратылды.

Бирақ биз-әдебият ҳәм көркем өнер хызметкерлери бул талапларға ис пенен жуўап берип атырмыз ба? Ғәрезсизлик дәўири азаматының жарқын келбети, XXI әсир әўлады алдында турған машқалалар әдебият ҳәм көркем өнер дөретпелеринде өз сәўлелениўин таўып атыр ма? Президент шығармасын дыққат пенен оқып отырсақ бул сораўларға жуўап беретуғын пайыт келген сыяқлы.

Дурыс, өз дөретиўшилигин усындай жуўапкершиликли тараўға бағышлаған көплеген талант ийелери елимизде жаңа турмыс, жаңа жәмийеттиң руўхый тийкарларын беккемлеў, жетик инсанды тәрбиялаў жолында мүнәсип үлес қосып келмекте. Бирақ бул еле жеткиликли дәрежеде емес, әлбетте. «Қарақалпақстан телеканалы» информациялық материалларды бериў менен ғана шекленип отыр. Турмыслық ўақыяларды сәўлелендиретуғын телеспектакльлер жоқтың қасында. Еле есимде, бизлер Қарақалпақстан телевидениесинде көркем өнер редакциясында ислеген 70-80-жылларда техникалық мүмкиншиликлердиң төмен екенлигине қарамастан сериаллар, видеофильмлер қойылатуғын еди. Режиссерлар Узақбай Жәлимбетов, Алпысбай Кайпов, Кеңес Исаевлар сол ўақыттағы телестудия жағ-

дайларының төменлигине қарамастан өзи бары-жоғы 3 камераның биреўин студияға, екеўин жайдан сыртқа шығарып, далада окоп қазып, қыян-кести урыс ўақыяларын экранда сәўлелендиргенин үлкен әўлад ўәкиллери елеге шекем айтып жүреди. Ҳәзир жаңа телевизиялық үскенелер, ТЖК аппаратлары бар, лекин белгили жазыўшылар, журналистлер, режиссерлар ислейтуғын телеканалда телеспектакльлер жоқ. Оның орнына қай ўақ телевизорды ашсаң белгили артистлердиң ауқат писирип атырғанын көресең. Ол да керек шығар, бирақ тек ғана қарынды тойдырыўды ойлай бермей, инсанның руўхый дүньясын да қанаатландырыўды ойлаў керек ғой!

Бул ҳаққында Президентимиз И.А.Каримов былай дейди« «Ең әўеле, телевидениени мәмлекет ҳәм жәмийетимизди мисли бир көпирдей байланыстырып туратуғын жанлы диалог қуралына айландырыў, эфир арқалы бүгинги күнниң әҳмийетли машқалаларын көбирек сәўлелендириў, жәмийетшилик пикирин қәлиплестириў, пуқараларымыздың жәмийетлик белсендилигин күшейтиў, ҳәр бир инсанның өзиниң ғәрезсиз пикирин билдириўге имканият бериў, түрли социаллық қатлам ҳәм топарлардың қызығыўшылығы ҳәм умтылыслары, турмыслық мәплерин сәўлелендирип барыў мәселелерине айрықша итибар қаратыў зәрүр».

Әдебият — шахс руўхыйлығын қәлиплестириў ҳәм раўажландырыўдың әҳмийетли қуралы. Ҳақыйқатында да руўхый идеясы жоқары, көркем әдебият ҳәм көркем өнер шығармалары адамлардың қәлбине терең жол табады, эстетикалық талғамына күшли тәсир етеди, турмыслық ўақыя ҳәм ҳәдийселерди терең уғыныўға жәрдем көрсетеди. Оларды руўхый, әдеп-икрамлық тәрбияда тәсир етиўши қурал ретинде пайдаланыў үлкен әҳмийетке ийе.

«Әдебият, көркем сөз өнери әзелден халық қәлбиниң көриниси, ҳақыйқат ҳәм әдиллик жаршысы болып келген. Соның ишинде, ғәрезсизлик жылларында елимизде руўхыйлығымыздың оғада әҳмийетли ҳәм ажыралмас бөлеги болған әдебиятты раўажландырыў, шайыр ҳәм жазыўшыларымыздың ийгиликли мийнетин қәдирлеў ҳәм мүнәсип хошаметлеў бойынша әмелге асырылып атырған жумыслар өзиниң нәтийжесин берип атыр, көркем әдебиятымыз темалар көлеми жағынан да, жалынлы көзқарасынан да рәңбәрең болып, әдебият майданында жаңадан-жаңа атлар пайда болып атырғаны китап сүйиўши халқымызды әлбетте қуўандырады»,—деп жазады Президент.

Соңғы жыллары қарақалпақ әдебиятында ҳәм сүўретлеў өнеринде белгили бабаларымыз Маман бий, Айдос бий, Ерназар бий образлары дөретилди. Прозада оны белгили жазыўшымыз, Өзбекстан қаҳарманы Төлепберген Қайыпбергенов жаратқан болса, сүўретлеў



өнеринде талантлы қыл қәлем ийеси, Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген көркем өнер ғайраткери, Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлықтың лаўреаты Барлықбай Айтмуратов майлы бояўда полотноларға түсирди. Бул мақтаўға арзыйлық ҳәдийсе. Лекин қарақалпақ классик шайырлары Әжинияз, Бердақ бабаларымыз ҳаққында бундай гәплерди айта аламыз ба? Олардың ҳақыйқый келбети қандай болған өзи? Егер художниклеримиз Қыдырбай Сайпов салған Әжинияз, Қәўендер Бердимуратов салған Бердақ портретин эталон деп есапласақ, китапларда, сабақлықларда олардың келбети пүткиллей басқаша етип бериледи, ал олардың айырым мүсиншилер тәрепинен дөретилген образлары жөнинде гәп етиўдиң өзи мүшкил. Өйткени философ шайыр Әжиниязды, демократ шайыр Бердақты олар қолларына дуўтар услатып, бақсы пишининде жаратқан. Шайыр менен бақсының парқы аспан менен жер шелли емес пе? Соны аңлай алмаған адамға әдебиятымыздың, көркем өнеримиздиң, мәдениятымыздың тағдири болған, инсан қәлбинде образ болып мәңги сақланып қалатуғын скульптуралық жумысты қалайынша исенип берди екен? Усылар ҳаққында ойласаң, Президентимиз И.А.Каримовтың бабамыз Әмир Темурдың скульптуралық образын дөретиўде художниклер менен ҳешбир еринбестен пикир алысқанын, қайта-қайта дүзетиўлер нәтийжесинде Ташкенттеги, Самарқандтағы, Шахрисабздеги қыябанларда Сақыпқыран ескерткишиниң бой тиклегенин еслемей тура алмайсаң.

Халқымыз турмысында музыка әзелден теңи-тайы жоқ орын ийелеп келеди. Музыка мәдениятымызда композитор Нәжиматдин Мухаммеддинов дөреткен биринши қарақалпақ операсы — «Әжинияз», туңғыш қарақалпақ балети-«Айжамал» сахнаға шықты. Мәмлекетимизде музыка көркем өнерин кең раўажландырыўға қаратылған бағдарлама ҳәм режелер әмелге асырылмақта, көплеген көрик танлаўлар өткерилмекте. Соған қарамастан бүгинги күни раўажланып киятырған эстрада көркем өнеринде батыс мәдениятына еликлеўшилик басым. Жасларымыз сахнаға қәдем қойған биринши күнлеринен баслап, өзи — «шайыр», өзи — «композитор» өзи — атқарыўшы болып, ядына келгенин «қосық» етип айтып жүр. Олар бундай пәтиўасыз репертуары менен тек сахнада көринип ғана қоймай, «Жаслар каналы»н да ийелеп баратыр. Егер олар концерт қоя қойса, театр заллары, ҳәттеки көп мың санлы тамашагөйге мөлшерленген амфитеатр да толып кетеди. Ал елге танылған, қарақалпақ көркем өнериниң белгили ғайраткерлери, халық артистлери концерт берсе, залға адам жыйнаў мүшкил. Жасыратуғыны жоқ, статистикалық мағлыўматларға қарағанда, бүгинги күни халқымыздың басым

көпшилигин жаслар курайды. Бул мине усының нәтийжеси. Сонда олар кандай «қосық»ларды тыңлап атыр? Олар мына тақылетте: «Ақшам жоқ бийшараман, телефонным-бу рахам...» Бул сөзлерде я мәнис, я мазмун болса-шы.

Усындай жағдайлар ҳаққында» «бизиң миллий дәстүрлеримизге, әдеп-икрамлылық қағыйдаларына пүткиллей туўры келмейтуғын клиплер, түрли тиллердеги сөзлерди қарыстырып яки акцентти арнаўлы бузып айтыў сыяқлы мүнәсип емес ҳәрекетлерди айырым жас атқарыўшылар өзи ушын қандайда бир жаңаша усыл деп билип отырғаны, мениңше, көркем өнерди, оның мазмуны ҳәм әхмийетин түсинбеўшиликтен басқа нәрсе емес. Мәдений жәмийетшилигимиз, ең әўеле музыка таныўшы алымлар, устаз ғайраткерлер, композиторлар, жазыўшы ҳәм журналистлер, көп санлы көркем өнер ықласбентлери бундай мәселелер бойынша өз пикирин ашық билдирип барыўы, усылай етип, жасларымызға туўры тәрбия бериўимиз ҳәм қарыз, ҳәм парыз деп ойлайман»—дейди И.А.Каримов.

«Таң нуры» труппасы тийкарында қәлиплескен бизиң миллий театр өнеримиз жүдә үлкен жолды басып өтип, ғәрезсизлик жыллары ишинде айтарлықтай табысларға ериcти. Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик сазлы театрында Н.Дәўқараевтың «Алпамыс» музыкалы драмасы талантлы режиссер, Өзбекстан халық артисти, Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлықтың лауреаты Нәжиматдин Аңсатбаев тәрепинен қайта сахналастырылды. Сапар Хожаниязов атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик жас тамашағөйлер театры Түркменстанда ҳәм Мысырда өткерилген халық аралық фестивальларға қатнасып қайтты. Усы жылдың өзинде жаслар театрында қырғыз жазыўшысы Шыңғыс Айтматовтың «Әсирге татырлық күн» шығармасының мотиви бойынша жазылған «Қурсаў» драмасы қойылды. Көркем өнеримиз ушын кадрлар таярлаўда да тарийхый ўақыя жүз берди—Ташкент театр көркем өнер институтының Қарақалпақстан филиалы ашылды ҳәм талабаларды өз қушағына қабыл етти.

Президентимиздиң белгилеп өткениндей, «кино өнери саласында кадрлар таярлайтуғын жоқары оқыў орынлары илгери Өзбекстанда улыўма болған емес. Бурынғы орайдағы кино институтларында тәлим алған аз санлы өзбек режиссерлары ҳәм кинодраматурглери болса, миллий руўх, миллий негизден бийгана болған қәнигелер болып жетискенлиги өкинишли ҳәм әне усындай ҳалаттың унамсыз излери ҳәм тәсири көпшилик кино дөретиўшилеримиз жумысында ҳәзирге дейин сақланып келмекте»,—дейди журт басшысы.

Усы жерде 70-жыллардың ортасында жүз берген бир ўақыя ядқа түседи. 1976-жылы «Литературная газета»да жаслардың ең жақсы



киносценарийине конкурс жәрияланып, сол конкурстың жеңимпазы атанып, Өзбекстаннан белгили киноактер Талғат Нигматулин екеўимиз Москваға Пүткил аўқамлық мәмлекетлик кинематография институты (ВГИК) жанындағы киносценарийлер ҳәм кинорежиссерлардың еки жыллық курсына оқыўға кеткенбиз. Сонда мен кириў имтиханларын табыслы тапсырғаннан кейин белгили сценарист Будимир Метальниковқа шәкирт болатуғын болдым. Тилекке қарсы бул оқыўдың қәрежетлерин (тек ғана бир студент ушын) аўқамлық республикалардың Министрлер Кеңеси төлейди екен. Өзбекстан ҳүкимети буны «Өзбекфильм» киностудиясының атынан барған Талғатқа төледи де, «Өзкинохроника» киностудиясының Қарақалпақстан филиалынан барған мениң оқыўым бойынша қәрежет мәселелерин шешиўди Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесине жиберди. Лекин Қарақалпақстан ҳүкимети басшылары буған қаратылған қәрежеттиң жоқ екенлигин айтып, мениң киностудиядағы редакторлық штатымды сақлап, соның есабынан маған оқыўым ушын степендия төлеўди филиал басшыларына тапсырды. Бул шешимди күтип, сентябрьде оқыўға барған мен январьға шекем Москвада жүрдим. Бир күни «курс директоры шақырып атыр» деген менен оның кабинетине барсам, бизиң директорымыздан: «А.Султанов көркем фильм сценаристи қәнигелиги бойынша конкурстан өткен, биз ҳүжжетли фильмлер студиясымыз, бизде көркем фильмлер ҳәзир де, келешекте де түсирилмейди, соңлықтан оны оқытыў мақсетке муўапық емес» деген хат келген екен. Келешекти көре билмеўдиң ақыбетине қарап, қатты қапа болып Нөкиске қайттым...Арадан жыллар өтти. Ғәрезсизликтиң шарапаты менен мен редактор болып ислеген филиал «Қарақалпақфильм» киностудиясына айланды. Онда ҳәзир ҳүжжетли фильмлер менен бир қатарда көркем фильмлер де түсирилип атыр. «Гүм-гүм» фильми халық аралық кинофестивальда гран-при алды, «Танки» фильми Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик сыйлығына миясар болды.

Шыныңда да, И.А.Каримов айтқандай, «Көркем өнер ҳәм мәденият сыяқлы қүдиретли күш арқалы инсан қәлбине жол табыў туўралы сөз етер екенбиз, ҳәммемиз жақсы түсинемиз, ҳәр қандай талант ийеси өзине тән бир дүнья, сол себепли дөретиўшилик қәўимине қандай да бир ақыл үйретиў, ең тийкарғысы оларды басқарыўға урыныў мүмкин емес. Бирақ, бул өмирде оларды бирлестиретуғын, жаңа дөретиўшилик шеклерге қарай илҳамландыратуғын муқаддес түсиниклер бар, олар Ўатан ҳәм халық мәпи, ийгиликли нийет ҳәм инсанийлик принциплер менен тығыз байланыслы. Егер ҳәрқандай дөретиўши өз шығармаларында әне усы өлмес идеяларды

бас мақсет етип қойса, оларды көркем шеберлик пенен сәўлелендирсе, хеш шубхасыз, әдебият та, мәдениятә хәм көркем өнер де шын мәнисинде руўхый жоқарылаўға хызмет етип, өзиниң социаллық ўазыйпасын толық ада етиўге ерисе алады.

Мине, Президентимиз И.А.Каримов бизлердиң алдымызға үлкен, жуўапкершиликли ўазыйпаларды қойып отыр. Оны биз инабат пенен орынлап, әсиримиздиң пидайы дөретиўшилери, ғәрезсизлик дәўириниң ҳақыйқатшыл хәм әдил жаршылары болыўымыз лазым.

## 21. ӘЎЛАДЛАРҒА ҮЛГИ ӨМИР

Ақсақал...Ел-халық арасында бундай ҳүрметли атаққа ылайық болыў ҳәркимге несип ете бермейди. Бул лаўазымға инсанларды үлкен ҳүрмет-иззет пенен халық сайлайды, бул — адамның жоқары инсаный пазылетлери ушын көпшиликтиң, халықтың жоқары исениминиң белгиси.

Жақында пидайы тарийхшы алым, Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген илим ғайраткери Шәрип Бабашев «Қарақалпақстан» баспасынан репрессия қурбаны болған, қарақалпақ халқының жигербент перзентлериниң бири ҳаққында китап жазып, «Жоллыбек ақсақалдың тәғдири» деген ат пенен кең жәмийетшиликке инам етти. Сөз басы хәм «Жоллыбек Өтемуратов ким болған», «Дәслепки жаза», «2006-санлы жыная иси», «Әкемниң кәбирин таптым», «Жоллыбек ақсақал менен бирге жазаланған 30 уламаның тәғдири» атлы 5 бөлимнен ибарат бул китап зорабанлық дәўиринде халқының ғәрезсизлиги ушын гүресте шейит болған Жоллыбек ақсақал Өтемуратовтың өмири, ел алдындағы хызметлери, концлагерьдеги көрген азап ақыретлери хәм өлими туўралы сөз етеди.

Китаптың бир қунлы жери сонда, онда Өзбекстан Республикасының Миллий Қәўипсизлик Хызмети архиви материаллары менен бир қатарда жазыўшы, журналистлердиң, Жоллыбек ақсақалдың үрим-путақларының еске түсириўлери келтириледи. Мысалы, өзиниң әкеси туўралы илимпаз Ырысназар Жоллыбеков былай дейди: «Шымбай уезди «Қостерек» жеринде әкемиз Жоллыбек ақсақал деген ат пенен белгили болған. Оның халық алдында тутқан орнын, абырай-салмағын есапқа алып, 24 жасында, 1915-жылы сол ўақыттағы «Аққала» елатының ақсақалы етип сайлаған. Арқадағы аўылларға биринширлерден болып ғаўаша ектирген де сол киси екен. Ол дийқанларға жер-суў бөлистириў, аўыл салмаларының бойларына терек ектирип, меншик жерлерине бағ-мийўе ағашларын отырғыздырып, бағ-бақшалар дөретиў жумыслары менен шуғылланған».



Тарийхтан бизге мәлим, шора ҳүкимети байларды, талиб-илимли уламаларды қуўдалап, оларға аўыр салықлар салып, 1927-жылы Қарақум ийшан медресесин жаўып, оның жерлерин, мал-мүлклерин тартып алып, конфискациялап, медресе китапханаларында сақланған, халқымыздың руўхый байлықлары болған — «Қураны Кәрим», «Қобуснама» сыяқлы китапларды, улама хәм шайырлардың қол жазбаларын арбаға тийеп, Шымбай қаласына әкелип, ОГПУ хызметкерлери өртеп жиберген.

Усыған мегзес аянышлы жағдайлар — мешит, медреселердиң жабылып, оның имаратларының мал қора, складларға айландырылыўы, буларды өз көзи менен көрген Жоллыбек ақсақалды қатты ойландырып, толғандырар еди. Ол халықтың руўхый мәдениятының бул аўҳалына бийпәрўа қарай алмады, оған араласыўға мәжбүр болды, нәтийжеде буны унатпаған кимселер 1927-жылы оны ислеп турған лаўазымынан шетлетиўге еристи.

Лекин ОГПУ хызметкерлери буның менен де шекленип қалмады. 1928-жылы 15-майда Шымбай районы 10 аўыл кеңесинен «бай, кулак» деп гина тағылып, аўыл кеңес баслығы Мамут Файзуллаев, аўыл кеңес хаткери, ийшанның баласы Убайдулла Гамутов, бай Жоллыбек Өтемуратов, Қәллибек Өтемуратов — жәми 9 жат-жамайлар үстинен «булар совет ҳәкимиятының салық сиясатына қарсы бас көтерип, топалаң шөлкемлестирмекте» деп айып қойылып, Қарақалпақстан областлық ОГПУ ўәкили жәрдемшиси Бахтизион тәрепинен 316-санлы жыная иси дүзилди. Нәтийжеде жынайый исте көрсетилген мағлыўмат тергеў ўақтында дәлиллене бегенине қарамастан, РСФСР жынаят кодексиниң 58-статьясының 8 хәм 11-бөлимлери менен айыпланып, Жоллыбек Өтемуратов 3 жыл мүддетке қамақ жазасына, ал басқа айыпланыўшылар түрли мүддетлерге сүргинге жиберилди.

Жоллыбек Өтемуратов 1930-жылы қамақтан азат етилип, туўылып өскен аўылына қайта оралды. 1932-жылдың 5-майында оның турмысында қуўанышлы ўақыя жүз берди, шаңарақта ул бала дүньяға келди, елдиң абыройлы уламасы сонда: «Жоллыбекжан, жас та болсаң елге басшы болдың, сабырлы бол шырағым, сабырлы болсаң мурадыңа жетерсең, буннан былай өзиңниң де, дүньяға келген перзентиңниң де ырысқы несийбеси мол болғай» деп нәрестениң атын Ырысназар қойған екен. «Жақсы нийет ярым ырыс» деген гәп бар ғой, ақыры.

Лекин бул қуўаныш көпке созылмапты. Мусылатдийин ийшан Ўәйис ийшан улының жаназа намазына қатнасқан барлық улама-

лар менен бирге Жоллыбек ақсақал Өтемуратов та қамаққа алынып, екинши мәрте репрессияға муптала болады.

1937-жылдың 15-август күни ҚКАССР НКВД Шымбай районлық бөлими басшысы, мәмлекетлик қәўипсизлигиниң лейтенанты Колесников, Жоллыбек Өтемуратовты қамаққа алыў ушын 56-санлы ордерге қол қояды. Сондай-ақ «совет ҳәкимиятын қулатыў мақсетинде Шымбай районы аймағында дүзилген контрреволюцияшыл мусылман руўханийлар топары 1937-жыл июль айында қайтыс болған Ўәйис ишанның баласы Мусылатдийинниң жаназа намазына қатнасып, мәресимди өзлериниң мақсетлерин әмелге асырыўға пайдаланған» деген гүман менен Өзбекстан ССРы Жынаят Кодексиниң 66-статьясы 1-бөлими ҳәм 67-статьясы нәзерде тутылған жынаятларды ислеген», деп айыплап 18 адамды қамаққа алыўға буйрық береди.

Усы қыян кести ўақыяны әкесинен айрылып жылап қалған 5 жасар Ырысназар былайынша еслейди: «Усы пайыт «Қостерек»тиң көпиринен түсер жерде орамалының бир жийегин тислеўи менен ентигип турған анамның етегине асылып, көзлеримнен қандай да бир ҳүрей менен жылап турып, көз ушында көринбей кеткен «қара машын» таманға бир қолымды созып, анамның жүзине тигилип қарағанымда байғус әптен еңкилдеп, көз жасын төгип, «әкең аман келеди балам» деп мени көтерип алып, ыссы баўырына басып турып, көз жасын көл дәрья етип төккенин хеш ўақытта умытпайман...».

Анасы оны усылай жубатты. Келешектен үмитлендирди. Жақсы күнлердиң келетуғынына исендирип, тәлим-тәрбия берди. Лекин бул гезлери өзиниң қамақ жазасын өтеп атырған Жоллыбек Өтемуратов өкпесин суўық алып, 1938-жыл 4-ноябрде Архангельск ўалаятында қайтыс болып, Конаш районының Круглица поселкасындағы қойымшылыққа жерленген еди. Арадан бираз ўақыт өткеннен кейин бул мағлыўматлар узақ излеў салыўлар, тийисли орынларға хат жазыўлар нәтийжесинде белгили болды.

«Орнында бар оңалар» деген усы дә. Әкесинен жаслай қалған Ырысназар 1954-жылы Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институтының Тәбияттаныў факультетин тамамлап, соң Москва мәмлекетлик педагогикалық институтының аспирантурасында тәлим алып, 1970-жылы кандидатлық диссертациясын жақлап, биология илимлериниң кандидаты илимий дәрежесин алыўға еристи, 40 тан аслам илимий жумыслардың, онлаған монография, китаплардың авторы болды. Оның үлкен улы Бахыт физика-математика илимлериниң кандидаты, доцент, келини Раўшан Уразбаева тарийх



илимлериниң кандидаты, доцент, қызы Мараш филология илимлериниң кандидаты, уллары Пердебай, Максет, Азамат, Азат, Қуўат, қызлары Гүлсара ҳәм Гүлбәҳәр жоқары мағлыўматлы қәнигелер болып жетилисти.

Ҳақ ис түбинде ҳақлығына шықты, әдалат орнады. Арадан 52 жыл өткеннен кейин Өзбекстан ССР прокурорының 1989-жылдың 27-апрелдеги қарары менен Жоллыбек ақсақал Өтемуратов ақланды. Елге ҳадал хызмети менен танылған, бирақ зорабанлық дүзиминиң қурбаны болған Жоллыбек ақсақалдың аты мәңгилестирилди. Шымбай районындағы бир мектептиң атына ҳәм Нөкис қаласындағы 23-мәкан пуқаралар жыйынының аймағындағы Проектная көшесине Жоллыбек Өтемуратовтың исми берилди.

Әўладларға үлги боларлықтай турмыс кеширген инсанлардың өмири ҳасла умыт болмас екен. Усыларды көрип, бул ийгиликли ислерди әмелге асырып атырған Өзбекстан Республикасы «Шохидлар хотираси» қайырқомлық қорына, «Шейтлер естелиги» Қарақалпақстан Республикасы бөлимине, тарийхшы-алым Шарип Бабашевқа алғыслар айтсақ арзыйды.

## 22. ЖОЛЛЫБАЙ МЕНЕН ЖҮРГЕН ЖЫЛЛАР

*Эссе*

Адам өмири қас қағым ўақыт екен ғой, өзи! Бүгин көргениң, ертең жоқ! Жуўырсаң, жортасаң. Кеўил кеширмелериннен не нәрселер өтпейди. Асқар таўдай бийик әрманлардың бәлент шоққыларына жеткиң келеди. Лекин жете алмайсаң. Ислеп үлгерген иң — табысларың, ойға алып, жүзеге шығарып үлгермегенлериң әрман болып қала береди.

Жоллыбай да талантлы художник, әжайып дөретиўши инсан сыпатында көп нәрселерди иследи. Басқа тәреплерин айтпағанда, Қарақалпақстан Республикасының мәмлекетлик нышанлары болған Герби ҳәм Байрағын сызғанының өзи буның айқын дәлили еди.

Мен бул өмир гүзарларында Жоллыбай менен көп жолдас болдым. Оның менен көплеген қалаларды көргенбиз, 1982-жылы Германияда туристлик саяхатта бирге жүргенбиз.

Март айының орталары еди, мениң туўылған күним сол дәўирге туўры келип қалды. Еле ядымда, «Италия аўылы» деген ресторанда туўылған күнди байрамлап атырмыз, немислердиң «шнапс» деген ақ виноға мегзес арағы ҳасла тәсир етер емес. Бир ўақлары Жөкең өзи менен бирге алып барған қара сумканы ашып жибердиме де! Қылтыйысқан «Пшеничная водка»лар көзимизге оттай басылды.

Жыйланысқан жәмәәт жерден жети қоян тапқандай қуўанысып қоя берди. Берлинге ушар алдында, Москвада сатып алынған бул арақларды ол бизиң «даңқлы сәне»ге сақлап жүрген екен.

Сонда, бизлерге саяхат алдында аўмастырып берилген немис пулларын таўысқан жерлеслеримиз, маған не саўға етерин билмей турғанда Жөкең тапқырлық етип' «Әлекене портмане (шыжлан) саўға етейик, еки бастан ишине салатуғын пулы жоқ, қалтасынан алып-салып, күйип-писип жүре берсин, бул хасла ядтан шықпас, саўға болады» депти...

Сол умытылмас саўғаны мен елеге шекем көздиң қарашығындай көрип, сақлап қойыппан, қәпелимде «жойтып аларман» деп, сум түўе — доллар, евро қолыма түссе де оған салмайман. Ол мениң өтмишимди, туўылған жерден алыста жүрген гезлеримдеги татыўдослық қатнасықларымды, ана-топыраққа деген сағыныш сезимлеримди еслетеди.

Германияда Берлин, Лейпциг, Дрезден деген қалаларды тамашалағаннан кейин, Бухенвальд ескерткишине оншa қашық емес, Веймар деген қалаға бардық. Бул қала уллы шайыр Гетениң Ўатаны екен. Шайырдың жасаған жайларын көргеннен соң бизлерди қала қәбирстанына зиярат апарды. Дүньядағы ең мақтаўлы парклерден де бетер көгис дөнип, гүллерге малынып турған бундай мазарстан әлемниң хешбир жеринде жоқ шығар.

Усыларға таң қалысып, мийманханаға келсек, бирдейине бир бөлмеде жататуғын Жоллыбай екеўимизге бөлек еки бөлмениң гилтин услатты. Бул жердеги мийманханалар тек те бир адамға ғана мөлшерленген екен. Көнликпеўге илаж жоқ. Мәжбүрий түнеп шықтық. Азанда тақылдыдан ояндым. Таң атпай атырып биреў мениң есигимди қағып тур, қарасам Жоллыбай:

—Хәй, Әлеке, булардың мийманханасы бизлерге келиспейди екен, мен сени бир түнниң ишинде оғада сағынып қалдым ғой,—дейди ол ақ көкиреги менен.

...Мине енди ол бизлерди сағындырып, арамыздан биймезгил кетип қалды. Күни кеше ғана өзи басшылық ететуғын Өзбекстан көркем өнер академиясының Қарақалпақстан бөлимине келипкетип жүрип еди. Усындайда адамның ядына нелер түспейди дейсиз.

...Тоқсаныншы жыллардың басы, аўқамның таркайын деп турған гезлери еди. Жоллыбай Москвада Қарақалпақстан художниклериниң көргизбесин шөлкемлестиретуғын болды. Бул жөнинде ол Москвада жасап атырған бизиң жерлесимиз Николай Корнилов пенен сөйлесип жүрген екен. Сол көргизбеге художниклерден Сәрсен Байбосынов, Ибрайым Жолымбетов хәм ол гезлери «Қарақалпақфильм» киностудиясының Бас редакторы болып ислеп атырған мен экспонатлар апардық. Қарақалпақ халқының жигербент перзенти Аллаяр Қораз улы Досназаровқа бағышлап, «Елим деген ер еди» атлы хүжжетли фильм ислеп атырған мен Санк-Петербургтың үсти менен Беломор-Балтик каналына, Карелия жерлерине барыўым керек еди.

Жоллыбайдың бул ўақытта аўқамлық республикалардың барлық жерлеринен келген художниклер менен Москва әтирапындағы Сенеж дөретиўшилик Үйинде жумыс ислеп атырған гезлери. Пайтахтта Николай Корнилов пенен ушырастық та, бизлер Ибрайым екеўимиз дорбаларымызды арқалап, электричкаға минип, Сенежге кеттик. Түнги саат бирлерге шамаласқанда дөретиўшилик Үйине барып жеттик. Бизлерди көрип Жөкең мәз-мийрам болып қалды. Пүткил аўқам художниклери уйқыдан оянды. Столға аўылдан апарылған пискен түйе таўықтан баслап, сүтке ийленип жабылған тандыр нан, сүўен балық, қаўын, мийўе-жемислер жайып тасланды.

Таң азанға шекем қарекеңниң «Қаратаў»ы ишилип, тостлар айтылды. Бизлер сол жерде көргизбениң мирәтнамасын тарқаттық. Сонда «бул әнжуманға барсақ па екен, бармасақ па екен» деп еки ойлы болып турған тәжик достына бир қырғыз художниктиң айтқан гәпи мениң ядымда қалды:

—Әй, жигитлер,—деди ол, —Москваға күнине нешше тәжик, нешше қазақ, нешше түркмен, нешше өзбек, нешше қырғыз келеди, қайсы бириңизди олар «туўысқаным» деп излеп, усы жерге — Сенежге келип мирәт етип еди, мен мына ақ көкирек қарақалпақларға қайыл қалдым, көргизбеге хәммемиз барыўымыз керек, — деп ол Жоллыбайды қушақлады.

Жоллыбай оғада сөзге шешен, хәзир жуўап, тапқыр жигит еди: «Аўа, аўа...Алатаўдан ақ қалпағың көринсе, Қаратаўдан қара қалпақ былғайман» деп Ибрайым Юсуповтың қосық қатарларын салдырып жиберди ол. Буннан кейин қырғыз художниклер әбден бизлерди өзлериниң хаиаласларындай көрип қалды.

Жигитлер ўәдесине опалы екен, ертеңине Москва ишиндеги «Қытай қала»да ашылған Қарақалпақстан художниклериниң көргизбесине олар толығы менен келди. Қарақалпақстанға мийнети сиңген көркем өнер ғайраткери Николай Корнилов кәўендерлик қылған бул көргизбеге «Новый мир» журналының жуўаплы хаткери, бизиң республикамызда бирнешше мәртебе сапарда болған, Арал апаты хаққында мақалалар жазған жазыўшы Ю.Резниченко қатнасты, Орайлық телевидениениң «Жаңалықлар» көрсетиўинен бул хаққында алты мәртебе сүўретли хабар берилди.

...Оннан берли де арадан жыллар өтти. 2007-жылы гүзде Жоллыбай мени Өзбекстан көркемлик академиясы Қарақалпақстан бөлиминиң органы болған «Сәният» журналының Бас редакторы лаўазымына жумысқа шақырды. Художниклерге бурынғыдай буйыртпалар жоқ, көркем өнер устаханасы өз хызметлерин жөнге қоя алмай атырған пайытлар, журналға жазылыўдың жағдайы оғада төмен еди. Усының нәтийжесинде кәрежеттен тарығып, көп машақатларды бастан кеширдик. Бир күни Жоллыбай тосаттан маған:

—Әлеке, сени еки этажлы жайын сатып, гөне қалаға көшип кетипти, деп еситтим, сол ырас па, оның пулларын не қылып атырсаң, машын сатып алмақшысаң ба,—деди ақ көкирeклик пенен.

—Яқ, ол пуллар машина сатып алыўға жетпейди ғой, сениң журналыңды шығарыўға жетсе де болар,—дедим мен оның менен дәлкеклесип.

—Яқ, Әлеке, ол тек мениң емес, хәммемиздиң, пүткил қарақалпақ зиялыларының, көркем өнер ықласбентлериниң журналы, енди ол Қарақалпақстан Республикасы мәдeнийат хәм спорт ислери министрлигиниң де органы болды, дөретиўши инсанлар буның әхмийетин дурыс түсинеди, барлығы жақсы болып кетеди еле, — деди.

Оның нийети дүзиў, гәплери инсаный, ҳақыйқатлық хәм пәклик сезимлерге толы еди.

—Аўа, аўа,—деп мақулладым мен.

...2009-жылдың 21-марты күни қарақалпақ көркем өнери үлкен аўыр жоғалтыўға ушырады, күн-түнге айланып, өзи менен бирге ел-халқымыздың азамат, сүйикли перзенти, талантлы академик-художник Жоллыбай Тәңирберген улы Изентаевты алып кетти.

Оны соңғы сапарға пүткил ел болып шығарып салдық, хошласыў-матам мәресимине республикамыз басшылары, Ташкенттен, Хорезмнен кәсиплеслеслери келди...

Мен оны ең жақын достым, кәдирданым, сырласым, өмир жолларының соқпағынан-гүзарына шекем билемен десем де, көп нәрселерин билмейди екенмен. Оның күнделик жазып, келешек әўладлар ушын үлги боларлықтай эссе китабын баспаға таярлап жүргенинен бийхабар едим, бул ҳаққында зайыбы — Генжегүлден хәм перзентлеринен еситтим.

—Әкем бир әрманына ерисе алмай кетти, эссе китабының басылып шыққанын көриў оған несип етпеди, усыған бир басшылық етип, кемис қутыған толықтырыўға жәрдем етсеңиз, аға,—деп жақында Жоллыбайдың ул перзенти Барлықбай мени жумысыма излеп келди.

—Мақул,—дедим дәрҳал мен оған.



Бул мениң ушын парыз хәм қарыз еди. Мине енди биз қәдирданымыздан естелик болып қалған қол жазбаларды, ол ҳаққындағы заманласларының пикир-ойларын топлап, «Қарақалпақстан» баспасы арқалы сизлердиң нәзериңизге усыныўды мақул көрдик. Есап сансыз картиналар сыяқлы, бул да жақсыдан қалған бийбаха мийрас ғой, ақыры!

...Енди Жоллыбайға «тийе берсиннен» басқа хештеңе керек емес. Иләйым оның жаны жәннеттен жай алып, топырағы торқа, руўхлары шад болғай!

## 23. ИБРАЙЫМ ШАЙЫРДЫҢ ҚОҢСЫЛЫҚ ХАТЫ

*Эссе*

Оң-шебимди аңлап, әдебиятқа қызыққалы берли Ибрайым ағаға жақынласыўды, руўхый дүньясынан нәр алып, оның менен сәўбетлесиўди әрман етип жүретуғын едим. Қудай шебер ме, қурқылтай шебер ме, 1990-жыллардың басында сол уллы шайыр жасайтуғын көшеден жай сатып алып, Ибрайым ағаны бурынғыдай тек жыйналыс, жазыўшылар аўқамының әнжуманларында ғана емес, көшемизде өткерилетуғын той-мерекелерде де жийи-жийи көретуғын болып қалдым. Сондайда ол маған кеўлин, руўхый жақынлығын билдирип, шақырып, қасына алып отырады, мениң менен әңгимелескенди жақсы көрер еди.

Бир күни мынандай бир ўақыя болды. Сабақтан жаңа келип, жуўынып-шайынып атырсам, (бул мениң «Қарақалпақфильм» киностудиясының редакторлық жумысынан Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтына оқытыўшы болып өткен гезлерим еди), сыртқы есикти биреў келип қақты, қарасам көшемиздеги бир жасы киши екен, қолындағы конвертти маған услатты. Бул не десем, «Ибрайым аға берип жиберди», деди. Дәрҳал ашып оқыдым:

*«Ҳүрметли қоңсыларым Алпысбай хәм Базаргүл!*

*Ертең, 19. 05 кеште ўақыт таўып бизиң үйге келиңлер: жеңгеңизди жас шығар деп жүрсем, 50 ге шығып атыр... Үлкен отырыспа қылмаймыз, сизлерден басқа бес-алты яр-дослар менен өзли-өзимиз сәўбетлесип отырамыз. (Сизден бөтен қоңсыларға да айтып, жалайырға жар салғанымыз жоқ. Егер Базаргүлди илхам қысып, бизлердей музыкасыз айтыў қыйын болса, бир музыкант әкелсеңиз жүдә зор болады-аў деп ойлайман).*

*Ҳүрмет пенен, ағаңыз Иб.Юсупов. 18.05.2000.*

*P.S. Анаў ойыншы қызымыз да қолыңызға иликсе, келе берсин.*

*Отырыспамыз желпинип, және де кеўилли болады»* деп жазылған екен арба жол дәптердиң бир бетине түсирилген хатта.

Уллы шайырдың үйине, женгемиздиң туўылған күни мүнәсибетине мийман болып барыў аңсат па, қәпелимде апыр-топыр болып албырап қалдық. Ағамызға, женгемизге деген саўғамызды, гүллдәстемизди алып, музыкантымыз «Ямаха»шы — Зулфиқар менен Қарақалпақстанға мийнети сиңген артист, шебер ойыншы, Мукаррама Тургунбаеваға бағышланған конкурстың жеңимпазы Нигара Назарованы ертип (ҳәзир ол Ташкенте ислейди) Ибрайым ағаның үйине бардық. Бизлердиң төбемизди көрип шайыр ағамыз да, жеңгемиз де қуўанып қалды. Мийманлар әлле қашан жыйналып отырған екен. Жазыўшы апамыз Гүлайша Есемуратова, Қарақалпақстан халық муғаллими Әбдиқәдир Ниязов ҳәм оның зайыбы Пердехан Садықова, белгили педагоглар Әбдикерим Тилеўбергенов ҳәм оның зайыбы Тилеўбийке Әдихалықовалар менен сәлемлесип бизлер де дәстурханды дөгерекледик.

—Тамадалық ўазыйпаны қолыңа ал, Алпысбай,—деди сонда Ибрайым аға.

Отырыспа қызып кетти. Бири-биринен мазмунлы, әжайып тостлар айтылды. Мен жыйналған жәмәәтке қарата: «Шайыр ағамыз «Әзийзим Гүлсараға» деген қосығында:

Аралбайдан сайлап алған арыўым,
Бойыңда гөззаллық, күш ҳәм қарыўың,
Сен гүлим бол, мен бүлбилиң болайын,
Узақ жыллар йош бергейсең иләйым» деген қатарларын бүгин юбилей жасын белгилип отырған кишемизге арнаған дегенимде, жеңгемиз: «тек ол емес, қәйним, ағаң «Гүллер аңламас» деген қосығын да маған арнаған» деп қуўаныштан жүзлери гүл-гүл дөнип кетти ҳәм «сол қосықты келин айтып берсин», деп өтиниш етти.

Шайырдың йошлы философиялық қосық қатарларына мүнәсип, композитор да шырайлы ырғақларды тапқанына қара! Өзбекстан Республикасына хызмет көрсеткен, Қарақалпақстан халық артисти Базаргүл Каримованың атқарыўында ол айрықша жаңлап, қулақлардың қурышын әбден қандырды. Кейин темеки шегетуғынлардың өтинишине бола отырыспаға азы-кем ўақыт тәнепис жәрияладық. Сонда Ибрайым аға маған: «Алпысбай, иним, еки кесе, закускиси менен бир коньякты алып шық, бизиң кабинетке барамыз» деди.

Бизлер отырыспа болып атырған залды таслап, шайырдың бөлмесине кирип кеттик. Ол жерде көбирек әдебият ҳаққында сөз болды. Солардың ишинен Ибрайым ағаның маған айтқан мына сөзлерин ҳасла умытпайман:



«Алпысбай қошшым, маған сениң новеллаларың оғыры унайды, жаслар сыйлығына усынылған дәўиринде топламыңнан сениң «Шобытшының қызы» атлы шығарманды оқып қалдым. Сонда биз бастан кеширип атырған шым-шытырық турмыстан тема таңлап алыў қәбилетиңе ҳайран болғанман. Аўыл аралап, шобыт жыйнайтуғын бундай адамды ҳәмме көрди, лекин ҳешбир жазыўшы ол ҳаққында сен сыяқлы шығарма жазған емес. Билемен, орыс тили факультетинде оқығанлықтан шет ел әдебияты, әсиресе, батыс жазыўшыларының шығармалары менен жақсы таныссаң, классикалық үлгидеги новеллаларды көп оқығансаң, қарақалпақ әдебиятында усы жанрды даўам ет», — деп маған мәсләҳәт берген еди ол.

Ибрайым аға менен аўлақта сөйлесип отырып, бир шийше коньякты түўесип таслаппыз. «Ҳәў, мына жазыўшылар бизлерди умытып кетти ғой» деп жеңгей шақырғаннан кейин залға өтип, отырыспаны даўам еттик...

Мине оннан берли де арадан тоғыз жыл өтти. Сум әжел арамыздан қарақалпақ әдебиятының байтереклериниң бири болған Ибрайым шайырды алып кетти. Лекин оның даналыққа толы поэзиясы, тереңинсан философиясы менен суўғарылған шығармалары бизиң руўхый дүньямызда мәңги қалды. Халқымыз 80 жыллығын жоқары көтериңкиликте белгилеп атырған шайырдың өлмеслиги де сонда болса керек.

## 24. ДӨРЕТИЎШИЛЕРГЕ ИТИБАРДЫҢ АЙҚЫН МЫСАЛЫ

*(Өзбекстан Республикасы Президенти Ислам Каримовтың Жазыўшылар аўқамы хызметиниң нәтийжелилигин арттырыўы ҳаққындағы пикир-усынысларынан кейинги ойлар)*

Усы жылдың 24-июнында Президент Ислам Каримов Өзбекстан Жазыўшылар аўқамы баслығы Б.Алимовты қабыл етип, Аўқам хызметиниң нәтийжелигин асырыў, миллий әдебиятымызды раўажландырыў бойынша, әдебий жәмийетшилик алдында турған әҳмийетли ўазыйпалар ҳаққында сәўбетлесип, усы мәселелер бойынша ҳәр тәреплеме пикир билдирген еди. Бул журт басымыздың дөретиўши инсанларға үзликсиз көрсетип киятырған жоқары дыққат-итибарының тағы бир айқын мысалы болды.

Дурыс, бүгинги оғада қурамалы дәўирде сөз зергерлери болған шайыр ҳәм жазыўшылардың инсаниятты жақсылыққа, инсапдиянатқа, меҳир-муҳаббатқа шақыратуғын жалынлы сөзлери оғада әҳмийетли. Буны жақсы түсинип, ҳәзирги заман ортаға қойып атыр-

ған кескин хәм әхмийетли машқалаларды аңлап, дәўиримиздиң руўхый жылнамасын жаратыўға дөретиўшилеримиз таяр ма?

Бул бүгинги күнниң ең баслы мәселелериниң бири. Соның ушын да И.А.Каримов: «жазыўшы, «хей, адамзат, көзиңди аш, сен не ушын жасап атырсаң, инсан деген жоқары атаққа ылайық болыў ушын не исле́диң?» деген сораўларды оқырман алдында, жәмийет алдында орынлы қоя алса ғана, ойлайман, өзиниң инсаный хәм дөретиўшилик миннетин атқарған болады, деген еди.

Әдебият хәм көркем өнердиң пидайылары болған-жазыўшы-шайырлар, художниклер менен композиторлар, архитекторлар хәм сахна шеберлери ҳақыйқый дөретиўши инсанлар. Соңлықтан олар өзлери ағза болған дөретиўшилик шөлкеминиң Өзбекстан Республикасының сиясий-жәмийетлик турмысындағы орны хәм әхмийетин хәр тәреплеме дурыс түсиниўи лазым.

Бул бизиң хәр биримизден үлкен жуўапкершиликти, әтирапымыздағы ўақыяларға итибарлы болыўды талап етеди. Бүгинги базар қатнасықларының қыйыншылықларына қарамай, биз ғалаба хабар қуралларында, баспа сөз бетлеринде өз дөретпелеримизди жәриялап, китап түринде оқыўшыларға инам етип атырмыз. Булар олардың руўхый дүньясына, кәлбине жетип атыр ма? Жаслар қалтасындағы азы-кем пулларын соған жумсай ма? Китаплар текшелерде сарғайып жатып, ақыр соңында пирожки-сомса, шимишки-насыбай орайтуғын қағазларға, макулатураға айланып кетип атырған жоқ па?

Булай деўимниң себеби илгериде бир китап дуканына барып мен таң қаларлық ўақыяның гүўасы болдым. Китап дуканға кирип келген еки хаял сатыўшыдан сарғыш, газета қағазында шыққан ески китапларды ап-арзан бахада сатып ала басласы. Сонда мен олардан қызықсынып сорадым:

—Бул китапларды оқыйсызлар ма?

—Яқ,—деп жуўап берди екеўи берден.

—Сонда не қыласыз?

—Мен қарыйдарға сомса-пирожкилерди орап беремен,—деди бириншиси.

—Мен шимишки, насыбай сатыўда ыдыс сыпатында пайдаланаман буннан,—деди екиншиси.

Бул жағдай кимди болса да тынышсызландыратуғын, оғада ашынарлық аўхал еди. Бурынырақта шыққан китапларын милиция хызметкерлерине тарқатқан бир достымның, соңында дөретиўшилик миннетиниң жемиси болған шығармаларының ҳәжетханада жатырғаның көрип ынжылғанының гүўасы болғанман. Ырасында да бул өзин зыялыман деп есаплайтуғын хәрбир инсанды ойландыратуғын



жағдай емес пе? Дурысын айтатуғын болсақ, жаслар бүгин китаплар түўе, газета-журналларды кемде-кем оқыйды, олар хабар хәм мағлыўматларды тийкарынан Интернет арқалы алып, дүньяны телевидение, компьютер арқалы танып атыр.

Ата-анасы, оқытыўшылар мың мәртебе талап ете берсин, бүгинги жаслар классикаға айланған романларды оқыйды деп айта алмаймыз. Мен Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтының оқытыўшысы сыпатында қарақалпақ, өзбек, қазақ, орыс топарларында лекция оқыйман. Сонда қызықсынып сорастырсам, студентлер тек өз миллетине тийисли шайыр жазыўшыларды емин-жорық биледи де, әдептен бирге жасап, қаны-қарысып кеткен туўысқан халықлар әдебиятының ўәкиллерин де дурыслы билмейди. Бул бүгинги әўладтың руўхый шеңбериниң шекленип, китаптан алыслап баратырғанының ақыбети, әлбетте.

Демек сондай екен, бүгинги күни мен де, көпшилик қатары, дәўир менен тең қәдем таслап, жаслар таңлаған усы тәсиршең заманагөй хабар қураллары арқалы әдебиятымыздың кең насиятлаўдың тәрепдарыман, Интернет имканиятларынан пайдаланып, жетик әдебий шығармаларды оқыўшы қәўимге жеткизиў үстинде хәмменин теңдей бас қатырыўлары зәрүр шығар, деп ойлайман. Илгериде, жазған китапларымды баспадан китап етип шығарыўға пул таба алмай қыйналғанымда, бул тәшўишлерди ысырып таслап, шығармаларымды Интернетке киргизип қоя қойыйын, керек адам соннан алып оқыйды ғой, деп ойланып көргенмен. Бирақ бул нийетимди иске асыра алмадым. Себеби Әжинияз бенен Бердағы, Ибрайым Юсупов пенен Төлепберген Қайыпбергеновы жоқ Интернетте қарақалпақ әдебиятының ўәкили болып турыўға хұжданым да, намысым да шыдамады.

«Мениң пикиримше, жазыўшылық — бул әпиўайы кәсип емес, Қудай берген талант. Бул — азап-ақырет, пешанаға жазылған тәғдир. Бул кәсипке хешбир жерде оқытып, үйретип болмайды. Жазыўшылықтың мектеби де, университети де жалғыз. Ол да болса, өмир бойы турмыстың ишинде болыў, өз халқы менен дәртлес, бир дем болып жасаў, ҳақыйқат хәм әдалатқа садық хызмет етиў»,—дейди Президент И.А.Каримов.

«Жазыўшы деген не», деген сораўға буннан артық жуўапты излеп таба алмаса керек адам. Соның ушын да ол қәдирлениўи, кәстерлениўи лазым, оған ғалаба хабар қуралларында кең жол ашып берилиўи керек.

Көпшилик жағдайларда бизде олай болып атырған жоқ. Бизлер баспа сөзде ислеген дәўирлерде соныңдай бир тәртип бар еди: газетада басылатуғын материаллардың 40 пайызы ишки автор, 60

пайызы сыртқы автор шығармаларынан ибарат болар еди. Хәзир ол жоқ, «казаншының ерки бар, қайдан қулақ шығарса», деп ғалаба хабар қуралларында ислеўшилер өзлерин халыққа көрсетиў менен әўере. Өзлериниң мақаласы, өзлериниң қосықлары, түр-түси экранға келиссин-келиспесин, дикторлар орнына — өзлери баслаўшы.

Менинше, баспалар да, театр, телевидение хәм радио, киностудиялар да жазыўшы хәм шайырлар дөретиўшилигин жәмийетшиликке, оқыўшы хәм тамашагөйлерге жеткизиўден жалықпай, олар менен ислесиўде, оларға және де ғамқоршы, жаңа шығармаларын халыққа танытыўда жәрдемши болыўлары тийис.

Биз — қарақалпақлар өзи оғада сыншыл халықпыз. Биреўге баха берер болсақ алдымызға адам салмаймыз. Сонлықтан бул халықтың әдебиятында өлмесең — классик бола алмайсаң. Биз Мәтен Сейтниязовты да, Төлепберген Мәтмуратовты да, Кеңесбай Рахмановты да, Әскербай Әжиниязовты да, Шаўдырбай Сейтовты да, Камал Мәмбетовты да өлгеннен кейин ғана талантлы шайыр-жазыўшылар деп танып, тəн алғанбыз.

«Ашығын айтқанда бир жазыўшыға — жоқары, басқасына болса-пәсирек баха бериўде төреши болатуғын адам да, анық өлшем де жоқ. Айтайық, заводта ислеп шығарылатуғын буйым — саат яки машинаның сыпатына баха бериў мүмкин, лекин дөретиўшиликтиң жемисине усындай баха берип болады ма? Егер бул мәселениң шын мәнисине туўры жетип барылмаса, жалт еткен жас талант ийесине мүнәсип баха берилмесе, оны дөретиўшилик истен суўытып, қәбилетин сөндирип қойыў хеш гәп емес. Бул болса, гәўхардың қәдирине жетпестен, оны топыраққа көмип қойыў менен барабар, десек асыра айтқан болмайды»,—деген еди И.А.Каримов.

Оның бул сөзлеринен, әдебий процесске, шайыр хәм жазыўшылар хызметине баха бериўде оғада нәзиклик хәм итибар менен жантасыў керек, деген жуўмақ шығады.

Президент өз сөзинде, Ижод (дөретиўшилик) фондын дүзиў хәм оның хызметин жолға қойыў, бул машқалаларды шешиўге имканият туўдырыў хаққында айтады, дөретиўшилик хызмет ушын қәлем ақы төлеў мүмкиншилигин қайта көрип шығыў керек, дейди. Бул оғада дурыс шешим. «Зер бахасын зергер билер» деген усы дә!

Жасыратуғыны жоқ, бурынлары Нөкисте жеке меншикте «Волга» машинасы бар адам болса, «ол жазыўшы шығар» дейтуғын еди. Хәзир бул теңеўлер ескерди. Енди жөнелисли таксиге де, қудайдың қутлы күни пул төлеўге қәрежет таба алмай, жаяў баратырған, ески кийимдеги адамды «жазыўшы шығар» дейди.



Илгериде Аўқамқа ағза жазыўшыларға республикалық екинши санлы поликлиника, емлеўхана хызмет ететуғын еди, хәзир атағың болмаса, ол жер сени қасына да жақынлатпайды. Көрдиңиз бе, атағы жоқ адам жазыўшы деп есапланбай қалды. Соның ушын шығар, айырым адамлар атақ алыў ушын жоқары кеңселердиң жолын ақ соқпақ етип жуўырып жүреди.

Усы жерде айта кететуғын тағы бир мәселе: хәзир жазыўшы менен журналисттиң парқы болмай қалғанға мегзейди. Газетаға мақала жазып жүрген адамлардың бәри жазыўшы атанып кетти. Шынында әдебияттың жанрлары журналистиканикинен өзгеше ғой. Бунын себебин мен бизде әдебий журнал бетлеринен очерк хәм публицистиканың орын ала алмай атырғанынан көремен.

Илгериде Өсербай Хожаниязов, Қалый Жуманиязов, Сапарбай Салиевлардың шығармалары «Әмиўдәрья» журналының бетлеринде жийи-жийи шығып туратуғын еди. Ол ақсақаллар бул жанрдың пири еди ғой! Олар аўыл адамларының дәрти, ғамы менен жасап, Үстирт кеңислигин, жазийрама жайлаўларды аралап, халықтың терең қатламына кирип барып, жаңа темаларды турмыстан, онда болып атырған өзгерислерден алатуғын еди. Әдебиятқа енди қәдем қойып атырған жаслар бул дәстүрди даўам еттириўлери керек. Турмысқа терезе артынан қарап жазып, өмир хақыйқатлығын сәўлелендириў қыйын болады, әлбетте.

Бизде әжайып бир дәстүр даўам етип киятыр, дүнья әдебиятының ең жақсы үлгилери аўдарылып, «Әмиўдәрья» журналы бетлеринде оқыўшыға инам етилип келмекте. Буған мысал ретинде усы жыллдың өзинде Шекспирдиң «Ромео-Джульетта» трагедиясының, Шыңғыс Айтматовтың «Кассандра таңбасы» романының қарақалпақ тилине аўдарылғанын атап өтиўге болады. Лекин бир ашынарлық жери дүнья әдебиятының усындай дүрданалары өз алдына китап болып баспаханалардан шықпай атыр. Булар инсанијат ушын руўхый азық болатуғын шығармалар ғой, ақыры.

Булардың барлығы биз-дөретиўшилер алдында турған машқалалар, шешилиўи тийис ўазыйпаларымыз. Мине усындай үлкен, жуўапкершиликли ўазыйпаларды әмелге асырыўда бизлердиң хәрбиримиз заман талапларына сай хызмет етип, жас әўлад тәрбиясына ылайық, өлмес шығармалар дөретип, руўхый өмирде пидайылықтың әжайып үлгилерин көрсетиўимиз тийис.

## ЖУЎМАҚ

Көркем сөз ийелериниң арғымақ аттай атлығып аренаға шығыўы өзинше бир қайталанбас қубылыс, бул шайырлар менен жазыўшылардың философиялық ой-пикирлериниң өткирлиги, оның индивидуаллығы, өзгелерге усамайтуғын дөретиўшилик өзгешеликлери нәтийжесинде жүзеге келеди. Сонлықтан да уллы грек философы Платон: мен әдебият ҳәм философияны бири-бири менен тиккелей байланыслы деп есаплайман. Поэзия — бул философия, инсан философиясы, адам кеўил сезимлериниң сәўлелениўи. Ал ҳақыйқат философия болса, өткинши бендениң мәңгиликке қарай талпыныўы, деген еди.

Дөретиўши инсанлардың дүньялық цивилизациядағы орны ҳәм әдебий хызметлери тек ғана өз халқына емес, ал басқа да миллетлердиң әдебий ой-пикирине жедел тәсир ететуғынлығын турмыс айқын көрсетип келмекте. Жәмийетте бул тақылеттеги раўажланыў адамзаттың көркем дүньятанығын, ой-өрисин, талғамын кеңейтип, оның әдебий-эстетикалық ашылыўларына тийкар жаратады.

Усы көзқарастан, ғәрезсизликтиң еркин самалынан терең нәпес алып, заман руўхын сезинип, дәўир менен тең қәдем таслап киятырған қарақалпақ шайыр-жазыўшыларының дөреткен шығармаларының заманагөйлиги, бизинше оның көркемлигинде, қаҳарман образының исенимли сүўретлениўинде, сюжетлердиң қайталанбаслығында, тәнхә ҳәрбир автордың өзине тийислилигинде, гейде бурын басқа авторлар тәрепинен көтерилген тема таңлап алынса да, өзинше, кисиникине ұқсаса усамайтуғын шешим таўып кетиўинде.

Уллы сөз зергерлериниң бири Шолпан айтқандай, «әдебият жасаса-миллет жасайды».

Демек, солай екен, бул процессти жаңа жәмийетлик-сиясий турмыс талабы, ғәрезсизлик идеологиясы мақсетлери тийкарында қайта тиклеў, бүгинги күнниң ең әҳмийетли ўазыйпаларының бири. Бул жағдай бизге қарақалпақ поэзиясы менен прозасының жәҳән көркем әдебиятының өлшеминде қандай дәрежелерге көтерилгенин анықлап айтыўға мүмкиншиликлер ашып береди, бизге руўхый азық хызметин атқарып, өзлигимизди билиўдиң ҳасыл дереги болып есапланады. Соның менен бир қатар бул жағдай басқа да объектив факторлар менен бирге бизиң миллий көркем әдебиятымыздың жаңадан-жаңа әдебий-эстетикалық, поэтикалық шеклерге қарай көтерилип баратырғанын көрсетеди.

Жуўмақлап айтқанда, қарақалпақ көркем өнериниң, әдебиятының ең жақсы шығармалары халқымыздың руўхый дүньясының алға илгерлеп, пүткил дүньялық цивилизацияға үлес болып қосылып атырғанынан дерек береди.



## МАЗМУНЫ

Кирисиў....3
1. Дөретиўшилик философиясы ҳаққында бирер сөз....5
2. Муҳаббат философиясы....8
3. Зийўарды зары-гирян еткен муҳаббат....14
4. Қарақалпақ поэзиясында философиялық ой-пикир....19
5. «Көздиң қарашығы» романындағы философиялық ой-пикирлер....23
6. Узақбай Пиржановтың пикирлеў дүньясы....27
7. Қарақалпақ поэзиясында миллийлик мәселелериниң сәўлелениўи....30
8. Шыңғыс Айтматов Бердақ ҳаққында....35
9. И. Юсупов шығармаларына философиялық талқы....38
10. Шайыр Сағындық Ниетуллаевтың дөретиўшилиги....43
11. Зардушт тәлийматының тәсирлери....65
12. Шыңғыс Айтматов ҳәм қарақалпақ киносы....73
13. Жолмурза аға ҳәм кино көркем өнери....76
14. Досбергенниң соңғы даўысы....80
15. Қарақалпақстанда реңли көрсетиўлер қалай басланды....86
16. Пайтахт газетасы қалай шықты....89
17. Қәдирданым Қәдир....92
18. Сахна Сәрбиназы....97
19. Руўхый мәртлик үлгиси....101
20. Ҳақыйқат ҳәм әдиллик жаршысы болайық....106
21. Әўладларға үлги өмир....112
22. Жоллыбай менен жүрген жыллар....115
23. Ибрайым шайырдың қоңсылық хаты....119
24. Дөретиўшилерге итибардың айқын мысалы....121
Жуўмақ....126

**Алпысбай СУЛТАНОВ**

# КӨРКЕМ ӘДЕБИЯТТА ФИЛОСОФИЯЛЫҚ ОЙ-ПИКИР

*(Әдебий-философиялық, илимий-методикалық, эссе-мемуарлық мақалалар)*

*Қарақалпақ тилинде*
*«Қарақалпақстан» баспасы*
*Нөкис—2009*

| | |
|---|---|
| Бас редакторы | *Жийенбай Избасқанов* |
| Редакторы | *Рашид Аббазов* |
| Художниги | *Азамат Жаримбетов* |

Териўге берилген ўақты 29.06.2009. Басыўға руқсат етилген ўақты 25.08.2009. Қағаз форматы 60 х $84^1/_{16}$. Офсет усылында басылды. Гарнитурасы—«Times». Көлеми 8,0 б/т, 7,44 шәртли б/т, 7,2 есап б/т. Жәми 1000 нусқада. Бахасы шәртнама бойынша. Буйыртпа № 362.

«Қарақалпақстан» баспасы: 742000,
Нөкис қаласы, Қарақалпақстан көшеси, 9

Ташкент қаласы, Х. Байқара 41.
«NISO POLIGRAF» Ш. К. баспаханасында басылды.